

**DAMEL *MEDIA* PASINAON *POP UP BOOK* NYAMPING WONTEN ING
UPACARA TINGKEBAN MAWI *PENDEKATAN SAINTIFIK* KANGGE
SISWA KELAS XII**

SKRIPSI

Kaaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Jejangkepaning Syarat Anggayuh

Gelar Sarjana Pendidikan



Dening:

Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa

NIM 16205244003

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Damel *Media Pasinaon Pop Up Book* Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban mawi *Pendekatan Saintifik* Kangge Kelas XII menika saged pikantuk palilah saking *pembimbing* supados dipunjikaken wonten ing pandadaran.



Yogyakarta, 10 Juni 2020

Pembimbing

Nurhidayati, S. Pd., M. Hum.

NIP. 19780610200 12 2002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Damel Media Pasinaon Pop Up Book* Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban mawi *Pendekatan Saintifik* Kangge Siswa Kelas XII menika sampun dipunandharaken wonten pendadaran ing sangajenipun *Dewan Penguji* rikala tanggal 19 Juni 2020 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Nurhidayati, S. Pd. M. Hum	Ketua Penguji		8 Juli 2020
Drs. Sukisno, M. Sn.	Sekretaris Penguji		29 Juni 2020
Prof. Dr. Suwarna, M. Pd.	Penguji Utama		26 Juni 2020

Yogyakarta, 09 Juli 2020

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta



Dr. Dra Sri Harti Widyastuti, M.Hum.

NIP 19621008 198803 2 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa**

NIM : 16205244003

Program Studi: Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

medharaken bilih *skripsi* menika damelan kula piyambak. Sapangretosan kula, wosing *skripsi* menika beda kaliyan *skripsi* ingkang sinerat dening tiyang sanes, kejawi bab tartamtu ingkang kula pundhut kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha *etika* panyeratnipun. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 10 Juni 2020

Panyerat



Maria Yosephine A. P. Y

SESANTI

“Harapan adalah jembatan yang menghubungkan satu doa dengan doa kita selanjutnya”

“Menjaulah dari orang-orang yang mencoba untuk mengecilkan ambisimu. Orang-orang kecil selalu melakukannya, tetapi orang-orang hebat membuat kamu juga merasa hebat.”


(Mark Twain)



PISUNGSUNG

Puji sukur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos, *skripsi* kanthi irah-irahan Damel *Media Pasinaon Pop Up Book* Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban mawi *Pendekatan Saintifik* Kangge Siswa Kelas XII SMA menika kula kapisungsungaken dhumateng:

Tiyang sepuh kula, Bapak Yosep Mulharsa saha Ibu Katarina Yuliyati ingkang sampun paring donga pangestunipun, panyengkuyung, *motivasi*, pambiyantu, saha raos katresnan ingkang boten winates satemah *skripsi* menika saged paripurna.



PRAWANCANA

Raos puji sukur konjuk dhumateng Gusti Allah Ingkang Maha Kuwaos ingkang sampun paring rahmat saha berkat dhateng panyerat, satemah panyerat saged mujudaken *skripsi* menika kanthi lancar saha perkawis ingkang dados reribeting saged kalampahan.

Panyerating *skripsi* menika saged kaserat kanthi pambiyantu saking Ibu Nurhidayati, S. Pd, M. Hum., minangka *Dosen Pembimbing* ingkang tansah sabar saha permati paring *bimbingan* tumrap panyerat.

Skripsi menika saged rampung anggenipun nyerat awit dipunsengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat badhe ngaturaken agunging panuwun dhateng pihak-pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd., minangka rektor Universitas Negeri Yogyakarta saha minangka *Pembimbing Akademik*,
2. Ibu Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum., minangka *Dekan* Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta,
3. Bapak Dr. Afendy Widayat, M. Phil., minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
4. Ibu Dra. Hesti Mulyani, M. Hum., minangka *Dosen Penasihan Akademik*,
5. Bapak Prof. Dr. Suwarna minangka *dosen ahlimateri* saha *dosen ahli media* wonten paneliten menika ingkang sampun paring pamrayogi,
6. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha *staff administrasi* jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
7. Ibu Dwi Putri Praptiningsih, S. S., minangka guru basa Jawi SMA N 1 Banguntapan ingkang sampun kersa paring pamrayogi tumrap *media pasinaon*,
8. *Dewan penguji* sadangunipun Ujian *Tugas Akhir Skripsi* ingkang sampun paring pitedah dhateng panyerat kangge damel *skripsi* saha ujian saged katampi,

9. Bapak Taufiq Hasan, A. Md., minangka *Admin Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah* ingkang sampun paring pambiyantu babagan sedaya *administrasi*,
10. Bapak Supono, S. Sos., minangka *Staff Pelayanan Terpadu* ingkang sampun paring pambiyantu babagan sedaya *administrasi*,
11. Bapak saha Ibu ingkang kula tresnani ingkang sampun paring donga saha panyengkuyung dhateng kula,
12. Ibu Mari Condronegoro minangka *narasumber* saking panaliten skripsi menika,
13. Kangmas Alvinza Steven saha Ibu Mayang Masradminangka *editor* ingkang sampun pambiyantu ndamel *media* pasinaon,
14. Kanca-kanca Paguyuban Candra Yuwana Pendidikan Bahasa Daerah Kelas C 2016 saha sedaya kanca-kanca Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2016 ingkang sampun paring panyengkuyung saha panjurung,
15. Kanca-kanca *OMK(Orang Muda Katholik)* Santo Petrus Karang ingkang sampun paring *motivasi*, donga saha panjurung.
16. kanca-kanca PLP SMA N 1 Banguntapan 2019 saha KKN G284 UNY 2019 ingkang sampun paring panjurung, saha sedaya pihak ingkang sampun paring donga saha panjurung panyerat satemah *skripsi* menika saged paripurna

Temtu kemawon *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep menapa malih sampurna. Pramila saking menika, sedaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bungahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asoring manah panyerat gadhah pangajab mugi-mugi *skripsi* menika saged murakabi tumrap pamos saha panyerat

Yogyakarta, 10 Juni 2020

Panyerat

Maria Yosephine A. P. Y

WOSING ISI

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA.....	vii
WOSING ISI.....	ix
PRATELAN <i>TABEL</i>	xii
PRATELAN <i>GAMBAR</i>	xiv
PRATELAN <i>BAGAN</i>	xvii
PRATELAN <i>LAMPIRAN</i>	xviii
SARINING PANALITEN	xix
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis.....	5
E. Ancasing Panaliten.....	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangretosan Tembung Irah-irahan	7
BAB II GEGARAN <i>TEORI</i>.....	9
A. Andharan <i>Teori</i>	9
1. <i>Media Pasinaon</i>	9
2. <i>Pop Up Book</i>	14
3. Upacara Tingkeban	18
4. Lampahing Adicara Nyampingan	22


5. Makna <i>Motif</i> Nyamping	24
6. <i>Pendekatan Saintifik</i>	37
B. Panaliten Ingkang Jumbuh	40
C. Nalaring Pikir	41
BAB III METODE PANALITEN	44
A. Jinising Panaliten	44
B. Tata Lampahing Damel <i>Media</i>	45
1. <i>Studi Awal Peneltian</i>	45
2. <i>Desain</i>	46
3. <i>Pengembangan</i>	46
4. <i>Validasi</i>	47
C. Pambiji <i>Produk</i>	48
1. <i>Desain Pambiji</i>	48
2. <i>Jinising Data</i>	49
D. Pandom Pambijining <i>Kualitas Media</i> Pasinaon	50
1. Pandom Pambiji <i>Kualitas Materi</i> dening <i>Dosen Ahli</i>	50
2. Pandom Pambiji <i>Kualitas Media</i> dening <i>Dosen Ahli</i>	52
3. Pambijining <i>Kualitas Media</i> dening Guru Basa Jawi	54
E. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	56
F. Piranti Ngempalaken <i>Data</i>	56
1. Piranti <i>Validasi Kualitas Materi</i> dening <i>Dosen Ahli</i>	56
2. Piranti <i>Validasi Kualitas Media</i> dening <i>Dosen Ahli</i>	57
3. Piranti Pambijining <i>Media</i> dening Guru Basa Jawi	57
G. Caranipun <i>Analisis Data</i>	58
1. Ngewahi Biji <i>Kategori dados Skor</i> Pambiji	58
2. Caranipun <i>Analisis Skor</i>	59
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	60
A. Asiling Panaliten	60
1. <i>Tataran Damel Media</i> Pasinaon	60

a. <i>Studi Awal Panaliten</i>	60
b. <i>Desain</i>	62
c. <i>Pengembangan</i>	62
d. <i>Validasi</i>	63
2. <i>Kualitas Media Pasinaon</i>	64
a. <i>Validasi Materi</i>	65
b. <i>Validasi Media</i>	67
c. <i>Pamanggih Guru Basa Jawi</i>	69
B. <i>Pirembagan</i>	72
1. <i>Caranipun Damel Media Pasinaon</i>	72
a. <i>Studi Awal Penelitian</i>	72
b. <i>Desain</i>	74
c. <i>Pengembangan</i>	75
d. <i>Validasi</i>	85
2. <i>Evaluasi Kualitas Media Pasinaon</i>	86
a. <i>Pamrayogi Dosen Pembimbing</i>	87
b. <i>Pambiji Kualitas Materidening Dosen Ahli</i>	93
c. <i>Pambiji Kualitas Mediadening Dosen Ahli</i>	97
d. <i>Pamanggih dening Guru Basa Jawi</i>	103
3. <i>Asiling Pambiji saha Tampilan Pungkasan Media</i>	107
a. <i>Asiling Pambiji Pungkasan</i>	107
b. <i>Asiling Tampilan Pungkasan</i>	110
BAB V PANUTUP	113
A. <i>Dudutan</i>	113
B. <i>Pamrayogi</i>	115
KAPUSTAKAN	116
A. <i>Pustaka</i>	116
B. <i>Internet</i>	117
LAMPIRAN	119

PRATELAN TABEL

<i>Tabel 1: Data Kualitatif Angket Pambiji KualitasMedia Pasinaon</i>	49
<i>Tabel 2: Data Kuantitatif Angket Pambiji Kualitas Media Pasinaon</i>	50
<i>Tabel 3. Indikator Kualitas Anggenipun Paring Panjurung dhateng Siswa</i>	50
<i>Tabel 4. Indikator Materi-nipun Trep kaliyan Kompetensi Dasar</i>	50
<i>Tabel 5. Indikator Runtutipun Wedharan Materi</i>	50
<i>Tabel 6. Indikator Nggampilaken Siswa.....</i>	51
<i>Tabel 7. Indikator trep anggenipun Ngginakaken Basa.....</i>	51
<i>Tabel 8: Indikator trep anggenipun Ngandharaken Materi</i>	51
<i>Tabel 9. Indikator Sarana Pasinaon Kanthi Mandiri</i>	51
<i>Tabel 10. Indikator Efektifitas Teks</i>	52
<i>Tabel 11. Indikator trep Pamilihipun Gambar</i>	52
<i>Tabel 12. Indikator trep Pamilihipun Warni</i>	52
<i>Tabel 13. Indikator trep Pamilihipun Background</i>	52
<i>Tabel 14. Indikator trep kaliyan Paraganipun.....</i>	53
<i>Tabel 15. Indikator Keseimbangan</i>	53
<i>Tabel 16. Indikator Penekanan</i>	53
<i>Tabel 17. Indikator Kreativitas</i>	53
<i>Tabel 18. Indikator Tampilan Layout</i>	53
<i>Tabel 19. Indikator Jumbuhipun Materi kaliyan Kompetensi Dasar</i>	54
<i>Tabel 20. Indikator Jumbuhipun Media kaliyan Ancas Pasinaon</i>	54
<i>Tabel 21. Indikator Media saged Nuwuhaken MotivasiSiswa.....</i>	54
<i>Tabel 22. Indikator Cethanipun Andharan Materi.....</i>	54
<i>Tabel 23. Indikator Cetha Anggenipun Paring Gladhen.....</i>	55
<i>Tabel 24. Indikator Basa Gampil dipunmangertosi</i>	55
<i>Tabel 25. Indikator Gampil Ngginakaken Media</i>	55
<i>Tabel 26. Indikator Tampilan Layoutipun</i>	55
<i>Tabel 27. Indikator trep Tatanipun Warni</i>	56

<i>Tabel 28. Angket Pambijining Babagan Materi Media</i>	57
<i>Tabel 29. Angket Pambijining Babagan Layout Media</i>	57
<i>Tabel 30. Angket Pambijining Media dening Guru Basa Jawi</i>	57
<i>Tabel 31. Kriteria Biji Kategori Kualitas Media dhateng Skor Pambiji</i>	58
<i>Tabel 32. Kategori Pambiji Kualitas Media</i>	59
<i>Tabel 33. Asiling Validasi Materi</i>	65
<i>Tabel 34. Asiling Validasi Media</i>	67
<i>Tabel 35. Asiling Pamanggih Guru Basa Jawi</i>	70
<i>Tabel 36. Materisaderengipun saha sasampunipun pikantuk pamrayogi</i>	93
<i>Tabel 37. Asiling Pambiji Pungkasan Media Pasinaon</i>	108



PRATELAN GAMBAR

<i>Gambar 1. Bathik Sidoluhur</i>	23
<i>Gambar 2. Bathik Sidoasih</i>	25
<i>Gambar 3. Bathik Sidomukti</i>	26
<i>Gambar 4. Bathik Semen Rama.....</i>	28
<i>Gambar 5. Bathik Parangkusuma</i>	30
<i>Gambar 6. Bathik Udan Riris</i>	31
<i>Gambar 7. Bathik Sawat Manak</i>	32
<i>Gambar 8. Bathik Cakar Ayam</i>	33
<i>Gambar 9. Bathik Grompol</i>	34
<i>Gambar 10. Lurik Tambar Pecah</i>	35
<i>Gambar 11. Kemben Liwatan.....</i>	36
<i>Gambar 12. Stagen Bangun Tulak.....</i>	36
<i>Gambar 13. Kemben Dringin</i>	37
<i>Gambar 14. Grafik Asiling Pambiji Materi</i>	67
<i>Gambar 15. Grafik Mindhakupun Pambiji Materi</i>	67
<i>Gambar 16. Grafik Asiling Pambiji Media</i>	69
<i>Gambar 17. Grafik Mindhakupun Media</i>	69
<i>Gambar 18. Grafik Pamanggih Guru.....</i>	71
<i>Gambar 19. Grafik Mindhakupun Pamanggih Guru</i>	71
<i>Gambar 20. Lampahing Adicara Tingkeban</i>	78
<i>Gambar 21. Pitakenan wonten ing Tataran Menanya</i>	78
<i>Gambar 22. Panegrtosan Tingkeban.....</i>	79
<i>Gambar 23. Lampahing Adicara Tingkeban</i>	79
<i>Gambar 24. Lampahing Adicara Nyampingan.....</i>	80
<i>Gambar 25. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik</i>	80
<i>Gambar 26. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik</i>	81
<i>Gambar 27. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik</i>	81

<i>Gambar 28. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik</i>	82
<i>Gambar 29. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik</i>	82
<i>Gambar 30. Lurik</i>	83
<i>Gambar 31. Lampahing Adicara Tingkeban</i>	83
<i>Gambar 32. Njodoakaken Cakrik Bathik ingkang Leres.....</i>	84
<i>Gambar 33. Gladhen Soal.....</i>	84
<i>Gambar 34.Kunci Jawaban</i>	85
<i>Gambar 35.KD saha Indikator saderengipun pikantuk pamrayogi</i>	87
<i>Gambar 36.KD saha Indikatorsasampunipunpikantuk pamrayogi</i>	87
<i>Gambar 37.Mengamati saderengipun Pikantuk Pamrayogi</i>	88
<i>Gambar 38.Mengamati sasampunipun Pikantuk Pamrayogi</i>	88
<i>Gambar 39.Menanya saderengipun Pikantuk Pamrayogi</i>	89
<i>Gambar 40.Menanya saderengipun Pikantuk Pamrayogi</i>	89
<i>Gambar 41.Mengumpulkan Informasi saderengipun Pamrayogi</i>	90
<i>Gambar 42.Mengumpulkan Informasi sasampunipun Pamrayogi.....</i>	90
<i>Gambar 43. Adicara Nyampingan saderengipun Pikantuk Pamrayogi</i>	91
<i>Gambar 44. Adicara Nyampingan sasampunipun Pikantuk Pamrayogi.....</i>	91
<i>Gambar 45. Jinis Nyamping Bathik saderengipun Pikantuk Pamrayogi</i>	92
<i>Gambar 46.Jinis Nyamping Bathik sasampunipun PikantukPamrayogi</i>	92
<i>Gambar 47. Saderengipun dipunrevisi Objekipun boten Jumbuh</i>	98
<i>Gambar 48. Sasampunipun dipunrevisi Objekipunsampun Jumbuh</i>	99
<i>Gambar 49. Saderengipun dipunrevisi</i>	100
<i>Gambar 50. Sasampunipun dipunrevisi.....</i>	100
<i>Gambar 51. Saderengipun dipunrevisi</i>	101
<i>Gambar 52. Sasampunipundipunrevisi.....</i>	101
<i>Gambar 53. Saderengipun dipunrevisi tampilan profil kirang sae</i>	102
<i>Gambar 54. Sasampunipun dipunrevisi tampilan profil sampun sae</i>	102
<i>Gambar 55. Pamrayogi Dosen Ahli Tahap I.....</i>	103
<i>Gambar 56. Pamrayogi Dosen Ahli Tahap II</i>	103

<i>Gambar 57. Pamrayogi Saking Guru Basa Jawi Tahap I</i>	104
<i>Gambar 58. Pamrayogi Saking Guru Basa Jawi Tahap II</i>	104
<i>Gambar 59. Gambar Saderengipun Pikantuk</i>	105
<i>Gambar 60. Gambar Sasampunipun Pikantuk Pamrayogi</i>	106
<i>Gambar 61. Gambar Sasampunipun Pikantuk Pamrayogi</i>	107
<i>Gambar 62. Grafik Asiling Pambiji Pungkasan Media Pasinaon</i>	108




PRATELAN *BAGAN*

<i>Bagan 1. Nalaring pikir.....</i>	<i>43</i>
<i>Bagan 2. Alur Bagan Panalitian Pengembangan.....</i>	<i>48</i>



PRATELAN *LAMPIRAN*

<i>Lampiran 1. Kurikulum 2013 SMA Kelas XII.....</i>	120
<i>Lampiran 2.Flowchart</i>	121
<i>Lampiran 3.Naskah Story Board.....</i>	122
<i>Lampiran 4.Tampilan Pungkasan Media Pasinaon.....</i>	146
<i>Lampiran 5. Lembar Validasi dening Dosen Ahli</i>	153
<i>Lampiran 6. Lampiran Pambiji dening Guru Basa Jawi.....</i>	157
<i>Lampiran 7. Serat Izin Panaliten.....</i>	161
<i>Lampiran 8. Pandom Wawanpirembagan.....</i>	163
<i>Lampiran 9.Dokumentasi.....</i>	169



**DAMEL *MEDIA* PASINAON *POP UP BOOK* NYAMPING WONTEN ING
UPACARA TINGKEBAN MAWI *PENDEKATAN SAINTIFIK* KANGGE
SISWA KELAS XII SMA**

Dening

Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa

NIM 16205244003

Sarining Panaliten

Ancasing saking panaliten inggih menika: 1) ngandharaken caranipun damel *media pasinaon pop up book* nyamping ingkang wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII; 2) ngandharaken pambijining *kualitas media pasinaon pop up book* nyamping ingkang wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII lumantar *validasi* dening *dosen ahli*; 3) ngandharaken pamrayogi saking guru basa Jawi tumrap *kualitas pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII. Panaliten menika kalebet paneliten *Research and Development (R&D)*. Asiling panaliten inggih menika; 1) *media pasinaon* arupi *pop up book* mawi *pendekatan saintifik* dipundamel kanthi 4 *tataran* inggih menika; *studi awal penelitian, desain, pengembangan, saha validasi*; 2) pambiji *dosen ahli* tumrap *materi* pikantuk 84,2 % saha pambiji *dosen ahli* tumrap *media* pikantuk 78,9%; 3) pambijinipun guru basa Jawi SMA N 1 Banguntapan pikantuk 91,2%. Asiling reratan *persentase* pungkasan pikantuk 84,8%, kanthi *revisi* sawetawis. Asiling pambiji nedahaken bilih *media pop up book* nyamping bathik wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII menika sampun *layak* saha saged dipunginakaken kangge pasinaon basa Jawi wonten ing kelas.

Pamijining tembung: *media pasinaon, pop up book, nyamping, tingkeban,*

pendekatan saintifik.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Pasinaon basa Jawi sampun dipuntetepaken minangka *muatan* lokal wajib. Pasinaon basa Jawi sampun dipunwucalaken saking SD/MI dumugi SMA/MA/SMK. Adhedhasar *kurikulum* 2013 pasinaon basa Jawi tumraping SMA/MA/SMK. Salah satunggaling *materi* ingkang dipunsinau dening siswa inggih menika upacara adat. Babagan menika jumbuh kaliyan *Kompetensi Inti (KI)* “*memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah*”. *Kompetensi Dasar (KD)* “*Memahami Prosesi Upacara Adat*”. Upacara adat wonten ing masarakat Jawi wonten maneka warni, salah satunggalipun upacara adat tingkeban.

Adhedhasar *observasi* saha wawanpirembagan kaliyan guru basa Jawi SMA N 1 Banguntapan, kawontenan wonten ing sekolahan babagan pasinaon upacara adat gadhah pepalang. Kaping pisan kahananipun siswa ingkang kirang mangertosi *materi* upacara adat mliginipun upacara tingkeban. Kaping kalih kathah siswa ingkang kirang remen nyinau basa Jawi amargi *materi* ingkang dipunandharaken dening guru namung ngginakaken *power point*, buku *paket* saha, *LKS (Lembar Kerja Siswa)* kemawon, satemah kirang narik kawigatosan. Guru mbetahaken *media* ingkang boten winates kaliyan *listrik*. Salajengipun guru

taksih kawratan anggenipun ngecakaken *pendekatan saintifik* wonten ing *materi* tingkeban. Cakakaning pasinaon ngginakaken *pendekatan saintifik*, wonten gangsal *tataran*, inggih menika: 1) *mengamati*; 2) *menanya*; 3) *mengumpulkan informasi*; 4) *menalar*; saha 5) *mengkomunikasikan*. *Pendekatan saintifik* ngupayakaken siswa supados langkung *aktif* wonten ing salabeting *proses* pasinaon.

Salajengipun, kangge piwulangan guru taksih kawratan damel maneka warni *media kreatif* saha *inovatif*. Guru adatipun namung ngandharaken *materi* pasinaon ngginakaken *LKS (Lembar Kerja Siswa)*, buku *paket* saha *power point*. Kirangipun *variasi media* pasinaon ndadosaken siswa *bosen* saha kirang *aktif* wonten kelas.

Upacara tingkeban menika wigatos, ananging *materi* upacara tingkeban kirang dipunremeni para siswa. Kamongka wonten ing salebeting *materi* tingkeban ngewrat piwulang ingkang luhur. Babagan menika saged dipunmangertosi saking *prosesi* saha sarana utawi ubarampenipun. Salah satunggalipun inggih menika, makna saben *motif* nyamping. *Materi* menika salah satunggaling kabudayan Jawi ingkang kedah dipunmangertosi para siswa, lumantar pasinaon wonten ing kelas. Kangge narik kawigatosan para siswa, dipunbetahaken *media* pasinaon. Ananging kabetahan *media* kangge nyengkuyung piwulangan basa Jawi wonten ing sekolah menika taksih kirang saha winates.

Saking kawontenan ing nginggil, salajengipun dipundamel *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik*

minangka sarana mujudaken pasinaon ingkang narik kawigatosan saha jumbuh kaliyan *kurikulum* 2013. *Pop up book* awujud buku 3 dimensi, saged *timbul*, saha saged ebah. *Pop up book* kanthi *pendekatan saintifik* minangka salah satunggaling *media* pasinaon ingkang dipunkajengaken saged narik kawigatosan saha damel *aktif* para siswa salebeting pasinaon.

Supados saged ngasilaken *produk* ingkang sae, panaliti kedah nggatosaken larasing *materi* saha *kualitas media* kanthi nyuwun *validasi*. *Validasi* menika dipuntindakaken dening *dosen ahli*. Kajawi menika kangge ngasilaken *media* ingkang trep kaliyan kabetahanipun guru saha siswa, panaliti nyuwun pamanggih saking guru ngengingi *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel. Pamanggih saking guru saged mbiyantu panaliti kangge mujudaken *media* pasinaon ingkang jumbuh kaliyan kabetahanipun para siswa ingkang sae.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten wonten ing nginggil saged dipunsebutaken perkawis-perkawis ingkang dados underaning perkawisipun, inggih menika:

1. Prelunipun pambudidaya kangge narik kawigatosan siswa dhateng *materi* pasinaon upacara adat tingkeban, mliginipun nyamping wonten ing upacara tingkeban.
2. Prelunipun *variasi media* pasinaon kangge *materi* babagan nyamping wonten ing upacara tingkeban.
3. Prelunipun dipundamel *media pop up book* supados nggampilaken saha narik kawigatosanipun para siswa.

4. Prelunipun mangertosi *kualitas media* pasinaon *materi* nyamping wonten ing upacara tingkeban, kanthi *pop up book* mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan dening *dosen ahli*.
5. Prelunipun mangertosi pamanggih guru basa Jawi tumrap *media* pasinaon kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar perkawis-perkawis ingkang kasebutaken wonten ing underaning perkawis nyata kathah saha wiyar piremanganipun, pramila watesaning perkawis ingkang saged kapundhut inggih menika:

1. Cara damel *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan.
2. Wonten ing panaliten menika ngrembag babagan nyamping wonten ing upacara tingkeban ingkang wonten ing tlatah Ngayogyakarta.
3. Pambijining saking *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media* tumrap *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan.
4. Pamanggih saking guru basa Jawi tumrap *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan.

D. Wosing Perkawis

Saking watesaning perkawis ingkang dipunandharaken, wosing perkawis ingkang saged dipunrantam inggih menika:

1. Kadospundi caranipun damel *media pasinaon pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan?
2. Menapa kemawon jinising nyamping wonten ing upacara tingkeban kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan?
3. Kadospundi pambjining *dosen ahli media saha dosen ahli materi* tumrap *media pasinaon pop up book* nyamping ingkang wonten ing upacara tingkeban kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan ?
4. Kadospundi pamanggih saha pamrayogi guru basa Jawi tumrap *kualitas media pasinaon* ingkang awujud *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan ?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis ingkang kaserat ing nginggil inggih menika:

1. Ngandharaken caranipun damel *media pasinaon pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan.
2. Ngandharaken jinising nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan.

3. Ngandharaken pambijining *kualitas media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan lumantar *validasi* dening dosen *ahli materi* saha *dosen ahli media*.
4. Ngandharaken pamanggih saking Guru basa Jawi tumrap *kualitas media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan.

F. Paedah Panaliten

Asiling panaliten menika dipundamel kajawi saged paring paedah kangge sedaya *pihak* ingkang maos. Paedahing panaliten badhe kaandharaken kados wonten ing ngandhap menika:

1. Kangge Siswa
 - a. *Media* pasinaon menika saged nggampilaken para siswa mangertosi *materi* babagan jinising nyamping wonten ing upacara tingkeban.
 - b. *Media* pasinaon menika saged narik kawigatosan para siswa supados saged remen nyinau babagan upacara adat, mliginipun jinising nyamping wonten ing upacara tingkeban.
 - c. *Media* pasinaon menika saged ndayani tuwuhipun raos pepenginan kangge nyinau babagan upacara adat, mliginipun jinising nyamping wonten ing upacara tingkeban.
 - d. *Media* pasinaon menika saged paring pilihan siswa, *media* pasinaon ingkang sae kangge sinau lumantar maneka warni ingkang sampun dipuncawisaken.
2. Kangge Guru

- a. *Media* pasinaon menika saged dipunginakaken dados piranti piwulangan kangge mbiyantu guru ngandharaken *materi* babagan jinising nyamping wonten ing upacara tingkeban.
 - b. *Media* pasinaon menika saged dados tuladha saha sarana *modifikasi* kangge guru supados samangke saged damel *media* pasinaon ingkang langkung *kreatif* saha *inovatif* malih.
 - c. *Media* pasinaon menika saged damel guru gadhah pandom saha tata urutan piwulangan ingkang *sistematis*.
 - d. *Media* pasinaon menika saged damel guru gadhah maneka warni *metode* saha *media* ingkang dipunginakaken supados pasinaon ingkang narik kawigatosan.
3. Kangge Sekolah
- a. *Media* pasinaon menika saged dados *inventarisasi* jinis *media* pasinaon wonten ing sekolah.
 - b. *Media* pasinaon menika saged dados sarana piwulangan ingkang langkung *kreatif* saha *inovatif*, satemah saged ngindhakaken *kualitas* saha *mutu* pendidikan wonten ing sekolah.

G. Pangretosan Tembung ing Irah-irahan

1. *Media* Pasinaon

Media pasinaon inggih menika piranti pambiyantu wonten ing proses pasinaon, wonten ing piwulangan ingkang saged nggampilaken saha narik kawigatosan siswa kangge sinau.

2. *Pop Up Book*

Pop up book inggih menika buku ingkang gadhah unsur 3 dimensi sarta paring visualisasi cariyos ingkang saged narik kawigatosan, tampilan gambar ingkang saged ebah, saged dipunbikak, saged timbul saha saged dipuntarik nalika kacanipun dipunbikak.

3. *Nyamping*

Nyamping inggih menika arupi kain bathik ingkang dipunginakaken kanthi kaubedaken ing badan. Dipunginakaken kangge nutupi jaja sapangandhap dumugi watesipun suku ing nginggil polok (Poerwadarminta, 1939: 75).

4. *Tingkeban*

Tingkeban inggih menika tata cara, saha tata upacara ingkang katindakaken rikala satunggaling wanita/calon ibu ingkang yuswa kandhutanipun jangkep 7 wulan. Upacara tingkeban kantindakaken rikala calon ibu nggarbini ingkang sapisan. Miturut kapitadosan, jabang bayi ingkang jangkep 7 wulan sampun gadhah roh (Wiyoso, 2000: 27).

5. *Pendekatan Saintifik*

Pendekatan saintifik inggih menika proses pembelajaran ingkang ndadosaken siswa langkung aktif menawi sinau ing pawiyatan. Miturut Peraturan Menti Pendidikan dan Kebudayaan No 65 taun (2013) pendekatan saintifik menika gadhah gangsal tataran utawi langkah, inggih menika: (a) mengamati, (b) menanya, (c) mencoba, (d) mengasosiasi, sarta (e) mengkomunikasikan saha dipuntambah (f) mencipta.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Andharaning Teori

1. *Media Pasinaon*

a. Pangretosan *Media Pasinaon*

Tembung “*media*” asalipun saking basa *Latin* “*medius*” ingkang tegesipun ‘*tengah*’, ‘*perantara*’, utawi ‘*pengantar*’. Gerlach saha Ely (lumantar Arsyad, 2011: 3) ngandharaken bilih *media* inggih menika tiyang, *materi*, utawi kadadosan ingkang mbangun swasana supados siswa saged pikantuk kawruh, *ketrampilan*, utawi solah bawa. Guru saha *lingkungan* wonten ing sekolahan ugi kalebet *media*. Sadiman (2003: 6) ngandharaken bilih tembung “*media*” kapethik saking basa *Latin* saha minangka wujud *jamak* tembung “*medium*”, ingkang tegesipun ‘*perantara*’ utawi ‘*pengantar*’. Pramila, *media* inggih menika *perantara* utawi *pengantar pesan* saking tiyang ingkang paring *pesan* kangge tiyang ingkang nampipesan.

Adhedhasar pangretosan *media* ingkang sampun dipunmangertosi, *media* pasinaon gadhah teges minangka menapa kemawon ingkang saged dipunginakaken kangge nglantaraken *pesan* saha saged ndayani tuwuhipun panggalih, pangraos, saha kekajenganipun siswa, satemah saged kadadosan salah satunggaling *proses* pasinaon ingkang dipunsengaja, gadhah ancas, saha wonten pepalangipun. *Media* pasinaon inggih menika piranti pasinaon ingkang dipunginakaken kangge mbiyantu guru nalika paring piwulangan. *Media* pasinaon ugi minangka sarana *pengantar pesan*, saking sumber pasinaon dhateng siswa. Wondene *media* pasinaon kanthi langkung cekak, inggih menika piranti ingkang

mupangat saha saged dipunginakaken kangge ngaturaken *pesan* babagan pasinaon. Kanthi tembung sanes, *media* pasinaon saged dipunginakaken minangka *media* utama kangge sedaya *proses* pasinaon utawi jejangkepaning *suplemen*. (Suryani, 2018: 4).

Miturut Cecep (2013: 8) wonten ing kegiatan pasinaon, tembung *media* pasinaon asring dipungantos mawi *istilah-istilah*, kadosta piranti pasinaon (*instructional material*), *komunikasi pandang-dengar* (*audio-visual-communication*), piranti paraga *pandang* (*visual education*), piranti paraga saha *media penjelas*.

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil saged dipunandharaken bilih *media* pasinaon minangka sarana pambiyantu wonten ing salebeting *proses* pasinaon, satemah siswa gampang anggenipun mahami wosing *materi* jumbuh kaliyan ancasipun pasinaon. Pramila guru kedah saged milih *media* pasinaon kanthi tliti, supados saged dipunginakaken kanthi trep.

b. Paedah *Media* Pasinaon

Levies saha Lentz (lumantar Arsyad, 2011: 16-17) ngandharaken sekawan paedah *media* pasinaon mliginipun *media visual*, inggih menika:

- 1) Paedah *atensi* inggih menika paedahipun *media* pasinaon supados siswa saged *konsentrasi*. Babagan menika saged katindakaken kanthi nyamektakaken perangan *unsur visual* mawi gambar wonten ing *materi* pasinaon.

- 2) Paedah *afektif* inggih menika ginanipun *media* saged *narik* kawigatosanipun siswa. Kanthi makaten, siswa langkung sengkud saha remen anggenipun nyinau *materi* ingkang sampun kacawisaken.
- 3) Paedah *kognitif* inggih menika *media* pasinaon kedah saged paring pambiyantu siswa anggenipun mahami *materi* pasinaon.
- 4) Paedah *Kompensatoris* inggih menika *media* pasinaon minangka piranti kangge mbiyantu siswa ingkang taksih dereng pana tumrap *materi* pasinaon saged dipunambali sinau kanthi *mandiri*.

Arsyad (2011: 15) ngandharaken bilih *proses* pasinaon wonten kalih *unsur* ingkang wigatos, inggih menika *metode pengajaran* saha *media* pasinaon. Kanthi makaten salah satunggaling paedah utama *media* pasinaon minangka piranti pambiyantu *proses* pasinaon ingkang ndayani kawontenan pasinaon ingkang sampun dipunrantam saha dipundamel guru. Wondene Hamali (lumantar Arsyad, 2011: 15) ngandharaken bilih *media* pasinaon wonten ing *proses* pasinaon saged ngremenaken, saha paring panjurung tumrap siswa.

Saking pamanggih wonten ing nginggil, paedahing *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan inggih menika *media* paring pambiyantu. Satemah saged nambah greget kangge siswa, saha paring panjurung wonten ing salebetipun *proses* pasinaon.

c. Jinising Media Pasinaon

Kangge nemtokaken *media* ingkang trep wonten ing pasinaon, pramila kedah dipunmangertosi rumiyin jinising *media* pasinaon. *Media* pasinaon

limrahipun kedah gadhah mupangat wonten ing kelas menapa dene wonten ing njawi kelas, satemah dipunperang dados maneka warni jinis *media* pasinaon. Arsyad (2011: 82) ngandharaken bilih jinising *media* kaperang dados:

1) *Media Berbasis Manusia*

Media berbasis manusia inggih menika, *media* kangge ngintun saha pawicantenan *pesan* utawi *informasi*. *Media* paring mupangat bilih ancasipun inggih menika ngewahi solah bawa kanthi langsung.

2) *Media Berbasis Cetakan*

Media menika ingkang sacara umum sampun dipuntepangaken inggih menika buku, *teks*, buku panuntun, *jurnal*, majalah, saha lambaran dlancang.

3) *Media Berbasis Visual*

Media berbasis visual saged nuwuhaken *motivasi* siswa saha paring gegayutan antawisipun wosing *materi* pasinaon mawi kasunyatanipun.

4) *Media Berbasis Audio-Visual*

Salah satunggaling padamelan wigati ingkang dipunbetahaken wonten ing *media audio-visual* inggih menika panyeratan *naskah*, saha *story board* amargi mbetahaken *persiapan* ingkang kathah, rengrengan, saha panaliten.

5) *Media Berbasis Komputer*

Teknologi berbasis komputer inggih menika cara *produksi* saha andharaning *materi* ngginakaken sumber-sumber ingkang *basisipun digital*. Wondene miturut Suryani (2018: 41) jinising *media* pasinaon wonten 16 inggih menika; 1) Gambar utawi *foto*; 2) *Sketsa*; 3) *Diagram*; 4) *Bagan (Chart)*; 5) *Grafik*; 6) *Poster*; 7) *Peta*; 8) *Globe*; 9) Papan *Flanel*; 10) Papan *bulletin*; 11)

Papan Tulis; 12) *Flip Chart*; 13) *Akuarium*; 14) *Bangun Ruang*; 15) *Diorama*; 16) *Herbarium*.

Wondene gambar utawi *foto* inggih menika kangge nengenaken *indra* paningal. *Sketsa* inggih menika gambar prasaja ingkang dipungambar saperangan pokok kemawon. *Diagram* inggih menika gambar prasaja ingkang ngandharaken alur. *Bagan (chart)* dipunginakaken kangge nyawisaken *konsep-konsep* ingkang awrat menawi dipunandharaken mawi seratan utawi *lisan*. *Grafik* inggih menika pralambang-pralambang *verbal* ingkang dipunginakaken kangge mbedakaken cacahing *data*. *Poster*, dipunkajengaken saged mangaribawani saha paring *motivasi* solah bawanipun tiyang ingkang ningali. *Peta*, gadhah paedah kangge nyawisaken *data* papan panggenan. *Globe* awujud tirunan *bola bumi* ingkang wujudipun alit. Papan *flanel* minangka *media visual* ingkang *efektif* kangge nyawisaken *pesan* tartamtu dhateng sasaran tartumtu. Papan *bulletin* awujud *media* ingkang ngandharaken salah satunggaling kadadosan wonten ing wekdal tartamtu. Papan *tulis* inggih menika *media* pasinaon kangge sinau. *Flip chart*, awujud lambaran dlancang *media flip chart* isinipun piranti pasinaon ingkang sampun karantam tratur saha sae. *Akuarium*, inggih menika wadhah banyu. *Bangun ruang*, inggih menika *bangun* matematika ingkang gadhah isi utawi *volume*. *Diorama*, inggih menika gambaran kadadosan ingkang gadhah *nilai* sejarah utawi boten. Ingkang pungkasan inggih menika *herbarium*, *koleksi* utawi tuladha tanduran ingkang dipunawetaken.

Saking pamanggih menika saged dipunandharaken, bilih panaliten menika badhe dipundamel *media* ingkang kalebet jinis *media berbasis cetakan* saha

gambar utawi foto. *Media berbasis cetakan* sacara umum sampun dipunmangertosi inggih menika buku, *teks*, buku panuntun, *jurnal*, majalah, saha lambaran dlancang. Wondene *media* jinis gambar utawi *foto* inggih menika kangge nengenaken *indra* paningal.

2. Pop Up Book

a. Pangretosan Pop Up Book

Miturut Dzuanda (2011: 1) pangretosan *pop up book* inggih menika, buku ingkang gadhah perangan ingkang saged ebah utawi gadhah *unsur 3 dimensi* saha paring *visualisasi* cariyos ingkang saged narik kawigatosan. Nalika kacanipun dipunbikak *tampilan* gambar saged ebah.

Andrianto saha Pangestuti (2019: 4) ngandharaken *pop up book* inggih menika buku *unik*, ingkang lebetipun wonten perangan ingkang saged narik kawigatosan saha saged ebah. *Pop up book* inggih menika jinising buku ingkang lebetipun wonten *ilustrasi 3 dimensi* utawi *timbul*.

Taylor saha Bluemel (lumantar Setyawan, 2013: 2) ngandharaken *pop up book* inggih menika *kontruksi* ebahipun buku ingkang saged *timbul* gambar saking kaca, pramila saged damel tiyang remen. *Media* isinipun cariyos, menawi kaca buku dipunbikak gambaripun gadhah wujud *3 dimensi*. *Pop up book identik* kaliyan bocah-bocah saha dolanan, ananging *media* menika saged dipunginakaken dados *media* pasinaon ingkang sae.

Saking sedaya pamanggih ing nginggil saged dipunandharaken bilih *pop up book* inggih menika *media* ingkang awujud buku *3 dimensi* ingkang saged *timbul*, ebah, saha dipuntarik peranganipun. *Pop up book* saged mbiyantu siswa

anggenipun sinau *materi* upacara adat mliginipun nyamping wonten ing upacara tingkeban. *Media* pasinaon *pop up book* ugi gadhah kaluwihan inggih menika, saged ndadosaken siswa langkung remen saha narik kawigatosan.

b. Kakirangan saha Kaluwihan *Pop Up Book*

1) Kakirangan *Pop Up Book*

Dzuanda (2011: 2-3) ngandharaken bilih *pop up book* dipundamel saking dlancang, awit saking menika *tingkat* awetipun *produk* kirang. *Media* kanthi dlancang lumrahipun gampil risak, gampil teles menawi kenging jawah utawi kenging toya, saged suwek, saha gampil kalempit. Kakirangan *pop up book* sanesipun inggih menika:

- a) Wekdal kangge damel dangu.
- b) Anggenipun damel kedah tiliti supados asilipun sae.
- c) Medalaken wragad ingkang langkung kathah tinimbang buku lumrahipun.

2) Kaluwihan *Pop Up Book*

Dzuanda (lumantar Mariana & Anies, 2018: 2) ngandharaken bilih, *media pop up book* gadhah kaluwihan inggih menika:

- a. Paring cariyos ingkang narik kawigatosan, saged katingal saking wontenipun *tampilan* ingkang gadhah *dimensi*.
- b. Paring *kejutan* nalika kaca buku *pop up book* dipunbikak, satemah saged nuwuhaken raos remen dhateng tiyang.
- c. Ndadosaken kiyat wosing cariyosingkang dipunandharaken.
- d. *Tampilan* ingkang gadhah *dimensi* damel cariyos kados kasunyatanipun.

Adhedasar andharan kaluwihan saha kakirangan wonten ing nginggil, mupangat saking *media pop up book* dipunkajengaken supados langkung narik kawigatosan para siswa wonten ing *proses* pasinaon.

c. Jinising *Pop Up Book*

Jinising *pop up book* wonten maneka warni, antawisipun inggih menika, miturut Simkin saha Temperley (lumantar Astuti, 2015: 35-36):

1) *Transformasi*

Transformasi nuduhaken ewah-ewahan wujud sarta ebahipun *objek* kanthi *vertikal*. Ewah-ewahan wujud dipuntuduhaken kanthi narik utawi bikak kaca dlancang wonten sisihipun, satemah *layout* perangan ngandhap saha perangan nginggil saged ebah saha *kontruksi objek* ewah.

2) *Volvelle*

Volvelle inggih menika dlancang awujud cakram kanthi perangan-perangan ingkang saged mubeng.

3) *Pull Tab*

Pull tab nuduhaken ewah-ewahan wujud sarta ebahipun *objek* kanthi cara narik salah satunggaling perangan wonten ing kaca dlancang.

4) *Buku Tunnel*

Buku *tunnel* dipunwastani buku trowongan. Buku ingkang ngewrat saking satunggal kaca ingkang gayut kaliyan kalih dlancang ingkang katekuk wonten ing saben sisih, saha *objek* dipuntingali saking bolongan wonten ing panutupipun. *Objek* wonten ing buku dipuntingali kanthi cara narik panutup wonten ing

nginggil satemah awujud trowongan buku ingkang saged nuwuhaken *dimensi* wonten ing lebetipun buku.

Saking andharan wonten ing nginggil menika, panaliten ngginakaken jinising *pop up book transformasi* saha *pull tab*. *Transformasi* nuduhaken ewah-ewahan wujud kanthi narik utawi bikak kaca dlancang wonten sisihipun, satemah *layout* perangan ngandhap saha perangan nginggil saged ebah saha *kontruksi objek* ewah. Wondene *pull tab* nuduhaken ewah-ewahan wujud sarta ebahipun *objek* kanthi cara narik salah satunggaling perangan wonten ing kaca dlancang.

d. Caranipun Damel Pop Up Book

- 1) Nyamektakaken *materi* ingkang badhe dipunlebetaken wonten ing buku. Kedah nemtokaken watesanipun *materi*.
- 2) Nemtokaken *pop up book* badhe dipundamel kados menapa, kanthi damel *flowchart* salajengipun *story board*. Dipundamel *desain/sketsa* rumiyin kados pundi *ilustrasinipun*.
- 3) Salajengipun dipundamel ngginakaken salah satunggaling *aplikasi* inggih menika *Corel Draw X7* wonten ing *PC (Personal Computer)*. Wiwit nyusun *layout* saha *editing*.
- 4) Sasampunipun *layout* dados, salajengipun dipuncithak/*print* wonten ing *percetakan* ngginakaken dlancang *ivory* dipunlambari *lapisan doff* ukuran A3.
- 5) Menawi dlancang sampun dipun*print*, salajengipun dipungunting-gunting.
- 6) Sasampunipun dipungunting, salajengipun dipunlempit 90 *derajat* supados gambaripun saged *timbul*. (Ingkang dipunlempit gambar ingkang badhe *timbul* kemawon). Saged dipundamel mawi jinising *pop up* sanesipun.

- 7) Salajengipun dipunrantam saha dipuntemplekaken trep kaliyan *layout* ingkang sampun dipundamel.
- 8) Samak utawi *cover* dipundamel *hard cover* supados langkung kiyat.
- 9) Menawi sampun dados, saged dipuncobi kanthi dipunbikak bukunipun.

3. Upacara Tingkeban

a. Pangretosan Tingkeban

Wiyoso (2000: 27-28) ngandharaken upacara tingkeban ugi dipunwastani mitoni, kapethik saking tembung pitu. Upacara tingkeban katindakaken rikala calon ibu nggarbini ingkang sepisan nalika yuswa kandhutanipun jangkep pitung wulan. Upacara tingkeban menika salah satunggaling upacara adat masarakat Jawi ingkang ateges menawi pendidikan boten namung nalika sampun diwasa kemawon, ananging rikala taksih dados jabang bayi kedah sampun pikantuk pendidikan. Miturut kapitadosan, jabang bayi ingkang jangkep pitung wulan sampun gadhah roh. Wonten ugi kapitadosan bilih angka pitu inggih menika angka sakral, saha sampurna ingkang badhe damel kasampurnan sanalika dipunginakaken.

Miturut kapitadosan, upacara tingkeban limrahipun katindakaken dinten Rebu utawi Setu tanggal 14 saha 15 miturut tanggal wulan Jawi, supados jabang bayi ingkang miyos gadhah cahya ingkang cumlorot saha dados putra ingkang pinter. Wekdal kangge upacara tingkeban ingkang sae antawisipun tabuh 15.00-16.00 WIB. Miturut kapitadosan, wekdal menika para widadari nembe mandhap salajengipun siram.

Dumadinipun upacara tingkeban kadadosan nalika jaman Kraton Kediri ingkang dipunprentah dening Raja Jayabaya. Wonten sawijining wanodya ingkang asma Niken Satingkeb, panjenenganipun kagungan garwa asmanipun Sadiyo sawijining punggawa kraton. Niken Satingkeb saha Sadiyo dipunparingi putra cacahipun sanga ananging boten wonten ingkang umuripun dangu, sasampunipun menika Niken Satingkeb sampun boten saged ngandhut malih. Wasana Niken Satingkeb saha kang garwa sowan dhateng Raja kangge nyuwun pitedah. Raja dhawuh marang Niken Satingkeb supados siram mawi toya suci ingkang siwuripun awujud bathok klapa, katindakaken saben dinten Budha (Rebu) saha Tumpak (Setu). Salajengipun katuran ngginakaken rasukan ingkang resik saha ndhawahaken cengkir gadhing antawisipun padharan saha rasukan. Klapa dipungambari Dewa Wisnu saha Dewi Sri utawi Arjuna saha Subadra, kanthi ancas supados putranipun saged miyos kanthi polatan ayu utawi bagus. Salajengipun padharanipun dipuntangsuli mawi godhong tebu wulung tumuli dipunpagas mawi keris. Sasampunipun sedaya tata cara kantidakaken, Niken Satingkeb nggarbini saha kagungan putra kanthi slamet. Pramila Niken Satingkeb nyuwun dhateng putra wayahipun kangge nindakaken tata upacara menika. Ancasipun kangge ngemut-emut prastawa menika, pramila salajengipun dipunwastani upacara tingkeban, ingkang dipunpendhet saking asma Niken Satingkeb (Endah, 2006: 96-97).

b. Lampahing Upacara Tingkeban

Tata upacara tingkeban menika katindakaken kanthi urutan, inggih menika:

1) Sungkeman

Sungkeman dipuntindakaken dening calon ibu saha calon bapak. Ngaturaken sungkem, nyuwun pangapunten saha nyuwun donga pamuji miwah pangestu dhateng tiyang sepuh kekalih. Tiyang sepuh paring donga pangestu kangge kaslametan calon ibu saha calon bayi. Tiyang sepuh kekalih lenggah wonten kursi. Salajengipun calon ibu saha calon bapak sungkem, nyembah kanthi badan ingkang wungkuk saha asta wonten ing posisi sembah dipuntemplekaken wonten dhengkul tengen tiyang sepuh. Saderengipun sungkem kaliyan tiyang sepuh saenipun calon ibu sungkem rumiyin dhateng kang garwa.

2) Siraman

Siraman kantindakaken dening para sesepuh cacahipun pitu, kalebet rama/ibu calon bapak saha calon ibu. Langkung prayogi ingkang nyirami inggih menika tiyang sepuh ingkang sampun gadhah wayah. Calon ibu saha calon bapak sami gegandhengan kaapit tiyang sepuh saking calon bapak. Calon ibu lenggah wonten dingklik alit dipunlambari mawi gegodhongan, ron-ron, kaluwih, alang-alang, saha godhong apa-apa. Ancasipun siraman supados dados tiyang ingkang saged damel resik. Resik ing pribadinipun piyambak saha saged pitutur amrih resikaning sanes, dimen tentrem gesangipun.

3) Nyampingan

Nyampingan inggih menika ngginakaken nyamping cacahipun pitu ingkang sampun kacawisaken. Nyamping warni pitu gadhah teges piyambak-piyambak. Sedaya nyamping gadhah makna anggar inggih menika makna ingkang sae. Saben ngginakaken nyamping salajengipun pitaken dhateng ingkang rawuh

“sampun pantes menapa dereng?” salajengipun ingkang rawuh mangsuli dereng. Wangsulun sampun pantes menawi sampun ngangge nyamping ingkang kaping pitu.

4) Luwaran

Luwaran inggih menika padharanipun calon ibu dipuntangsuli janur kanthi longgar. Calon bapak ngasta keris kyai Brojol, salajengipun calon bapak magas janur ngginakaken keris. Sasampunipun pagas janur kuning calon bapak mlayu banter pralambang supados jabang bayi saged miyos kanthi cepet, lancar, saha slamet.

5) Brojolan

Brojolan inggih menika, cengkir gadhing ingkang cacah kalih dipungambar paraga wayang. Agemanipun calon ibu dipunlonggari cengkir kalebetaken ing sangajenging jaja, salajengipun dipundhawahaken. Satemah anggenipun mbobot putra tansah santosa, sinangga ing kabagaswarasan. Nalika dumugi ing titi mangsa miyosipun atmaja, mugi pinaringan mantep ing waradaya, sentosa, saha pikukuh wonten ing raga.

6) Sadeyan dhawet

Sadeyan dhawet dipunbayar mawi kreweng (pecahan gendheng) ingkang samangke dipunlebetaken wonten ing kwali kaliyan lemah lempung. Kwali salajengipun dipunpecah wonten ing sangajeng kori, satemah putra ingkang badhe miyos saged pikantuk kathah rejeki (Astuti, 2019: 43 saha Pringgawidagda, 2003: 32-38).

4. Lampahing Adicara Nyampingan

Tata cara ngginakaken pitung nyamping miturut Pringgawidagda (2003: 4) kaandharaken kados makaten:

- a. Calon ibu nginakaken busana dhasar inggih menika mori, kanthi jumeneng dipunsekseni para rawuh (limrahipun ibu-ibu). Mori dipunginakaken minangka dhasar saderengipun gantos nyamping. Mori ngewrat makna bilih sedaya solah bawa calon ibu tansah dipunlambari mawi tyas ingkang resik. Bilih samangke kulawarga menika mukti wibawa utawi gadhah kalenggahan, pramila tyasipun tetep resik, boten gumedhe saha tansah eling marang prentahipun Gusti. Sinaosa gesangipun prasaja kedah tansah taqwa dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Pethak kados warninipun mori dipunginakaken minangka dhasaring maneka warni nyamping ingkang dipunginakaken calon ibu.
- b. Ibu juru paningkeb ngginakaken nyamping dhateng calon ibu satunggal baka satunggal dumugi pitung warni.
- c. Saben satunggal warni, ibu juru paningkeb pitaken dhateng para rawuh. “Sampun pantes menapa dereng?” Para rawuh paring wangsulan, “dereng!”. Pitakenan menika dipuntindakaken dumugi nyamping ingkang kaping enem. Kangge nyamping ingkang kaping pitu dipunwangsuli “sampun”.

Nyamping ingkang dipunginakaken urut saking ingkang katon mrabawani dumugi ingkang prasaja, ananging saged ugi dipunurutaken saking *motif* sanesipun. Wigatosipun nyamping ingkang dipun ginakaken wonten cacah pitu saha pungkasanipun mawi *motif* ingkang prasaja. Nyamping dipunpilih saking

ingkang katon mrabawani dumugi ingkang prasaja, amargi kajengipun putra ingkang miyos samangke saged trep kaliyan piwulang-piwulang Jawi, inggih menika ngandhap asoring manah. Adhedhasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019) “Sainggil-inggilipun menapa kemawon ingkang dipungayuh, kedah tetep andhap asoring manah saha prasaja, amargi menawi boten wonten solah bawa ingkang prasaja ndadosaken tiyang menika gumedhe saha kementhus”.

5. Makna *Motif* Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban

Nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tingkeban ingkang katuju cacahipun pitu, dipunginakaken kanthi gantos satunggal mbaka satunggal.. Sedaya *motif* gadhah teges ingkang sae. Wonten ing ngandhap menika jinising nyamping wonten ing upacara tingkeban.

a. Sidaluhur



Gambar 1 (Koleksi: Condronegoro)

Teges saking *motif* Sidaluhur adhedhasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019), inggih menika:

- 1) Gurda : Peksi gurda inggih menika peksi ingkang ukuranipun ageng, pramila miturut kapitadosanipun tiyang Jawi, peksi menika ateges gadhah kalenggahan ingkang wigati.

- 2) Wit Hayat : Pralambang saking wit swargi inggih menika pralambang saking kaberkahan gesang.
- 3) Lar : Pralambang saking *perisai*, awujud swiwi peksi gurda ingkang pralambang sipat tabah, kasekten saha kakiyatan.
- 4) Ron-ron : Minangka pralambang saking *kesuburan* wonten ing gesang.
- 5) Bangunan : Pralambang saking kalenggahan/*tahta* ingkang inggil. Pralambang *derajat* ingkang inggil, mulya, saha dipunkurmati tiyang kathah.
- 6) Meru : Pralambang meru/gunung inggih menika pralambang sumber gesang manungsa.
- 7) Peksi : Minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil satemah paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget
- 8) Miturut Dinas Kebudayaan Yogyakarta (2013: 202) isen-isen wonten ing nyamping Sidoluhur inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi *ornamen* saha *motif* utawi ngisi *bidang* antawisipun *motif* saha *ornamen*. Isen-isenipun kados makaten; sawut inggih menika garis-garis alus ingkang sajajar rapet minangka isen-isen gegodhongan, buntut peksi saha sanesipun. Cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi *bidang ornamen*.

Adhedhasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019) nyamping Sidoluhur katitik saking *ornamen* gurda ingkang ngandhapipun rata, kalebet *motif non geometris*. Miturut Dinas Kebudayaan Yogyakarta (2013: 202) tembung “sido” wonten ing bathik Sidoluhur menika gadhah teges inggil, wibawa, saha

pangajeng-ajeng. Kajengipun tiyang ingkang ngginakaken samangke saged dados tiyang ingkang berbudi pakerti luhur saha tiyang ingkang sae.

b. Sidoasih



Gambar 2 (Koleksi: Condronegoro)

Teges saking *motif* Sidoasih kaandharaken ing ngandhap menika:

- 1) Lar : Pralambang saking *perisai* awujud swiwi peksi gurda pralambang sipat ingkang tabah, kasekten saha kakiyatan.
- 2) Meru : Pralambang gunung/mahameru, inggih menika pralambang sumber gesang manungsa.
- 3) Ron-ron : *Motif* ron-ron inggih menika pralambang saking *kesuburan* wonten ing gesang.
- 4) Wit Hayat : Pralambang saking wit swargi utawi gesang langgeng ingkang kathah berkah.
- 5) Peksi : Minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil satemah paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget.
- 6) Isen-isèn wonten ing nyamping bathik sidoasih inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi *ornamen* saha *motif* utawi ngisi *bidang* antawisipun *motif* saha *ornamen*. Isen-isènipun kados makaten; cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang

ngisi *bidang ornamen*. Ukel inggih menika *ornamen* menapa dene *bidang* awujud kalih garis cendhek ingkang pucukipun mlengkung (Dinas Kebudayaan Yogyakarta, 2013: 203).

Adhehasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019) nyamping Sidoasih katitik saking *motif* wit hayat wonten ing antawisipun lar gurda. Miturut Dinas Kebudayaan Yogyakarta (2013: 203) bathik Sidhoasih kapethik saking tembung “sido” ingkang ateges pangajeng-ajeng, wondene “asih” saged ateges raos tresna. Dados Sidoasih minangka pralambang gesang manungsa ingkang kathah katresnan, satemah sinten ingkang ngginakaken kajengipun dados tiyang ingkang gadhah raos katresnan marang tiyang sanes.

c. Sidomukti



Gambar 3 (Koleksi: Condronegoro)

Teges saking *motif* Sidomukti adhedhasar wawanpirembagan saking Condronegoro (2019), ngandharaken;

- 1) Gurda : Peksi gurda inggih menika peksi ingkang ukuranipun ageng, pramila miturut kapitadosanipun tiyang Jawi, peksi menika ateges gadhah kalenggahan ingkang wigati saha inggil.

- 2) Meru : Pralambang gunung/mahameru, inggih menika pralambang sumber gesang manungsa.
- 3) Ron-ron : *Motif* ron-ron inggih menika pralambang kaliyan *kesuburan*
- 4) Peksi : Minangka kewan ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil satemah paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget.
- 5) Kerang : Kerang menika gesangipun wonten ing samudra pralambang saking sipat ikhlas, tabah saha narima menapa kemawon.
- 6) Wit Hayat : Pralambang saking wit surga utawi gesang langgeng ingkang kathah berkah.
- 7) Miturut Dinas Kebudayaan Yogyakarta (2013: 201) isen-isèn wonten ing nyamping bathik Sidomukti inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi *ornamen* saha *motif* utawi ngisi *bidang* antawisipun *motif* saha *ornamen*. Isen-isènipun kados makaten; cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi *bidang ornamen*. Sawut inggih menika garis-garis alus ingkang sejajar rapet minangka isen-isèn gegodhongan, buntut peksi saha sanesipun.

Adhedhasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019) nyamping Sidomukti katitik saking *motif* awujud kerang ingkang adhep-adhepan. Miturut Dinas Kebudayaan Yogyakarta (2013: 201) “sido” ateges pangajeng-ajeng. “mukti” ateges kabagyan, dados renaning penggalih tiyang sanes, saha mboten kirang satunggal punapa, mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi putra ingkang kakandhut ing tembe saged dados tiyang ingkang mukti wibawa.

d. Semen Rama



Gambar 4 (Koleksi: Condronegoro)

Teges saking *motif* Semen Rama kaandharaken ing ngandhap menika:

- 1) Gunung/meru dados pralambang siti/lemah papan panggenanipun sedaya manungsa saha sumber gesanging manungsa.
- 2) Candi tegesipun minangka papan kangge mertapa ancasipun kangge nggayuh kasampurnan gesang.
- 3) Ron-ron : *Motif* ron-ron inggih menika pralambang kaliyan *kesuburan*
- 4) Wit Hayat : Pralambang saking wit swargi utawi gesang langgeng ingkang kathah berkah.
- 5) Pusaka : Pralambang kasekten, kakiyatan saha kemakmuran.
- 6) Kapal : Minangka piranti transportasi wonten ing samudra, pralambang ikhlas, saha narima menapa kemawon.
- 7) Lar : Pralambang saking *perisai* awujud swiwi peksi gurda pralambang sipat ingkang tabah, kasekten saha kakiyatan.
- 8) Peksi : Minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil satemah paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget (Condronegoro, 2010: 54-55 saha Dinas Kebudayaan Yogyakarta, 2013: 204).

9) Isen-isen wonten ing nyamping bathik Semen Rama titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi *ornamen* saha *motif* utawi ngisi *bidang* antawisipun *motif* saha *ornamen*. Isen-isenipun kados makaten; cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi *bidang ornamen*. Sawut inggih menika garis-garis alus ingkang sejajar rapet minangka isen-isen gegodhongan, buntut peksi saha sanesipun. Cecek pitu inggih menika gambar awujud cecek cacahipun pitu, setunggal cecek wonten ing tengah saha dipunubengi cecek ingkang cacahipun enem. Tritis inggih menika gambar awujud pinggiran wuwungan/tandhon toya (Dinas Kebudayaan Yogyakarta, 2013:204).

Adhedhasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019) nyamping Semen Rama katitik saking *motif* lar ingkang gadhah cucuk. Tembung “semen” ateges *kemakmuran*, *kesuburan*. Nama Semen Rama piyambak dipunpendhet saking piwulang Prabu Ramawijaya dhateng Raden Gunawan Wibisono nalika badhe nggentosi Raja wonten ing Ngalengka. Piwulangipun inggih menika “*Hastha Brata*” ingkang kedah dipuntindakaken dening sawijining calon pemimpin. Inggih ngginakaken *motif* menika dipunkajengaken supados gesangipun bagya mulya, kagungan pangkat ingkang inggil, adil, saha berbudi luhur.

e. Parang Kusuma



Gambar 5 (Koleksi: Condronegoro)

Teges saking *motif* Parang Kusuma kaandharaken ing ngandhap menika:

- 1) *Motif* menika kawastanan saking *unsur* parang, sekar saha mlinjon.
- 2) *Motif* nyamping bathik kasusun miturut garis *diagonal*.
- 3) *Motif* parang posisinipun unkur-ungkuran kaliyan *motif* mlinjon ingkang wujudipun kothak.
- 4) Wonten ing tengahipun parang wonten kalih sekar alit ingkang tajukipun wonten tiga unkur-ungkuran. Sekar minangka pralambang *bunga bangsa*.

Nyamping Parang Kusuma katitik sakingsekar alit cacah kalih ingkang *tajuk*ipun cacah tiga wonten ing saben parang. Tembung “kusuma” ingkang ateges sekar dipungayutaken kaliyan sekaring ratu. Pangretosan sekar sami kaliyan kusuma ingkang gadhah teges *generasi* enem dados *bunga harapan bangsa* utawi pangajengipun bangsa. Supados tiyang ingkang ngginakaken nyamping Parang Kusuma menika dados tiyang ingkang lantip kados dene landheping parang saha saged dados kekajenganipun tiyang sepuhipun (Dinas Kebudayaan Yogyakarta, 2013: 92).

f. Udan Riris



Gambar 6 (Koleksi: Condronegoro)

Teges saking *motif* Udan Riris kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

- 1) *Lidah api* gadhah teges kasekten saha *ambisi*
- 2) Separo kawung gadhah teges mana kemawon ingkang tetep gadhah kagunan
- 3) Banji cikal bakalipun saking wujud swastika (Sansekerta) ingkang ateges kabagyan, kabegjan, kasarasan, saha kasembadan
- 4) Mlinjon gadhah teges salah satunggaling *unsur* gesang
- 5) Tritis gadhah teges manah ingkang tabah
- 6) Ada-ada minangka pralambang prakasa saha kabecikan. (ing ngarsa sung tuladha).
- 7) Untu walang gadhah teges gagayutan, rinaket, ginandeng.

Nyamping Udan Riris katitik saking *motif* ingkang *bidangipun diagonal* kados udan grimis. Kanthi makaten Udan Riris gadhah teges minangka kekajengan supados sinten kemawon ingkang ngginakaken saged slamet raharja, tabah, saha prihatin sinaosa wonten bebenduning gesang (Condronegoro, 2010: 57-58).

g. Sawat Manak



Gambar 7 (Koleksi: Condronegoro)

Teges saking *motif* Sawat Manak adhedhasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019), ngandharaken:

- 1) Sawat : Inggih menika swiwi ingkang cacahipun kalih, pralambang kekiyatan
- 2) Wit Hayat : Pralambang saking wit swargi utawi gesang langgeng
- 3) Meru : Pralambang gunung inggih menika pralambang sumber gesang manungsa.
- 4) Kembang : Minangka pralambang kaendahan saha gadhah makna ingkang sae
- 5) Ron-ron : *Motif* ron-ron inggih menika pralambang saking *kesuburan*.
- 6) Peksi : Minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil satemah paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget.
- 7) Isen-isèn wonten ing nyamping bathik Sawat Manak inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi *ornamen* saha *motif* utawi ngisi *bidang* antawisipun *motif* saha *ornamen*. Isen-isènipun

cecek, inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi *bidang ornamen* .

Adhedhasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019) nyamping bathik Sawat Manak katitik saking *motif* awujud sawat ageng ingkang jejer kaliyan sawat alit. Tembung “sawat” ateges swiwi ingkang cacahipun satunggal, wondene “manak” menika tegesipun gadhah anak. Dados sawat ingkang ageng menika ibaratipun ibunipun, wondene sawat ingkang alit menika ibarat putranipun, pralambang ibu ingkang tresna marang putranipun, satemah tiyang ingkang ngginakaken samangke dipunkajengaken gadhah raos tresna marang tiyang sepuhipun.

h. Cakar Ayam



Gambar 8 (Koleksi: Condronegoro)

Teges saking *motif* Cakar Ayam kaandharaken ing ngandhap menika:

- 1) Kalebet golongan *motif* nitik awujud kothakingkang kasusun miturut *bidang geometris*, dipunparingi kaendahan isen-isen ingkang awujud cecek-cecek.
- 2) *Motif* Cakar Ayam ingkang kawontenan saking kalih pasang cakar ayam mawi ukuran ingkang sami karantam sacara unkur-unkuran. Pralambang supados saged pados rejeki ingkang halal saha dipunaringi lancar.

- 3) Sekar randu, sekar pace, saha sekar kentang inggih menika *motif* woh-wohan. Tetuwuhan minangka pralambang *kesuburan* wonten ing gesang (Yulyani, 2016: 9).

Nyamping Cakar Ayam katitik saking wujud cakar ayam ingkang wonten ing saben *motif*. Satemah bathik Cakar Ayam mujudaken pralambang kalancaran ing tembe anggenipun pados rejeki kados dene ayam ingkang pados pakan mawi cakaripun, awit raos tanggel jawab tumrap pagesangan tumrap kulawarganipun (Dinas Kebudayaan Yogyakarta, 2013: 138).

i. Grompol



Gambar 9 (Koleksi: Condronegoro)


Teges saking *motif* Grompol kaandharaken ing ngandhap menika:

- 1) *Motif* sekar ingkang gadhah *tajuk* sekawan, putik satunggal wonten ing tengahipun. Sekar minangka pralambang sipat gesang utawi saged ateges minangka *kasuburan* wonten ing gesang.
- 2) *Putik* ingkang wonten tengah sekar minangka lambang saking pusating gesang.
- 3) *Motif* wohipun ingkang dipunubengi dening sekawan pasang cecek tiga, minangka pralambang saking cikal bakal gesang ingkang kedah dipunjagi kawontenanipun.

4) *Motif* kothak ingkang pucukipun wolu. Dipunmaksudaken bilih woh pangajeng ingkang minangka pralambang tetuwuhan menika gadhah woh pangajeng ingkang dipunubengi saha dipunjagi wolu dewa ingkang njagi *mata angin* (Sabatari lumantar Yulyani, 2016: 8).

Nyamping Grompol katitik saking *motif* ceplok. Tembung grompol gadhah teges dhompol-grombol gadhah teges kempal manunggal. Mujudaken pralambang supados ngginakaken nyamping menika ing tembe saged nyawiji kaliyan kulawarganipun saha tansah linuberna karukunan, katentreman, saha kabagyan (Dinas Kebudayaan Yogyakarta, 2013: 137).

j. Lurik Tambar Pecah



Gambar 10 (Djoemeno, 2000: 70).

Teges saking Lurik Tambar Pecah kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

Nyamping menika dipunginakaken wonten ing pungkasan. Katitik saking *motif* ingkang arahipun *horizontal* saha *vertikal* utawi awujud kothak-kothak kados sarung. Tambar Pecah gadhah teges kajengipun ibu saged miyosaken putranipun kanthi lancar. Ibu saha putranipun wonten ing kawontenan ingkang slamet raharja sarta miyosipun putra ing tembe migunani saha arum asmanipun. Dipunibarataken kaliyan gampilipun tiyang ingkang saweg mecah tumbar saha wanginipun tumbar. Miturut kapitadosan kalih pucuk nyamping menika boten

pareng dipunjait saderengipun putranipun saged micara, supados putranipun saged tinebehna saking penyakit paningalan (Djoemena, 2000: 71).

k. Kemben Liwatan



Gambar 11 (Djoemeno, 2000: 70).

Teges saking Kemben Liwatan kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

Slendhang utawi Kemben Liwatan mawi pangajeng supados ibu saha putranipun tinebehna saking piyawon saha penyakit. Sasampunipun putranipun miyos slendhang menika badhe dipunginakaken kangge nggendhong putranipun, sarta dipunginakaken kangge alas nalika sakit (Djoemena, 2000: 71).

l. Bangun Tulak



Gambar 12 (Djoemeno, 2000: 70).

Teges saking Stagen Bangun Tulak kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

Stagen Bangun Tulak, dipunginakaken kangge iket wonten ing padharan calon ibu minangka tolak bala (Djoemena, 2000: 71).

m. Dringin



Gambar 13 (Djoemeno, 2000: 69).

Teges saking Kemben Dringin kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

Kemben Dringin, supados wanita ingkang yuswa kandhutanipun sampun tua, tinebehna saking nepsu birahi kangge kaslametan kandhutanipun (Djoemena, 2000:71).

6. Pendekatan Saintifik

a. Pangretosan Pendekatan Saintifik

Miturut Peraturan Menti Pendidikan dan Kebudayaan No 65 (2013) *pendekatan saintifik* inggih menika *proses* pasinaon ingkang ndadosaken siswa langkung *aktif* menawi sinau wonten ing pawiyatan. *Pendekatan saintifik* gadhah gangsal *tataran* utawi *langkah*, inggih menika: (a)*mengamati*, (b) *menanya*, (c) *mencoba*, (d) *mengasosiasi*, (e) *mengkomunikasikan* saha(f) *mencipta*.

Daryanto (2014: 51) ngandharaken pasinaon mawi *pendekatan saintifik* inggih menika *proses* pasinaon ingkang dipunrantam supados siswa saged *aktif* *mengkonstruksi konsep*, ukum utawi *prinsip* lumantar *tataran-tataran mengamati*, *merumuskan masalah*, *mengajukan* utawi *merumuskan hipotesis*, *mengumpulkan data* kanthi *mengkomunikasikan konsep* ukum ingkang dipunpikantuk.

Pendekatan saintifik paring ngelmu dhateng para siswa supados saged tepang, saha mangertosi maneka warni *materi* ngginakaken *pendekatan ilmiah*. *Informasi* menika boten namung saking guru kemawon ananging saged saking pundi kemawon. Kanthi makaten *proses* pasinaon dipunkajengken kangge paring panjurung dhateng siswa supados purun pados *informasi* saking maneka warni *sumber* lumatar *observasi* saha boten namung dipunparingi pirsu.

Penerapan pendekatan saintifik wonten ing *proses* pasinaon ingkang ngawontenaken *ketrampilan* kados dene *mengamati, mengklasifikasi, mengukur, meramalkan, menjelaskan, saha menyimpulkan*. Wonten ing *proses-proses* menika pambiyantunipun guru dipunprelukaken (Daryanto, 2014: 52).

b. *Prinsip-prinsip Pendekatan Saintifik*

- 1) Sipatipun pasinaon wonten ing siswa
- 2) Pasinaon awujud *student self concept*
- 3) Pasinaon tinebehna saking *verblisme*
- 4) Pasinaon paring kalodhangan dhateng siswa kangge *mengasimilasi* saha *mengakomodasi konsep, hukum, saha prinsip*
- 5) Pasinaon paring panjurung wontenipun *peningkatan kemampuan* menggalih siswa
- 6) Pasinaon ngindhakaken panjurung dhateng siswa saha panjurung guru ingkang mucal
- 7) Paring wekdal dhateng siswa kangge nggladhi *kemampuan* wonten ing pawicantenan.

- 8) Wontenipun *proses validasi konsep, hukum, saha prinsip* ingkang dikonstruksi siswa wonten ing *struktur kognitif* (Daryanto, 2014: 51-52).

c. *Tahapan Umum saha Model Pasinaon mawi Pendekatan Saintifik*

Daryanto (2014: 59) ngandharaken *tataran pendekatan saintifik* inggih menika 1) *mengamati*, 2) *menanya*, 3) *menalar*, 4) *mencoba*, 5) *membentuk jejaring* ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

- 1) *Mengamati*, inggih menika kegiatan siswa ngidentifikasi salah satunggaling perkawis lumantar panca indra.
- 2) *Menanya*, inggih menika siswa saged ngrumuskan perkawis ingkang sampun dipuntingali, dipunsemak, saha dipunwaos.
- 3) *Menalar*, siswa saged menggali kanthi *logis saha sistematis* saking *observasi* utawi *informasi* ingkang sampun dipunpikantuk.
- 4) *Mencoba*, kangge pikantuk asil pasinaon ingkang sajatosipun, pramila siswa kedah nindakaken *percobaan*.
- 5) *Mengkomunikasikan*, siswa saged damel *formulasi* saha tanggel jawab saking *pembuktian hipotesis*.

Miturut Musfiquon saha Nurdyansyah (2015: 132) *pendekatan saintifik* wonten tiga *model* pasinaon ingkang saged dipuntrapaken, inggih menika:

1) *Model Pasinaon Berbasis Proyek*

Model pasinaon berbasis proyek inggih menika, ingkang ngginakaken *proyek* utawi kegiatan minangka *media* pasinaon.

2) *Model Pasinaon Berbasis Masalah*

Model pasinaon berbasis masalah inggih menika karantam mawi ngawontenaken perkawis-perkawis ingkang salajengipun siswa pikantuk kawruh wigati saking perkawis menika.

3) *Model Pasinaon Berbasis Inkuiri*

Model pasinaon berbasis inkuiri, inggih menika nedahaken para siswa madosi salah satunggaling prastawa.

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil, panaliten menika ngginakaken *model pasinaon mawi pendekatan saintifik kanthi tataran;1) mengamati, 2) menanya, 3) menalar, 4) mencoba, 5) mengkomunikasikan*. Pasinaon mawi *pendekatan saintifik*, saged ndadosaken siswa langkung *aktif saha mandiri*.

B. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Alfian Anggoro Mukti saking Pendidikan Basa Jawi ingkang kaserat taun 2017. Panaliten menika kanthi irah-irahan “*Media Pop Up Book kangge Pasinaon Tata Upacara Penganten Gagrag Ngayogyakarta Siswa SMA Kelas XII*”. Panaliten saking Alfian Anggoro Mukti sami kaliyan panaliten menika, amargi ngginakaken *media pop up book*. Bedanipun *materi* ingkang dipunandharaken. Panaliten Alfian Anggoro Mukti ngandharaken tata upacara penganten Gagrag Ngayogyakarta, dene panaliten menika ngandharaken nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tingkeban, ananging *subyek* ingkang dados sasaran panaliten sami siswa kelas XII.

Salajengipun panaliten dening Priska Ninda Wahyu Lestari kanthi irah-irahan “Damel *Media Pasinaon Pop Up Book* Upacara Tingkeban kangge Siswa SMA Kelas XII”, panaliten menika sami-sami damel *media pasinaon pop up book* wonten ing upacara tingkeban. Bedanipun, panalitenipun Priska Ninda Wahyu Lestari dereng mawi *pendekatan saintifik* saha namung ngrembag babagan tata cara upacara tingkeban kemawon, sanes ubaramenipun.

Panaliten sanes ingkang jumbuh inggih menika panaliten saking Zisorah Sakrilia Maharani kanthi irah-irahan “Damel *Media Pasinaon Pop Up Book* Wacan Aksara Swara kangge siswa kelas VII”. Panaliten menika ugi ngginakaken *media pop up book*, sami-sami ngginakaken *pendekatan saintifik*. Bedanipun wonten ing irah-irahanipun, menawi panaliten saking Zisorah Sakrilia Maharani ngandharaken babagan aksara swara, panaliten menika ngandharaken babagan nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tingkeban.

C. Nalaring Pikir


Wonten *Kurikulum 2013* wonten *Kompetensi Dasar (KD)* “Memahami *prosesi upacara adat*”. Materi upacara adat ingkang dipunwulangaken wonten ing kelas XII inggih menika upacara tingkeban. Kathahipun *materi* wonten ing babagan upacara adat menika asring damel para siswa males, menawi kedah maos *LKS (Lembar Kerja Siswa)* utawi buku *paket*. Wondene Guru sampun ngginakaken *pendekatan saintifik*, ananging kangge ngecakaken *materi* upacara adat mawi ngginakaken *pendekatan saintifik* dhateng siswa taksih kawratan.

Awit saking kawontenan menika, pramila dipuntindakaken salah satunggaling cara supados para siswa boten *bosen* anggenipun sinau. Salah

satunggaling mawi *media pasinaon pop up book* ingkang ngandharaken nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tingkeban. *Media pasinaon pop up book* mawi *pendekatan saintifik* menika dipundamel supados siswa saged wigatos malih. Ancas sanesipun inggih menika supados para siswa langkung *aktif* saha gampil anggenipun nyinau babagan nyamping wonten ing upacara tingkeban.

Anggenipun damel *media pasinaon* menika salajengipun dipunsuwunaken *validasi* saking *dosen ahli* saha pambiji saking guru basa Jawi. Pamanggih saking guru basa Jawi saged dipunginakaken kangge nyampurnakaken *media pasinaon* ingkang sampun dipundamel. Ancasipun supados *media pasinaon* salajengipun saged nggampilaken siswa nalika nyinau babagan nyamping wonten ing upacara tingkeban.

Bagan 1. Nalaring Pikir



BAB III

METODE PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten ingkang dipuntidakaken ngginakaken *metode Research and Development (R&D)*. *Metode* panaliten *Research and Development (R&D)* inggih menika panaliten ingkang ngasilaken salah satunggaling *produk*. Wondene miturut Sugiyono (2015: 297) *metode Research and Development (R&D)* inggih menika *metode* panaliten kangge ngasilaken *produk* ingkang salajengipun dipunukur mawi *validasi ahli*. *Validasi ahli* saha *praktisi* dipunginakaken kangge ngukur *kualitas produk*. Pramila panaliten ingkang sipatipun *analisis* dipunginakaken kangge ngasilaken *produk*, supados saged mupangat wonten ing masarakat.

Miturut Borg saha Gall (lumantar Nurhayati, 2018: 94) panaliten saha pangrembaka ingkang wonten ing *metode* panalitien menika ngasilaken *produk Research and Development (R&D)*. *Metode* panaliten dipunginakaken kangge ngrembakakaken, saha paring *validasi* dhateng *produk media* pasinaon ingkang badhe dipunginakaken wonten ing pendidikan.

Miturut Putra (2015: 67) *Research and Development (R&D)* minangka *metode* panaliten ingkang dipunginakaken kangge ngasilaken *produk* ingkang unggul saha wonten maknaipun. Wondene miturut Nurhayati (2018: 96) *metode Research and Development (R&D)* kangge S1 langkung prasaja. *Metode* menika wonten sekawan *tataran, studi awal penelitian, desain, pengembangan* saha *validasi*. *Research and Development (R&D)* wonten ing panaliten menika saged dipunsebut *education research and development*, satemah panaliten

dipunginakaken kangge damel *produk* ingkang awujud *media* pasinaon. Panaliten pendidikan dipunginakaken kangge damel *model* pasinaon, *sistem evaluasi*, *modul* pasinaon, *media* pasinaon, *simulator* pasinaon, saha sanesipun.

Saking pamanggih wonten ing nginggil saged dipunmangertosi bilih *Research and Development (R&D)* inggih menika *metode* panaliten ingkang ancasipun kangge ngasilaken *produk-produk* tartamtu sarta ngukur *kualitas produk* wonten ing panganggenipun. Kasunyatanipun panaliten *Research and Development (R&D)* inggih menika jinising panaliten ingkang ancasipun nuwuhaken salah satunggaling *produk*.

B. Tata Lampahing Damel Media

Miturut Sugiyono saha Sukmadinata (lumantar Nurhayati, 2018: 96) panaliten *Research and Development (R&D)* wonten sekawan *tataran*, inggih menika: *studi awal penelitian*, *desain*, *pengembangan*, saha *validasi*.

1. Studi Awal Penelitian

Studi awal penelitian katindakaken minangka dhasar anggenipun damel *media* pasinaon. Kaperang dados kalih inggih menika, *analisis lapangan* saha *analisis kurikulum*. *Analisis lapangan* dipuntindakaken kanthi wawanpirembagan kaliyan guru basa Jawi. Kabetahan guru dipundadosaken dhasar kangge damel *media* pasinaon ingkang awujud *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban.

Analisis kurikulum dipuntindakaken kanthi cara maos *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing *tataran* SMA. Saged dipunmangertosi *kompetensi inti* saha *kompetensi dasar* ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken *indikator*.

Analisis menika saged kangge mangertosi *tingkat kelulusan* ingkang kedah dipungayuh dening para siswa.

2. Desain

Tataran desain inggih menika ngrantam tata urutan saking limrah dumugi ingkang *komplek*, kangge ngasilaken *produk*. Kawiwatan saking ngempalaken *materi* saking mapinten-pinten *sumber referensi*, saha wawanpirembagan dhateng ahli. *Materi* ingkang dipunkempalaken salajengipun dipundamel *flowchart*.

Flowchart menika awujud *bagan* kanthi pralambang utawi *diagram*. Pralambang utawi *diagram* nggambaraken rantaman kanthi cetha saha gayut antawisipun satunggal *materi* kaliyan sanesipun wonten ing *media*. *Flowchat* sampun dados dipundamel *story board*. *Story board* inggih menika awujud *sketsa* gambar ingkang rantamanipun sampunurut miturut *naskah materi* ingkang sampun dipundamel. Pramila *story board* saged ngandharaken *ide-ide* dhumateng tiyang sanes.

3. Pengembangan


Tataran pengembangan produk dipuntindakaken adhedhasar *desain* (*flowchart* saha *story board*) ingkang sampun ditetapkan. *Desain* ingkang sampun dados salajengipun dipundamel *media* pasinaon ingkang awujud *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban. *Produk* ingkang badhe dipundamel kedah adhedhasar kabetahan siswa saha *karakteristik media* ingkang badhe dipundamel.

Produk media pasinaon ingkang dados, salajengipun dipunsuwunaken *validasi* dening *dosen ahli* supados saged mangertosi *kualitas* saking *media*

pasinaon. *Validasi dosen ahli* salajengipun dipunsuwunaken pamanggih saking guru basa Jawi supados ndadosaken *media* pasinaon ingkang langkung sae.

4. Validasi

Tataran validasi, inggih menika *tataran* ingkang pungkasan. *Tataran validasi* katindakaken kanthi uji *validasi produk*. *Produk* wonten ing babagan menika saged dipun*validasi* dening *ahli bidang* kasebut saha dipunsuwunaken pamanggih dhateng *praktisi* inggih menika guru. *Validasi* dipunginakaken kangge mangertosi cakcakanipun *produk* jumbuh kaliyan ancas pasinaon menapa boten saha *materi* wonten ing *media* tumrap *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing sekolah. *Kualitas media* kasebut, satemah kangge mangertosi *media* ingkang dipundamel *layak* dipunginakaken wonten ing piwulangan menapa dereng.



Bagan 2. Alur Bagan Penelitian Pengembangan

C. Pambijining Produk

1. Desain Pambiji

Desain pambiji wonten ing panaliten menika ngginakaken desain pambiji deskriptif. Desain pambiji deskriptif namung ngandharaken asiling evaluasi kualitas media pasinaon dening dosen ahli saha guru basa Jawi. Asiling pambiji dipundadosaken evaluasi produk supados produk ingkang dipunasilaken sae. Desain pambiji katindakaken kalih tataran, inggih menika:

- a. Tataran 1: pambiji saking *dosen ahli*
- b. Tataran 2: pambiji saking guru basa Jawi.

2. Jinising *Data*

Jinising *data* ingkang dipunpikantuk inggih menika *data kualitatif* saha *data kuantitatif* babagan *proses pengembangan produk* saha *kaleresan produk* miturut *prosedur* ingkang sampun dipuntemtokaken. *Data* kasebut inggih menika:

- a. *Data kualitatif* inggih menika *data* pambijining *kualitas* salah satunggaling *produk*. Wonten ing ngriki saged dipunpirsani saking asiling andharan *indikator* wonten ing *angket* pambijining *produk media* pasinaon. Pambijining *produk* dipuntindakaken dening *dosen ahli* saha guru basa Jawi. *Data kualitatif* menika awujud pambijining Sae Sanget (SS), Sae (S), Cekap (C), Kirang (K), Kirang Sanget (KS).

Tabel 1: Data Kualitatif Angket Pambiji Kualitas Media Pasinaon

<i>Kode</i>	<i>Kategori</i>	<i>Skor</i>
SS	Sae Sanget	5
S	Sae	4
C	Cekap	3
K	Kirang	2
KS	Kirang Sanget	1

- b. *Data kuantitatif* sipatipun statistik, satemah kedah dipunlampahi kanthi ngetang biji saking *kriteria* ingkang dipunbiji *dosen ahli* saha guru basa Jawi. *Data* menika dipunandharaken wonten *tabel* ing ngandhap menika.

Tabel 2: Data Kuantitatif Angket Pambiji Kualitas Media Pasinaon

<i>Kode</i>	<i>Kategori</i>	<i>Skor</i>
SS	Sae Sanget	5
S	Sae	4
C	Cekap	3
K	Kirang	2
KS	Kirang Sanget	1

D. Pandom Pambijining Kualitas Media

1. Pandom Pambiji Kualitas Materi dening Dosen Ahli

Indikator pambijining *kualitas materi* saking *dosen ahli* tumrap *media pasinaon* ingkang dipundamel wonten 7 *indikator*, ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 3. Indikator Kualitas anggenipun Paring Panjurung dhateng Siswa

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Gambaripun narik kawigatosan siswa	1
2.	Wujudipun <i>media</i> ngremenaken siswa	1
3.	Warni saged sekeca dipunpirsani siswa	1
4.	Nyampingipun sampun cetha tumrap siswa	1
5.	Siswa gampil anggenipun mangertos andharan <i>materi</i>	1
<i>Skor Maksimal</i>		5

Tabel 4. Indikator Materinipun Trep kaliyan Kompetensi Dasar

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	<i>Materi</i> pasinaon leres saha jumbuh kaliyan <i>kompetensi dasar</i>	1
2.	<i>Materi</i> jangkep saha <i>sistematis</i>	1
3.	Andharan <i>materi</i> prasaja saha cetha	1
4.	Ukara ingkang kangge ngandharaken <i>materi</i> gampil dipunmangertosi	1
5.	<i>Materi</i> jumbuh kaliyan ancas pasinaon	1
<i>Skor Maksimal</i>		5

Tabel 5. Indikator Runtutipun Wedharan Materi

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Andharanipun babagan nyamping wonten ing adicara tingkeban sampun cetha	1
2.	Jinisipun nyamping sampun trep kaliyan gambaripun	1
3.	Jinisipun nyamping sampun leres sedaya	1
4.	Makna saben nyamping sampun leres	1

5.	Boten wonten jinis nyamping ingkang kaliwat utawi boten kaserat	1
Skor Maksimal		5

Tabel 6. Indikator Nggampilaken Siswa

No.	Indikator	Biji
1.	Pamilhing basa <i>komunikatif</i>	1
2.	<i>Materi</i> prasaja	1
3.	Wujud saha <i>tampilan media</i> narik kawigatosan	1
4.	Gambar saha <i>teks</i> sampun trep kaliyan <i>materi</i>	1
5.	Jinising nyamping sampun jangkep	1
Skor Maksimal		5

Tabel 7. Indikator Trep anggenipun Ngginakaken Basa

No.	Indikator	Biji
1.	Basa kaliyan <i>ejaan</i> jumbuh kaliyan paugeran <i>EYD</i>	1
2.	Basa boten nuwuhaken makna ingkang sami	1
3.	Tatat basanipun jangkep	1
4.	Basa ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan kawontenan siswa SMA kelas XII	1
5.	Tata panyeratipun basa sampun trep	1
Skor Maksimal		5

Tabel 8: Indikator trep anggenipun Ngandharaken Materi

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Materi</i> gampil dipunmangertosi	1
2.	<i>Materi</i> dipunandharaken kanthi <i>sistematis</i>	1
3.	Ngginakaken basa ingkang mentes	1
4.	<i>Materi</i> jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
5.	<i>Materi</i> dipunkantheni gambar kangge nggampilaken anggenipun sinau	1
Skor Maksimal		5

Tabel 9. Indikator Sarana Pasinaon kanthi Mandiri

No.	Indikator	Biji
1.	Guru minangka <i>fasilitator</i> salebeting pasinaon	1
2.	Boten wonten watesaning wekdal saha papan	1
3.	Saged ndadosaken sarana pasinaon kanthi <i>mandiri</i>	1
4.	Saged dipunbeta wonten ing pundi kemawon	1
5.	Saged kangge gladhi kanthi <i>mandiri</i>	1
Skor Maksimal		5

2. Panduan Pembiji Kualitas Media menurut Dosen Ahli

Pembijian kualitas media menurut dosen ahli tentang kualitas media salebeting pasinaon wonten 8 indikator, ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 10. Indikator Efektifitas Teks

No.	Indikator	Biji
1.	Ukuran <i>huruf</i> sampun sae	1
2.	Ukuran <i>huruf</i> gampil dipunwaos	1
3.	Mapanipun <i>huruf</i> sampun sekeca dipunwaos	1
4.	Ukuran <i>huruf</i> saha <i>font</i> gadhah <i>variasi</i>	1
5.	Pamilihan <i>font</i> ngginakaken <i>font</i> ingkang cetha	1
Skor Maksimal		5

Tabel 11. Indikator trep Pamilihipun Gambar

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Tampilan</i> gambar jumbuh kangge ngandharaken <i>materi</i>	1
2.	Gambaripun gayut antawisipun satunggal saha satunggalipun	1
3.	Gambar ingkang dipunginakaken trep kaliyan <i>materi</i>	1
4.	Gambar boten damel bingung pangangge <i>media</i>	1
5.	Gambar <i>ilustrasi</i> sampun sae wujudipun	1
Skor Maksimal		5

Tabel 12. Indikator trep Pamilihipun Warni

No.	Indikator	Biji
1.	Warni katingal cetha	1
2.	Warni ingkang dipunginakaken boten <i>monoton</i>	1
3.	Warni boten damel <i>bosen</i>	1
4.	Warni gambar saha <i>background</i> katingal laras	1
5.	<i>Gradasi</i> warni sampun sae	1
Skor Maksimal		5

Tabel 13. Indikator trep Pamilihipun Background

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Background</i> jumbuh kaliyan <i>materi</i>	1
2.	<i>Background</i> saged narik kawigatosan	1
3.	Gambar <i>background</i> katingal cetha kajengipun	1
4.	<i>Kesatuan</i> warni <i>background</i> sae	1
5.	Warni <i>background</i> jumbuh kaliyan warni sacara <i>umum</i> ing satunggal kaca	1
Skor Maksimal		5

Tabel 14. Indikator trep kaliyan Paraganipun

No.	Indikator	Biji
1.	Gambar trep kaliyan paraganipun	1
2.	Warnaning paraga katingal memper kaliyan kasuyatanipun	1
3.	Busana paraga sampun trep	1
4.	<i>Ekspresi</i> trep kaliyan paraganipun	1
5.	<i>Gestur</i> ingkang dipuntampilaken dening paraga trep kaliyan materinipun	1
Skor Maksimal		5

Tabel 15. Indikator Keseimbangan

No	Indikator	Biji
1.	Tatanan warni ing samak sampun trep	1
2.	<i>Keseimbangan</i> antawisipun seratan saha gambar sampun trep	1
3.	<i>Alur materi</i> sampun cetha	1
4.	Gambar kangge ngandharaken <i>materi</i> sampun jumbuh	1
5.	<i>Media</i> saha <i>materi</i> sampun jumbuh	1
Skor Maksimal		5

Tabel 16. Indikator Penekanan

No	Indikator	Biji
1.	Ukuran sedaya <i>aspek</i> ing <i>media</i> pasinaon sampun pas	1
2.	Gayut antawisipun satunggal saha satunggalipun	1
3.	Warni ingkang dipunginakaken sampun <i>trep</i>	1
4.	<i>Perspektif</i> ing salebeting <i>media</i> pasinaon sampun trep	1
5.	Trepipun <i>ruang penekanan</i> dhateng <i>unsur</i> ingkang wigati	1
Skor Maksimal		5

Tabel 17. Indikator Kreativitas

No	Indikator	Biji
1.	<i>Tampilan</i> gambar sae	1
2.	Paraganipun cetha sah saged narik kawigatosan	1
3.	Tatananipun warni katingal cetha saha sekeca dipunpirsani	1
4.	Mapanipun saben <i>objek</i> boten <i>monoton</i>	1
5.	Tampilan <i>media</i> saged narik kawigatosan	1
Skor Maksimal		5

Tabel 18. Indikator Tampilan Layout

No	Indikator	Biji
1.	<i>Layout</i> ingkang dipunginakaken sampun trep	1
2.	Warni <i>background</i> kaliyan seratan sampun trep	1
3.	<i>Layout</i> gampil dipunmangertosi	1
4.	<i>Layout</i> dipuntata kanthi runtut	1

5.	Warni gambar kaliyan <i>background</i> sampun sae	1
Skor Maksimal		5

3. Pambijining kualitas *Media Pasinaon* dening Guru Basa Jawi,

Pambijining dening guru basa Jawi menika wonten 9 *indikator*, ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 19. Indikator Jumbuhipun Materi kaliyan Kompetensi Dasar

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Materi pasinaon jumbuh kaliyan kompetensi dasar</i>	1
2.	<i>Materi pasinaon jumbuh kaliyan ancasing pasinaon</i>	1
3.	<i>Materi ngrembag babagan upacara tingkeban</i>	1
4.	Jumbuh <i>media</i> kaliyan awontenan saha kabetahan siswa SMA kelas XII	1
5.	<i>Tampilan media</i> trep kaliyan <i>materi</i> kanthi njubuhaken <i>objek</i> ingkang wonten salebeting <i>media</i> dhateng <i>materi pasinaon</i>	1
Skor Maksimal		5

Tabel 20. Indikator Jumbuhipun Media kaliyan Ancas Pasinaon

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Materi jumbuh kaliyan ancasing pasinaon</i>	1
2.	<i>Kompetensi dasar jumbuh kaliyan ancasing pasinaon</i>	1
3.	Jinising nyamping jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
4.	Gladhen jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
5.	<i>Media</i> damel siswa langkung gampil sinau babagan upacara adat tingkeban mliginipun nyamping wonten ing upacara tingkeban	1
Skor Maksimal		5

Tabel 21. Indikator Media saged Nuwuhaken Motivasi Siswa

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Media</i> narik kawigatosan siswa	1
2.	Gampil dipunmangertos <i>materi</i> nipun	1
3.	<i>Alur materi</i> runtut saha cetha	1
4.	<i>Media</i> saged ngindhakaken sinau siswa	1
5.	<i>Ilustrasi</i> cariyos damel remen siswa kangge sinau babagan nyamping ing upacara tingkeban	1
Skor Maksimal		5

Tabel 22. Indikator Cethanipun Andharan Materi

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Materi jumbuh kaliyan ancasing pasinaon</i>	1
2.	<i>Materi jumbuh kaliyan kompetensi dasar</i>	1

3.	Andharan <i>materi</i> runtut saha gampil dipunmangertosi	1
4.	Tuladha saha andharan <i>materi</i> sampun leres	1
5.	<i>Materi</i> ngrembag babagan nyamping wonten ing upacara tingkeban	1
Skor Maksimal		5

Tabel 23. Indikator Cetha anggenipun Paring Gladhen

No.	Indikator	Biji
1.	Gladhen jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
2.	Gladhen jumbuh kaliyan <i>Indikator</i> pasinaon	1
3.	Gladhen awujud ngandharaken jinising nyamping wonten ing upacara tingkeban	1
4.	Gladhen jumbuh kaliyan <i>materi</i> ingkang sampun kaandharaken	1
5.	Pitedah gladhen cetha	1
Skor Maksimal		5

Tabel 24. Indikator Basa Gampil dipunmangertosi

No.	Indikator	Biji
1.	Basa saha <i>ejaan</i> wonten <i>media</i> menika trep miturut tata panyerating tembung basa Jawi	1
2.	Tata basa sampun trep	1
3.	Mapanipun <i>pralambang</i> seratan sampun trep	1
4.	Basa ingkang dipunginakaken <i>komunikatif</i>	1
5.	Ukaranipun ringkes	1
Skor Maksimal		5

Tabel 25. Indikator Gampil Ngginakaken Media

No	Indikator	Biji
1.	<i>Media</i> gampil dipunginakaken	1
2.	<i>Media</i> narik kawigatosan	1
3.	<i>Media</i> ngewrat <i>materi</i> ingkang trep	1
4.	<i>Media</i> ringkes saha gampil kangge sinau	1
5.	Andharan <i>materi</i> saha gladhen sampun	1
Skor Maksimal		5

Tabel 26. Indikator Tampilan Layoutipun

No	Indikator	Biji
1.	<i>Layout</i> ingkang dipunginakaken sampun trep	1
2.	Warni <i>background</i> kaliyan seratan sampun trep	1
3.	<i>Layout</i> gampil dipunmangertosi	1
4.	<i>Layout</i> dipuntata kanthi runtut	1
5.	Warni gambar kaliyan <i>background</i> sampun sae	1
Skor Maksimal		5

Tabel 27. Indikator trep Tatanipun Warni

No	Indikator	Biji
1.	<i>Gradasi warni sampun sae</i>	1
2.	Warni gambar sampun trep kaliyan <i>background</i>	1
3.	Warni <i>background</i> trep kaliyan seratan	1
4.	Warni boten <i>mencolok</i>	1
5.	Warni ingkang dipunginakaken sampun sae kangge pasinaon	1
Skor Maksimal		5

E. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *angket (kuisisioner)*. *Angket (kuisisioner)* inggih menika salah satunggaling cara anggenipun ngempalaken *data* kanthi paring utawi nyebaraken *daftar* pitakenan dhateng *responden* kanthi pangajeng saged paring *respon* adhedhasar *daftar* pitakenan ingkang sampun dipundamel. *Daftar* pitakenan saged asipat binuka bilih wangsulan boten dipuntektokaken saderengipun. Ananging saged asipat katutup bilih *alternatif* wangsulan sampun dipunsamektakaken (Umar, 2011: 49-50).

F. Piranti Ngempalaken Data

Piranti ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *angket*. *Angket* ingkang awujud cethang utawi *skala* (Umar, 2011: 50). Wujud piranti kangge ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Piranti Validasi Kualitas Materi dening Dosen Ahli

Piranti *validasi kualitas materi* dening *dosen ahli* wonten 7 indikator ingkang kaandharaken kados wonten ing ngandhap menika.

Tabel 28. Angket Pambijining Babagan Materi Media

No.	Wedharan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	<i>Kualitas anggenipun paring panjurung siswa</i>					
2.	<i>Materipun trep kaliyan kompetensi</i>					
3.	<i>Runtutipun andharan materi</i>					
4.	<i>Nggampilaken sinau</i>					
5.	<i>Trep anggenipun ngginakaken basa</i>					
6.	<i>Trep anggenipun ngginakaken ejaan</i>					
7.	<i>Sarana pasinaon kanthi mandiri</i>					

2. Piranti Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli

Piranti validasi kualitas media dening dosen ahli wonten 9 indikator ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 29. Angket Pambijining Babagan Layout Media

No.	Wedharan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	<i>Efektifitas teks</i>					
2.	<i>Trep pamilihipun gambar</i>					
3.	<i>Trep pamilihipun warni</i>					
4.	<i>Trep pamilihipun background</i>					
5.	<i>Trep kaliyan paraganipun</i>					
6.	<i>Keseimbangan</i>					
7.	<i>Penekanan</i>					
8.	<i>Kreatifitas</i>					
9.	<i>Tampilan layout</i>					

3. Piranti Pambijining Media Pasinaon dening Guru Basa Jawi

Guru basa Jawi paring biji ingkang cacahipun wonten 9 indikator, ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 30. Angket Pambijining Media dening Guru Basa Jawi

No.	Wedharan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	<i>Jumbuhipun materi media kaliyan kompetensi dasar</i>					
2.	<i>Media jumbuh kaliyan ancasing pasinaon</i>					

3.	<i>Media</i> saged nuwuhaken <i>motivasi</i> ing salebeting pasinaon					
4.	Cethanipun andharan <i>materi</i>					
5.	Cetha anggenipun paring gladhen					
6.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi					
7.	Gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>					
8.	<i>Tampilan layout</i> ipun					
9.	Trepipun <i>tataran warni</i>					

G. Caranipun Analisis Data

Caranipun damel *analisis data* wonten panaliten menika ngginakaken kalih *tataran*. Ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Ngewahi Biji Kategori Dados Skor Pambiji

Wonten *analisis data* ingkang awujud biji kategori. Biji kategori menika salajengipun dipunewahi dados skor pambiji. *Kriterianipun* ingkang kaandharaken kados ing ngandhap menika.

Tabel 31. Kriteria Biji Kategori Kualitas Media dhateng Skor Pambiji

<i>Kode</i>	<i>Kategori</i>	<i>Skor</i>
SS	Sae Sanget	5
S	Sae	4
C	Cekap	3
K	Kirang	2
KS	Kirang Sanget	1

- 1) SS (Sae Sanget) bijinipun 5
- 2) S (Sae) bijinipun 4
- 3) C (Cekap) bijinipun 3
- 4) K (Kirang) bijinipun 2
- 5) KS (Kirang Sanget) bijinipun 1

2. Caranipun Analisis Skor

Analisis skor katindakaken kanthi cara ngetang *skor* saking panaliten salajengipun dipunperang kaliyan cacahing *skor ideal* kangge sedaya *item* dipunpingaken 100%. Cara *analisis skor* kanthi cara *matematis* saged dipunandharaken mawi *persentase* menika.

$$\text{Persentase tingkat pambiji} = \frac{\Sigma \text{ skor saking panaliten}}{\Sigma \text{ skor ideal sedaya item}} \times 100$$

Saking asiling *persentase tingkat pambiji* salajengipun dipungolongaken wonten ing *kategori kualitas media*. *Persentase tingkat pambiji* kaandaraken kados makaten.

Tabel 32. Kategori Pambiji Kualitas Media

Tingkat Penilaian	Kategori
80,1% - 100%	SS (Sae Sanget)
60,1% - 80%	S (Sae)
40,1% - 60%	C (Cekap)
20,1% - 60%	K (Kirang)
0% - 20%	KS (Kirang Sanget)

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGIPUN

A. Asiling Panaliten

1. Tataran Damel Media Pasinaon Pop Up Book Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban mawi Pendekatan Saintifik

Media pasinaon pop up book nyamping wonten ing upacara tingkeban dipundamel mawi pendekatan saintifik sarta jumbuh kaliyan modifikasi R&D kangge skripsi. Miturut Sugiyono saha Sukmadinata (lumantar Nurhayati, 2018: 96) panaliten R&D wonten 4 tataran, inggih menika: (1) studi awal penelitian; (1) desain; (3) pengembangan; (4) validasi. Wondene cakcanipun damel media pop up book badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Studi Awal Penelitian

Tataran ingkang kaping pisan inggih menika studi awal penelitian. Studi awal penelitian kaperang dados kalih inggih menika, analisis lapangan saha analisis kurikulum. Analisis lapangan dipuntindakaken kanthi observasi lapangan wonten ing SMA kangge mangertosi kabetahan guru saha siswa wonten ing materi pasinaon kanthi Kompetensi Dasar (KD) “Memahami upacara adat”.

Saking observasi lapangan, kawontenan wonten ing sekolah babagan pasinaon upacara adat gadhah pepalang antawisipun, kahanan siswa ingkang kirang mangertosi materi upacara adat mliginipun upacara tingkeban. Kathah siswa ingkang kirang remen, amargi materi ingkang dipunandharaken guru namung ngginakaken power point, buku paket saha LKS (Lembar Kerja Siswa) kemawon, satemah kirang narik kawigatosan para siswa.

Ingkang salajengipun inggih menika *analisis kurikulum*. *Kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing SMA inggih menika *kurikulum 2013*. *Kompetensi inti (KI) saha Kompetensi dasar (KD)* ingkang gayut kaliyan *materi* nyamping wonten ing upacara tingkeban kaandharaken ing ngandhap menika:

Kompetensi inti “memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural berdasarkan rasa ingintahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah”. *Kompetensi dasar “Memahami Prosesi Upacara Adat”*. Wonten *Kompetensi dasar* menika, *materi* upacara adat ingkang dipunrembag inggih menika upacara adat tingkeban. Wondene indikatoripun inggih menika:

1. *Siswa dapat menjelaskan pengertian tingkeban dengan tepat.*
2. *Siswa dapat menguraikan prosesi dalam upacara tingkeban dengan tepat.*
3. *Siswa dapat menyebutkan makna simbolik motif kain batik dalam upacara tinkeban dengan tepat.*

Saking kawontenan wonten ing nginggil menika salajengipun dipundamel *media* pasinaon supados boten dados pepalang wonten ing salebeting pasinaon. *Media* pasinaon ingkang dipunbetahaken inggih menika *pop up book*. *Media* pasinaon *pop up book* saged damel siswa langkung remen sinau, narik kawigatosan, boten winates wekdal saha papan, ugi ndadosaken siswa saged sinau kanthi mandiri. Guru mbetahaken *media* pasinaon adhedhasar *Kurikulum 2013*,

ingkang ndadosaken siswa sinau kanthi *mandiri, aktif*, saha nuwuhaken raos greget wonten ing salebeting pasinaon. Kawontenanipun guru taksih ngginakaken *LKS (Lembar Kerja Siswa)*, saha buku *paket* kemawon. Guru mbetahaken *media* ingkang boten winates *listrik, inovatif* saha *kreatif*.

Satengah dipundamel *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII.

b. Desain

Tataran desain inggih menika *tataran* damel *desain pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban. *Tataran desain* dipunwiwiti kanthi ngempalaken *sumber referensi* saha saking *informasi narasumber*. *Narasumber* ingkang sampun mumpuni wonten ing babagan nyamping inggih menika Ibu Mari Condrongoro. Salajengipun *referensi* ingkang sampun wonten dipundamel *flowchart*. *Flowchart* inggih menika awujud *bagian alur materi* wonten *media* pasinaon.

Flowchart salajengipun dipundamel dados *story board*. *Story board* wosipun sedaya *materi* pasinaon ingkang dipunlebetaken wonten ing *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban. *Materi* saking *pop up book* dipunandharaken mawi *pendekatan saintifik*.

c. Pengembangan

Tataran ingkang salajengipun inggih menika *tataran pengembangan*. *Tataran development* katindakaken mawi mujudaken *story board* dados *produk media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik*.

Media pop up book ingkang dipundamel kanthi *teknik komputer* saha *teknik manual*. Tataran kaping pisan inggih menika ngginakaken *teknik komputer*. *Teknik komputer* wonten panaliten menika ngginakaken *aplikasi Corel Draw X7*. *Teknik komputer* dipunginakaken kangge damel *desain pop up* kados dene damel *background, cover, paraga, proses editing, saha pewarnaan*. *Teknik manual* dipunginakaken sasampunipun nindakaken *proses cetak/print*, inggih menika *proses nggunting gambar saha proses ngrantam gambar dados pop up book*.

Produk ingkang dados, salajengipun dipunvalidasi dening *dosen ahli*. Sasampunipun *validasi*, panaliti nindakaken *revisi produk* ingkang jumbuh saha dipunsuwunaken *validasi* malih dhateng *dosen ahli*. Menawi sampun cekap anggenipun *validasi*, salajengipun nyuwun pamanggih *produk media pasinaon pop up book* dhateng guru basa Jawi wonten ing sekolah.

d. Validasi

Tataran sasampunipun *pengembangan* inggih menika *validasi*. *Media pasinaon* ingkang sampun dados, salajengipun dipunvalidasi dening *dosen ahli* tumrap *kualitas materi saha kualitas media*. *Dosen ahli* ingkang paring pamrayogi saha *evaluasi* tumrap *media pasinaon* inggih menika Prof. Dr. Suwarna, M. Pd.

Validasi materi dening *dosen ahli* dipuntindakaken kanthi kalih *tataran*. Asiling *validasi materi tataran I* pikantuk *rata-rata persentase 77%* ingkang kalebet sae. *Validasi materi tataran II* pikantuk *rata-rata persentase 91,4%* ingkang kalebet sae sanget. *Validasi media* dening *dosen ahli* menika ugi dipuntindakaken kanthi kalih *tataran*, *validasi media tataran I* pikantuk *rata-rata*

persentase 67% ingkang kalebet sae, saha validasi media tataran II pikantuk rata-rata persentase 91% ingkang kalebet kategori sae sanget.

Sasampunipun nindakaken *validasi*, salajengipun dipunrevisi miturut pamrayogi saking *dosen ahli*. *Media* pasinaon ingkang sampun dipunrevisi, salajengipun dipunsuwunaken *validasi* malih dumugi *produk media* pasinaon sampun *layak* dipunginakaken. *Media* pasinaon *pop up book* salajengipun dipunsuwunaken pambiji dening guru basa Jawi SMA N 1 Banguntapan inggih menika Ibu Dwi Putri Praptiningsih, S. S. Asiling pambiji dening guru basa Jawi katindakaken kanthi kalih *tataran*. Pambiji *tataran I* pikantuk *rata-rata 84,4%* ingkang kalebet *kategori sae sanget*, saha pambiji *tataran II* pikantuk *rata-rata 98%* ingkang kalebet *kategori sae sanget*.

Tataran ingkang salajengipun inggih menika *evaluasi*. *Evaluasi* katindakaken kanthi cara *analisis* pambiji saking *dosen ahli* saha guru basa Jawi. Asiling pambiji pungkasan pikantuk *rata-rata 84,8%* ingkang kalebet *kategori sae sanget*. Saking asiling *validasi* dening *dosen ahli*, saha guru basa Jawi saged dipunmangertosi bilih *media* pasinaon *layak* saha saged dados panyengkuyung wonten ing pasinaon nyamping wonten ing upacara tingkeban.

2. *Kualitas Media Pasinaon Pop Up Book Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban mawi Pendekatan Saintifik*

Kualitas media pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* menika saged dipunmangertosi kanthi cara *analisis* saking *validasi dosen ahli*. Wonten panaliten menika Prof. Dr. Suwarna, M. Pd., minangka *dosen ahli*.

Prof. Dr. Suwarna, M. Pd., minangka *dosen* wonten ing *Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa* pengampu mata kuliah ingkang gayut kaliyan ngelmu budaya, kejawi menika panjenenganipun asring dados pranatacara wonten ing pahargyan temanten saha upacara adat sanesipun. Pramila Prof. Dr. Suwarna, M. Pd., menika mumpuni dados *validator* ingkang jumbuh kaliyan *bidang*ipun.

Validasi dening *dosen ahli* menika gadhah ancas supados paring pambiji saha pamrayogi tumrap *materi* wonten ing *media* pasinaon ingkang dipundamel supados langkung sae. *Validasi materi* katindakaken kanthi cara sowan dhateng *dosen ahli* saha nyaosaken *produk media* pasinoansaha lembar *validasi* awujud angket. *Produk* salajengipun dipunbiji tumrap *indikator* ingkang kedah dipunisi wonten ing *angket*, salajengipun dipunevaluasi. Pamrayogi saking *dosen ahli* dipunginakaken kangge dhasar *revisi produk media* pasinaon. Andharan saking *kualitas media* salajengipun badhe kababar wonten ing ngandhap menika.

a. *Validasi Materi*


Validasi materi dening *dosen ahli* wonten kalih *tataran*, ingkang badhe kaandharaken wonten *tabel* ing ngandhap menika.

Tabel. 33 Asiling *Validasi Materi*

No	<i>Indikator</i>	Biji			
		<i>Tataran 1</i>	<i>Kategori</i>	<i>Tataran 2</i>	<i>Kategori</i>
1.	<i>Kualitas anggenipun paring panjurung siswa</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
2.	<i>Materinipun trep kaliyan kompetensi</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
3.	<i>Runtutipun andharan materi</i>	3	Cekap	5	Sae Sanget
4.	<i>Nggampilaken sinau</i>	4	Sae	4	Sae
5.	<i>Trep anggenipun</i>	4	Sae	4	Sae


	ngginakaken basa				
6.	Trep anggenipun ngginakaken <i>ejaan</i>	4	Sae	4	Sae
7.	Sarana pasinaon kanthi <i>mandiri</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
Cacahipun Biji		27	Sae	32	Sae Sanget
Rata-rata Persentase Biji		77%		91,4%	

Adhedasar *data* wonten ing *tabel* menika saged dipunmangertosi pambiji *dosen ahli* tumrap *materi tataran I* pikantuk *rata-rata 77%* ingkang kalebet *kategori sae*, saha pambiji *dosen ahli* tumrap *materi tataran II* pikantuk *rata-rata 91,4%* ingkang kalebet *kategori sae sanget*. Beda antawisipun *tataran I* saha *tataran II* menika 14,4%. Ateges pikantuk pamrayogi wonten ing *tataran I* salajengipun sampun dipuntindakaken *revisi* wonten ing *tataran II*. Ingkang dipunrevisi wonten ing *tataran I* inggih menika babagan *ejaan*, pamilihing tembung ingkang kirang trep, saha panyeratan *sumber* ingkang boten leres. *Dosen ahli* salajengipun paring pamanggih bilih *produk media* sampun *layak* dipunuji *coba* kanthi boten *revisi*.



Gambar 14. Grafik Asiling Pambiji Materi

Saking *grafik* ing nginggil, salajengipun saged dipunmangertosi *grafik* mindhakupun pambiji *materi* kados menika.



Gambar 15. Grafik Mindhakupun Pambiji Materi

b. Validasi Media


Validasi media dipuntindakaken kanthi kalih *tataran*, wondene badhe kaandharaken asiling biji *kulaitas media* wonten ing ngandhap menika.

Tabel. 34 Asiling Validasi Media

No.	Indikator	Biji			
		Tataran 1	Kategori	Tataran 2	Kategori
1.	<i>Evektifitas teks</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
2.	Trep pamilihipun gambar	2	Kirang	5	Sae Sanget
3.	Trep pamilihipun warni	3	Cekap	5	Sae Sanget
4.	Trep pamilihipun <i>background</i>	3	Cekap	4	Sae
5.	Trep kaliyan paraganipun	3	Cekap	5	Sae Sanget
6.	<i>Keseimbangan</i>	4	Sae	4	Sae
7.	<i>Penekanan</i>	4	Sae	4	Sae
8.	<i>Kreatifitas</i>	4	Sae	4	Sae


9.	<i>Tampilan layout</i>	3	Cekap	5	Sae Sanget
	Cacahipun Biji	30	Sae	41	Sae Sanget
	<i>Rata-rata Persentase Biji</i>	66,7%		91%	

Adhedasar *data* wonten ing *tabel* menika saged dipunmangertosi pambiji *media tataran I* pikantuk *rata-rata* 67% ingkang kalebet *kategori sae*, saha pambiji *media tataran II* pikantuk *rata-rata* 91% ingkang kalebet *kategori sae sanget*. Beda antawisipun *tataran I* saha *tataran II* menika 24%. Ateges pikantuk pamrayogi wonten *tataran I* salajengipun sampun dipuntindakaken *revisi* wonten ing *tataran II*. Ingkang dipunrevisi wonten ing *tataran I* inggih menika wonten perangan gambar ingkang kirang trep kaliyan *materi*, busana kedahipun ngginakaken busana gagrag Ngayogyakarta sanes gagrag Surakarta, saha gambar ingkang kirang gayut kaliyan urutanipun *materi*. Dosen ahli salajengipun paring pamanggih bilih *produk media* sampun layak dipunuji coba kanthi boten *revisi*. Wondene wonten ing ngandhap menika *grafik* pambiji dosen ahli *media*.



Gambar 16. Grafik Asiling Pambiji Media

Saking *grafik* ing nginggil menika, salajengipun saged dipunmangertosi *grafik* mindhakupun pambiji *media* kados menika.



Gambar 17. Grafik Mindhakupun Media

c. Pamanggih Guru Basa Jawi

Pamanggih guru basa Jawi dipuntindakaken menawi sampun pikantuk *validasi* saking *dosen ahli* bilih saged dipunuji *coba* kanthi boten *revisi*. Pamanggih guru gadhah ancas supados mangertosi *kualitas produk* ingkang dipundamel sampun *layak* menapa dereng menawi dipunginakaken wonten ing *porses* pasinaon.


Indikator salajengipun dipunbiji dening guru basa Jawi wonten ing SMA N 1 Banguntapan inggih menika Dwi Putri Praptiningsih, S.S. Panjenenganipun minangka guru basa Jawi kelas XI saha XII. Wondene *tabel* asiling pamanggihipun kados menika.

Tabel 35. Asiling Pamanggih Guru Basa Jawi

No.	Indikator	Biji			
		Tataran I	Kategori	Tataran II	Kategori
1.	Jumbuhipun <i>materi media kaliyan kompetensi dasar</i>	5	Sae Sanget	5	Sae Sanget
2.	<i>Media</i> jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	5	Sae Sanget	5	Sae Sanget
3.	<i>Media</i> saged nuwuhaken <i>motivasi ing salebeting pasinaon</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
4.	Cethanipun andharan <i>materi</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
5.	Cetha anggenipun paring gladhen	4	Sae	5	Sae Sanget
6.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi	4	Sae	5	Sae Sanget
7.	Gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>	4	Sae	4	Sae
8.	<i>Tampilan layout</i> ipun	4	Sae	5	Sae Sanget
9.	Trepipun <i>tataran warni</i>	4	Sae	5	Sae Sanget
Cacahipun Biji		38	Sae Sanget	44	Sae Sanget
Rata-rata Persentase Biji		84,4%		98%	


Adhedasar *data* wonten ing *tabel* menika saged dipunmangertosi bilih pamanggih saking guru basa Jawi pambiji *tataran I* pikantuk *rata-rata persentase* 84,4% ingkang kalebet *kategori sae sanget*, saha pambiji *tataran II* pikantuk *rata-rata persentase* 98% ingkang kalebet *kategori sae sanget*. Beda antawisipun *tataran I* saha *tataran II* menika 13,6%. Ateges pikantuk pamrayogi wonten *tataran I*, salajengipun sampun dipuntindakaken *revisi* wonten ing *tataran II*. Ingkang dipunrevisi saking *tataran I* inggih menika, dereng wonten andharan *motif*, saha dipuntambahi tata urutan adicara sasampunipun nyampingan. Saking

pamanggih menika saged dipunmangertosi ugi bilih *media* pasinaon *layak* dipunginakaken kangge *proses* pasinaon. Wondene wonten ing ngandhap menika *grafik* pamanggih guru basa Jawi.



Gambar 18. Grafik Pamanggih Guru

Saking *grafik* ing nginggil menika, salajengipun ugi saged dipunmangertosi *grafik* mindhakupun pambiji *media* kados menika.



Gambar 19. Grafik Mindhakupun Pamanggih Guru

B. Pangrembagipun

1. Caranipun Damel *Media Pasinaon Pop Up Book* Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban mawi *Pendekatan Saintifik*

a. *Studi Awal Penelitian*

Studi awal penelitian inggih menika *tataran* ingkang kaping pisan anggenipun damel *produk media* pasinaon. *Studi awal penelitian* kaperang dados kalih inggih menika *analisis lapangan* saha *analisis kurikulum*. *Analisis lapangan* katindakaken kanthi cara *observasi* dhateng sekolah saha wawanpirembagan kaliyan Ibu Dwi Putri Praptiningsih, S. S., minangka guru basa Jawi SMA N 1 Banguntapan. Ibu Dwi Putri Praptiningsih, S. S., ngandharaken bilih pasinaon basa Jawi mliginipun babagan nyamping wonten ing upacara tingkeban taksih ngginakaken *power point*, buku *paket* saha *LKS (Lembar Kerja Siswa)*. Anggenipun nggandharaken *materi* dereng ngginakaken *media* pasinaon. Siswa kathah ingkang awrat anggenipun nampi *materi*. Wawanpirembagan ingkang salajengipun kaliyan salah satunggaling siswa. Dipunpikantuk asil bilih pasinaon basa Jawi damel para siswa *bosen* saha kirang narik kawigatosan. Saking andharan *analisis* wonten ing nginggilsaged dipunmangertosi bilih *media* pasinaon ingkang dipunbetahaken guru saha siswa menika *media* pasinaon ingkang saged ndadosaken siswa sinau kanthi *mandiri* saha boten *monoton*.

Lampah salajengipun inggih menika *analisis kurikulum*. Sampun titis kaliyan *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing SMA inggih menika *kurikulum 2013. Kompetensi Inti (KI)* saha *Kompetensi Dasar (KD)* ingkang

gayut kaliyan *materi* nyamping wonten ing upacara tingkeban kaandharaken ing ngandhap menika:

Kompetensi inti “memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah”. *Kompetensi Dasar “Memahami Prosesi Upacara Adat”.* Wonten *Kompetensi dasar* menika, *materi* upacara adat ingkang dipunbahas inggih menika upacara adat tingkeban. Pramila *Indikator* ingkang panaliti pendhet inggih menika ;

1. *Siswa dapat menjelaskan pengertian tingkeban dengan tepat.*
2. *Siswa dapat menguraikan prosesi dalam upacara tingkeban dengan tepat.*
3. *Siswa dapat menyebutkan makna simbolik motif kain batik dalam upacara tingkeban dengan tepat.*

Saking andharan *analisis* menika, saged dipunmangertosi bilih *media* pasinaon ingkang dipunbetahaken inggih menika *media* pasinaon ingkang *efektif*, narik kawigatosan para siswa saha gampang dipuntampi para siswa. *Media* pasinaon ingkang dipundamel inggih menika awujud *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik*. *Media* pasinaon *pop up book* dipunkajengaken supados saged nggampilaken siswa anggenipun sinau, ndadosaken siswa langkung *aktif* saha *mandiri* ingkang jumbuh kaliyan *kurikulum*

2013. *Media pasinaon pop up book* ugi dipunkajengaken supados saged dados panyengkuyung saha nggampilaken guru anggenipun ngandharaken *materi pasinaon nyamping wonten ing upacara tingkeban*.

b. Desain

Tataran desain inggih menika *tataran damel desain pop up book nyamping wonten ing upacara tingkeban*. *Tataran desain* dipunwiwiti kanthi ngempalaken *referensi* kanthi cara pados buku ingkang trep kaliyan *materi*, saha pados *informasi* saking *narasumber* inggih menika Ibu Mari Condronegoro minangka tiyang ingkang mangertosi babagan nyamping. *Referensi* ingkang sampun wonten salajengipun dipunginakaken kangge damel *flowchart*. *Flowchart* awujud *bagan alur materi wonten media pasinaon*. *Flowchart* dipundamel kangge nggampilaken damel *alur rantaman media pasinaon*.

Flowchart salajengipun dipundamel dados *story board*. *Story board* inggih menika *naskah media*. *Story board* wosipun sedaya *materi pasinaon* ingkang dipunlebetaken wonten ing *media pasinaon pop up book nyamping wonten ing upacara tingkeban*. *Materi* saking *pop up book* dipunandharaken mawi *pendekatan saintifik* ingkang gadhah gangsal cakcakan.

Cakcakan ingkang kaping pisan inggih menika *mengamati*. Wosipun gayut kaliyan lampahing upacara tingkeban, siswa kasuwun ningali kanthi tliti lampahing upacara tingkeban. Ingkang kaping kalih *menanya*, dipuncaosaken tigang pitakenan ingkang kedah dipunwangsulni siswa. Ingkang kaping tiga *mengumpulkan informasi*, wosipun andharan sedaya *materi wonten ing pop up book*, saking pangretosan dumugi maknanipun saben *motif nyamping wonten ing*

upacara tingkeban. Ingkang kaping sekawan *mencoba*, dipunsamektakaken soal njodokaken antawisipun *motif* nyamping kaliyan naminipun nyamping. Ingkang kaping gangsal *mengkomunikasikan*, inggih menika gladhen soal ingkang gayut kaliyan upacara tingkeban. Siswa dipunsuwun mangsuli pitakenan, salajengipun dipuncocokaken kaliyan *kunci jawaban*.

Wondene peranan ingkang dipundamel wonten ing *pop up book* inggih menika: (a) *kompetensi dasar*; (b) *indikator*; (c) *mengamati*; (d) *menanya*; (e) *mengumpulkan informasi*; (f) *mencoba*; (g) *mengkomunikasikan*; (h) *kunci jawaban*; (i) *profil*; saha (j) kapustakan. *Tataran* menika nedahaken bilih *produk media* pasinaon menika jumbuh kaliyan *pendekatan saintifik*.

c. Pengembangan

Tataran ingkang salajengipun *pengembangan*. *Media* pasinaon *pop up book* dipundamel mawi kalih *teknik* inggih menika *teknik komputer* kaliyan *teknik manual*.

Teknik komputer ngginakaken *aplikasi Corel Draw X7* kangge damel *desain layout pop up book*. *Teknik manual* dipunginakaken menawi badhe ngethoki saha ngrantam *pop up book* ingkang sampun dipuncithak utawi dipunprint. *Teknik komputer* dipunginakaken kangge damel *background*, damel *paraga*, damel *gambar*, *pewarnaan*, saha *editing*. *Teknik manual* dipunginakaken kangge *proses* damel *story board*, *pemotongan gambar*, *penyusunan layout*, saha *penjilidan*.

1) *Teknik Komputer*

a) *Proses damel background, paraga, saha gambar*

Background saben *layout*ipun dipundamel ukuran A3. *Background* dipundamel kanthi paring *motif* sulur saha paraga wayang. *Proses* damel paraga saha gambar ingkang wonten ing kaca katindakaken kanthi gambar *manual* lumantar *aplikasi* wonten ing *komputer*. Paraga ingkang dipundamel kedah wonten gayutanipun kaliyan *materi* tingkeban, paraga ingkang dipundamel ngginakaken ageman gagrag Ngayogyakarta, saha wonten gayutanipun kaliyan tiyang sekolah. Salajengipun kangge gambar panyengkuyung dipundamel miturut kabetahan saben kaca.

b) *Proses Pewarnaan*

Proses pewarnaan dipundamel sasampunipun gambar sampun dados. Gambar dipunparingi warni ngginakaken *aplikasi Corel Draw X7*. Anggenipun paring warni kedah laras saha narik kawigatosan.

c) *Proses Editing*

Proses editing dipunginakaken kangge nyampurnakaken gambar saha nyusun *layout* saben kacanipun. *Proses editing* saben kaca menika beda-beda miturut kabetahanipun. Wondene rantamanipun wonten *narasi* ingkang sampun dipunpantha-pantha, gambar ingkang sampun dipunrantam panggenanipun, saha *background* kedah sampun dipuntrepaken ukuranipun.

d) *Proses Cetak utawi Printing*

Proses cetak utawi *printing* dipunlampahi kangge mujudaken *soft file* utawi *desain* ingkang sampun dipundamel dados *hard file*. Anggenipun nyithak dhateng *digital printing* wonten ing Bangunjiwa, Bantul, Yogyakarta. Wondene ngginakaken dlancang *ivory 230 gram* salajengipun dlancang *ivory* dipunparingi *lapisan doff*, supados boten gampang risak menawi dipuntekuk menapa kencing toya.

2) Teknik Manual

a) Proses Pemotongan

Soft file ingkang sampun awujud dlancang salajengipun dipunkethok. Piranti ingkang dipunbetahaken wonten ing *proses pemotongan* inggih menika gunting, *cutter* saha garisan.

b) Proses Penyusunan

Perangan ingkang sampun dipunkethok, salajengipun dipuntekuk-tekuk supados saged dados gambar ingkang saged njedul awujud *pop up book*. Piranti-piranti ingkang dipunginakaken inggih menika kados *doubletape*, gunting, garisan, pita, klip, saha bolpen.

Lembaran ingkang ukuranipun A3 salajengipun dipuntekuk dados ukuran A4 supados saged dipunbikak kados buku. Gambar ingkang badhe dipunpapanaken wonten ing tengah, dipuntekuk dados kalih salajengipun dipundamel *sudut*. Gambar dipuntemplekaken wonten tengah kaca ngginakaken *doubletape*, satemah gambar wonten ing *pop up book* saged *timbul* menawi dipunbikak. *Teknik* damel *pop up* saben kacanipun beda, gumantung *teknik* ingkang badhe dipunginakaken supados langkung *variasi*.

Materi nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi pendekatan saintifik cakcakanipun wonten gangsal, ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) *Mengamati*

Wonten ing salebeting pasianon perangan *mengamati*, siswa ngamati kanthi tliti gambar lampahing upacara tingkeban. Saking gambar menika saged dipunmangertosi menapa babagan ingkang badhe dipunsinau.



Gambar 20. Lampahing Upacara Tingkeban

2) *Menanya*

Wonten ing salabeting pasinaon perangan *menanya*, adhedhasar gambar lampahing adicara tingkeban ingkang sampun dipunamati, salajengipun siswa dipunsuwun saged mangsuli pitakenan. Pitakenan menika sampun kacawisaken wonten ing gambar paraga siswa SMA.



Gambar 21. Pitakenan wonten ing *Tataran Menanya*

3) *Mengumpulkan Informasi*

Salebeting *media* peranan *mengumpulkan informasi* wonten kaca ingkang ngewrat babagan pangretosan tingkeban, lampahing upacara tingkeban, saha lampahing adicara nyampingan.



Gambar 22. Pangretosan Tingkeban

Gambar 22 kalebet *tataran mengumpulkan informasi* ingkang ngandharaken pangretosan saha dumadining upacara tingkeban. *Objek* nggambaraken paraga Niken Satingkeb saha Sadiyo. Wosipun seratan wonten dlancang ingkang dipundudut inggih menika dumadining upacara tingkeban.



Gambar 23. Lampahing Upacara Tingkeban

Gambar 23 taksih kalebet *tataran mengumpulkan informasi*. Ngandharaken tata urut lampahing upacara tingkeban. Gambar wonten ing kaca menika dipunbikak satunggal mbaka satunggal saking angka satunggal. Wosipun inggih menika andharan saking tata urut lampahing upacara tingkeban.



Gambar 24. Lampahing Adicara Nyampingan

Gambar 24 taksih kalebet *tataran mengumpulkan informasi*. Dipunwaos saking urutan kaping pisan dumugi sekawan, seratan menika ngandharaken tata lampahing adicara nyampingan.



Gambar 25. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik

Gambar 25 kalebet *tataran mengumpulkan informasi*. Gambar jinising bathik ingkang katingal wonten ing kaca, menawi dipunbikak wonten andharan makna saking *motif* bathik Sidoluhur saha Sidomukti.



Gambar 26. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik

Gambar 26 taksih kalebet *tataran mengumpulkan informasi*. Gambar *motif* bathik Sidoasih menawi dipunbikak wonten *objek* ingkang timbul arupi paraga ingkang nembe ngginakaken nyamping bathik Sidoasih. Wonten ing sisihipun gambar, wonten andharan saking makna *motif* bathik Sidoasih. Ingkang sisih tengen wonten gambar bathik Parangkusuma, menawi gambar dipunbikak wonten andharan saking makna *motif* bathik Parangkusuma.



Gambar 27. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik

Gambar 27 kalebet *tataran mengumpulkan informasi*. Ngandharaken gambar saha makna saking *motif* bathik Semen Rama. Gambar gurda menawi dipunbikak, wonten andharan makna *motif* bathik Semen Rama ingkang salajengipun.



Gambar 28. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik

Gambar 28 kalebet *tataran mengumpulkan informasi*. Gambar ingkang katingal inggih menika gambar saking *motif* bathik Udan Riris saha bathik Grompol. Wonten ing seratan dudut wosipun andharan saking makna *motif* bathik Udan Riris saha bathik Grompol.



Gambar 29. Jinis saha Maknanipun Nyamping Bathik

Gambar 29 kalebet *tataran mengumpulkan informasi*. Gambar ingkang katingal inggih menika *motif* bathik Sawat Manak saha bathik Cakar Ayam. Menawi dipundudut wonten andharan saking makna *motif* bathik Sawat Manak saha bathik Cakar Ayam.



Gambar 30. Lurik

Gambar 30 taksih kalebet *tataran mengumpulkan informasi*. Gambar ingkang katingal inggih menika gambar lurik Tumba Pecah, kemban Liwatan, stagen Bangun Tulak, saha kemban Dringin. Andharan saben gambar sampun dipunserat wonten ing sisih tengenipun.




Gambar 31. Lampahing Upacara Tingkeban

Gambar 31 inggih menika gambar pungkasan saking *tataran mengumpulkan informasi*. Ngandharaken tata urut salajengipun lampahing adicara nyampingan. Menawi gambar dipunbikak badhe katingal andharanipun.

4) *Mencoba*

Salebeting pasinaon babagan *mencoba* utawi *mengolah informasi* siswa dipunsuwun saged ngolah saking kaca-kaca wonten ing *tataran mengumpulkan informasi*. Wonten ing kaca kasebut siswa dipunsuwun njodhokaken saben gambar *motif* nyamping kaliyan namanipun *motif* nyamping.




Gambar 32. Njodoakaken *motif* Nyamping ingkang Leres

5) Mengkomunikasikan

Salebeting pasinaon peranan *mengkomunikasikan* siswa dipunsuwun ngandharaken wangsulan saking pitakenan wonten ing gladhen soal. Wangsulan salajengipun dipuncocokaken kaliyan *kunci jawaban*.



Gambar 33. Gladhen Soal



Gambar 34. Kunci Jawaban

Sedaya kaca ingkang sampun dados salajengipun dipundadaosaken satunggal. Caranipun mawi dipuntemplekaken ngginakaken *doubletape*. Menawi sampun dados satunggal salajengipun dipunpasang *hardcover* wonten ing peranan ngajeng saha wingking kados buku.

Media pasinaon ingkang sampun dados, salajengipun dipuntindakaken *validasi* dening *dosen ahli* inggih menika Prof. Dr. Suwarna, M. Pd., saha

pamanggih saking guru basa Jawi SMA N 1 Banguntapan inggih menika Ibu Dwi Putri Praptiningsih, S. S.

d. Validasi

Media pasinaon pop up book nyamping wonten ing upacara tingkeban ingkang sampun dados, salajengipun dipun*validasi* dening *dosen ahli* inggih menika Prof. Dr. Suwarna, M. Pd. *Dosen ahli* maringi biji, pamrayogi, saha *evaluasi* babagan *kualitas materi* saha *kualitas media* wonten ing salebeting andharan *produk media* pasinaon ingkang dipundamel.

Validasi dening *dosen ahli* katindakaken kalih *tataran*. Pambiji *dosen ahli* tumrap *materi tataran I* pikantuk *rata-rata persentase* 77% ingkang kalebet sae. Pambiji *dosen ahli* tumrap *materi tataran II* pikantuk *rata-rata persentase* 91,4% ingkang kalebet sae sanget. Pambiji *dosen ahli* tumrap *media tataran I* pikantuk *rata-rata persentase* 67% ingkang kalebet sae, saha pambiji *dosen ahli* tumrap *media tataran II* pikantuk *rata-rata persentase* 91% ingkang kalebet *kategori* sae sanget.

Produk ingkang sampun pikantuk pasarujukan *layak* dipunginakaken, salajengipun dipunsuwunaken pamanggih saking guru basa Jawi wonten ing sekolah. Guru basa Jawi ingkang paring pamrayogi inggih menika Ibu Dwi Putri Praptiningsih, S. S minangka guru basa Jawi SMA N 1 Banguntapan. Pambijining guru basa Jawi katindakaken kanthi kalih *tataran*. *Tataran I* pikantuk *rata-rata* 84,4% ingkang kalebet *kategori* sae sanget, saha pambiji *tataran II* pikantuk *rata-rata* 98% ingkang kalebet *kategori* sae sanget.

Tataran ingkang salajengipun inggih menika *tataran evaluasi*. *Tataran evaluasi* kantindakaken kanthi damel *analisis* pambiji *dosen ahli* saha guru basa Jawi. Sedaya data dipunkempalaken, salajengipun dipun*analisis*. *Asiling* pambiji pungkasan pikantuk *rata-rata* 84,8% ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Saking analisis saged dipunmangertosi bilih *media* pasinaon sampun jumbuh kaliyan ancas pasinaon saha *layak* dipunginakaken wonten ing pasinaon nyamping wonten ing upacara tingkeban.

2. Evaluasi Kualitas Media Pasinaon Pop Up Book Nyamping wonten ing

Upacara Tingkeban mawi Pendekatan Saintifik

Evaluasi kualitas media pasinaon gadhah ancas supados *media* pasinaon langkung sae saha *layak* dipunginakaken kangge pasinaon. *Evaluasi* menika wonten tigang *tataran* inggih menika pamrayogi saking *dosen pembimbing*, *kualitas materi* dening *dosen ahli*, saha *kualitas media* dening *dosen ahli*. Wondene *evaluasi kualitas media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Pamrayogi saking Dosen Pembimbing

Pamrayogi saking *dosen pembimbing* dipunginakaken kangge dhasar ndandosi *media* pasinaon saderengipun dipun*validasi* dhateng *dosen ahli*. *Dosen pembimbing* wonten ing panaliten menika inggih Ibu Nurhidayati, S. Pd. M. Hum. Wondene *tampilan media* saderengipun saha sasampunipun dipun*revisi* kados makaten.



Gambar 35. Kaca 1 KD, Indikator saha Daftar Isi saderengipun Pikantuk Pamrayogi saking Dosen Pembimbing Gambar Paraga Boten Trep kaliyan Irah-irahan



Gambar 36. Kaca 1 KD, Indikator saha Daftar Isi sasampunipun Pikantuk Pamrayogi saking Dosen Pembimbing Gambar Paraga sampun Trep kaliyan Irah-irahan



Gambar 37. Kaca 2 Mengamati saderengipun Pikantuk Pamrayogi saking Dosen Pembimbing Paraga Sungkeman Boten Ngginakaken Busana Jawi



Gambar 38. Kaca 2 *Mengamati* sasampunipun Pikantuk Pamrayogi saking *Dosen Pembimbing* Paraga Sungkeman Sampun Ngginakaken Busana Jawi



Gambar 39. Kaca 3 *Menanya* saderengipun Pikantuk Pamrayogi Saking *Dosen Pembimbing* Paraga Boten Ngginakaken Busana *Pelajar*



Gambar 40. Kaca 3 *Menanya* saderengipun Pikantuk Pamrayogi Saking Dosen Pembimbing Paraga Sampun Ngginakaken Busana Pelajar



Gambar 41. Kaca 4 *Mengumpulkan Informasi* saderengipun Pikantuk Pamrayogi saking Dosen Pembimbing Paraganipun Boten wonten Garwanipun



Gambar 42. Kaca 4 *Mengumpulkan Informasi* sasampunipun Pikantuk Pamrayogi saking *Dosen Pembimbing Paraganipun Sampun wonten Garwanipun*



Gambar 43. Kaca 5 *Lampahing Adicara Nyampingan* saderengipun Pikantuk Pamrayogi saking *Dosen Pembimbing Layoutipun Kirang Rapi*



Gambar 44. Kaca 5 *Lampahing Adicara Nyampingan* sasampunipun Pikantuk Pamrayogi saking *Dosen Pembimbing Layoutipun sampun Rapi*



Gambar 45. Kaca 10 Jinis Nyamping Bathik saderengipun Pikantuk Pamrayogi saking *Dosen Pembimbing* Boten wonten *Pop UpBook*



Gambar 46. Kaca 10 Jinis Nyamping Bathik sasampunipun Pikantuk Pamrayogi saking *Dosen Pembimbing* Sampun wonten *Pop Up Book*

Sasampunipun panaliti ngadani *revisi produk*, salajengipun panaliti ngadani *validasi* dhateng *dosen ahli*. Pramila, *media* pasinaon ingkang sampun *dipunrevisi* dening *dosen pembimbing* salajengipun dipuncaosaken dhateng *dosen ahli*. *Dosen ahli* samangke badhe paring pambiji tumrap *materi* saha *medianipun*. Pambiji *produk* kanthi paring *angket* dhateng *dosen ahli*.

b. Pambiji Kualitas *Media Pasinaon* dening *Dosen Ahli* babagan *Materi*

Validasi dosen ahli tumrap *materi* kalampahan kanthi kalih *tataran*. Pambiji *dosen ahli* tumrap *materi tataran I* pikantuk biji 27, kanthi cara *persentase tingkat pambiji* $= \frac{27}{35} \times 100\%$ dados *rata-rata* 77% ingkang klebet *kategori sae*. Pambiji *dosen ahli* tumrap *materi tataran II* pikantuk 32, kanthi cara *persentase tingkat pambiji* $= \frac{32}{35} \times 100\%$ dados *rata-rata* 91,4% ingkang kalebet *kategori sae sanget*. Beda antawisipun *tataran I* saha *tataran II* *persentase* 14,4%, tegesipun pikantuk pamrayogi wonten *tataran I* salajengipun sampun dipunrevisi wonten ing *tataran II*. Ingkang dipunrevisi wonten ing *tataran I* inggih menika babagan *ejaan*, pamilihing tembung ingkang kirang trep, saha panyeratan *sumber*. Wondene wonten ing ngandhap menika *tabel materi* nyamping wonten ing upacara tingkeban saderengipun pikantuk pamrayogi saha sasampunipun pikantuk pamrayogi.

Tabel 36. *Materi* Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban saderengipun Pikantuk Pamrayogi saha sasampunipun Pikantuk Pamrayogi

No	Perangan	Saderengipun pikantuk pamrayogi	Sasampunipun pikantuk pamrayogi
1.	<i>Indikator</i>	1. Siswa dapat <u>menjelaskan</u> prosesi dalam upacara tingkeban dengan tepat. 2. Siswa dapat <u>menjelaskan</u> makna simbolik motifkain batik dalam upacara tingkeban dengan tepat.	1. Siswa dapat <u>menguraikan</u> prosesi dalam upacara tingkeban dengan tepat. 2. Siswa dapat <u>menyebutkan</u> makna simbolik motifkain batik dalam upacara tinkeban dengan tepat.
2.	Pangretosan	Upacara tingkeban dipuwastani ugi mitoni ingkang kapethik saking tembung pitu..... Miturut kapitadosan,	Upacara tingkeban dipuwastani ugi mitoni ingkang kapethik saking tembung pitu..... Miturut kapitadosan,

		wekdal menika para widadari nembe ngandhap salajengipun siram. <u>Wiyoso (2000: 27-28)</u>	wekdal menika para widadari nembe ngandhap salajengipun siram (<u>Wiyoso, 2000: 27-28</u>).
3.	Lampahing Adicara Tingkeban	Saderengipun dipikantuk pamrayogi saking <i>dosen ahli</i> , lampahing adicara tingkeban dereng dipunandharaken tata caranipun. 1) Sungkeman – Ingkang nindakaken inggih menika calon ibu saha calon bapak. Ngaturaken sungkem, nyuwun pangapunten saha nyuwun donga pamuji miwah pangestu dhateng tiyang sepuh kekalih. <u>Wawanrembag kaliyan Condronogoro (2019) & Astuti (2019: 43).</u>	Sasampunin pikantuk pamrayogi saking <i>dosen ahli</i> , lampahing adicara tingkeban sampun dipunandharaken tata caranipun. 1) Sungkeman – Sungkeman dipuntindakaken dening calon ibu saha calon bapak. Ngaturaken sungkem, nyuwun pangapunten saha nyuwun donga pamuji miwah pangestu dhateng tiyang sepuh kekalih. Salajengipun tiyang sepuh paring donga pangestu kangge keslametan calon ibu saha calon bayi. Tiyang sepuh kekalih lenggah wonten kursi, salajengipun calon ibu saha calon bapak sungkem, nyembah kanthi badan ingkang wungkuk saha tangan wonten ing posisi sembah dipuntemplekaken wonten dengkul tengen tiyang sepuh. Saderengipun sungekam kaliyan tiyang sepuh saenipun calon ibu sungkem rumiyin dhateng kang garwa. (<u>Astuti, 2019: 43 saha Pringgawidagda, 2003: 32 – 38</u>).
4.	Jinising Nyamping	 samangke saged dados tiyang berbudi pakerti ingkang luhur saha tiyang ingkang sae. (<u>Disbud Yogyakarta 2013: 202</u>).	 samangke saged dados tiyang berbudi pakerti ingkang luhur saha tiyang ingkang sae(<u>Disbud Yogyakarta, 2013: 202</u>).
5.	Jinising		<u>Adhedhasar</u>

	Nyamping	gadha raos katresnan marang tiyang sanes. (Wawanpirembagan kaliyan Condronegoro 2019).	wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019) nyamping Sidoasih katitik saking
		Motif Sidomukti : 1) <u>Gurdha</u> : Peksi <u>Gurdha</u> inggih menika peksi ingkang ukuranipun ageng..... 2) Sawut inggih menika garis – garis alus ingkang sejajar rapet minangka isen-isen gegodhongan, <u>bunthut</u> peksi saha sanesipun	Motif Sidomukti : 1) <u>Gurda</u> : Peksi <u>Gurda</u> inggih menika peksi ingkang ukuranipun ageng..... 2) Sawut inggih menika garis – garis alus ingkang sejajar rapet minangka isen-isen gegodhongan, <u>buntut</u> peksi saha sanesipun.

1) *Kualitas anggenipun Paring Panjurung dhateng Siswa*

Kualitas anggenipun paring panjurung dhateng siswa saking produk media pasinaon menika wonten ing validasi tataran I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae, salajengipun wonten ing validasi tataran II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking media pasinaon menika. Warni ingkang dipungianakekn wonten media pasinaon menika trep kangge tataran SMA. Koreksi saking indikator kualitas anggenipun paring panjurung dhateng siswa inggih menika gambaripun kirang trep kaliyan irah-irahanipun.

2) *Materinipun Trep kaliyan Kompetensi Dasar*

Materi wonten ing produk media menika pikantuk biji 4 wonten ing validasi tataran I ingkang kagolong sae, salajengipun wonten ing validasi tataran II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking materi pasinaon ingkang sampun jumbuh kaliyan kompetensi dasar. Koreksi saking indikator materinipun trep kaliyan kompetensi dasar

menika amargi wonten ing *tataran I indikator pencapaian*ipun wonten tembung ingkang kirang laras kaliyan *materi*ipun.

3) Runtutipun Andharan Materi

Runtutipun andharan materi wonten *produk media* pasinaon menika wonten ing *validasi tataran I* pikantuk biji 3 ingkang kagolong cepak, salajengipun wonten ing *validasi tataran II* pikantuk biji 5, ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking *runtutipun andharan materi* sasampunipun dipunrevisi. Koreksi saking indikator *runtutipun andharan materi* menika, amargi wonten ing *validasi tataran I* gambar saking *pop up book* menika boten *runtut* utawi mlumpat-mlumpat saha saged damel bingung siswa ingkang maos *materi*.

4) Nggampilaken Sinau

Indikator nggampilaken sinau wonten ing *produk media* pasinaon menika pikantuk biji 4 wonten ing *validasi tataran I* saha II, ingkang kagolong sae. Pambiji menika saged dipunpirsani saking gambar ingkang narik kawigatosan, saha anggenipun ngginakekan *media* pasinaon gampil, satemah siswa boten awrat nalika sinau.

5) Trep anggenipun Ngginakaken Basa

Indikator Trep anggenipun ngginakaken basa wonten ing *produk media* pasinaon menika pikantuk biji 4 wonten ing *validasi tataran I* saha II ingkang kagolong sae. Pambiji menika saged dipunpirsani saking *media* pasinaon menika, basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa krama ingkang taksih saged dipunmangertosi siswa, saha basanipun *komunikatif*.

6) Trep anggenipun Ngginakaken *Ejaan*

Indikator trep anggenipun ngginakaken *ejaan* wonten ing *validasi tataran* I saha II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae. Pambiji menika saged dipunpirsani saking *ejaan* ingkang dipunginakaken wonten ing tembung-tembung salebeting *media pasinaon pop up book*.

7) Sarana Pasinaon kanthi *Mandiri*

Indikator sarana pasinaon kanthi *mandiri* wonten ing *validasi tataran* I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae, salajengipun wonten ing *validasi tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pamrayogi saking *validasi tataran* I saking *dosen ahli* inggih menika gambar wonten ing *pop up book* taksih kathah ingkang ndadosaken siswa bingung awit boten *seimbang* antawisipun gambar saha andharanipun.

c. Pambiji Kualitas *Media Pasinaon* dening *Dosen Ahli*

Validasi dosen ahli tumrap *media* kalampahan kanthi kalih *tataran*. Pambiji *dosen ahli* tumrap *media tataran* I pikantuk biji 30, kanthi cara *persentase tingkat* pambiji $= \frac{30}{45} \times 100\%$ dados *rata-rata* 67% ingkang kalebet *kategori* sae. Pambiji *dosen ahli* tumrap *materi tataran* II pikantuk 41, kanthi cara *persentas tingkat* pambiji $= \frac{41}{45} \times 100\%$ dados *rata-rata* 91% ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Beda antawisipun *tataran* I saha *tataran* II menika 24%, tegesipun pikantuk pamrayogi wonten *tataran* I salajengipun sampun dipunrevisi wonten ing *tataran* II. Ingkang dipunrevisi wonten ing *tataran* I inggih menika wonten perangan gambar ingkang kirang trep kaliyan *materi*, busana kedahipun ngginakaken busana gagrag Ngayogyakarta sanes gagrag Surakarta, saha gambar

ingkang kirang gayut kaliyan urut-urutanipun *materi*. Salajengipun pambijining *media* dening *dosen ahli* badhe kababar kados makaten.

1) *Efektivitas Teks*

Indikator efektivitas teks, wonten ing *validasi tataran I* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae, salajengipun wonten ing *validasi tataran II* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking *teks* wonten ing salebeting *media* pasinaon ingkang sampun *efektif*. *Revisi* saking *tataran I* inggih menika wonten tembung ingkang kirang trep kaliyan ukaranipun, saha wonten *tanda baca* ingkang kirang trep.

2) *Trep Pamilihipun Gambar*

Indikator trep pamilihin gambar, wonten ing *validasi tataran I* pikantuk biji 2 ingkang kagolong kirang sanget, salajengipun wonten ing *validasi tataran II* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking gambar ingkang narik kawigatosan, *tampilan* ingkang jumbuh kaliyan andharan *materi*, saha *background*. *Revisi* saking *tataran I* inggih menika, amargi wonten gambar ingkang kirang jumbuh kaliyan *materi*ipun.



Gambar 47. Saderengipun dipunrevisi *Objek*ipun boten Jumbuh



Gambar 48. Sasampunipun dipunrevisi Objekipun sampun Jumbuh

3) Trep Pamilihipun Warni

Indikator trep pamilihipun warni wonten ing *validasi tataran I* pikantuk biji 3 ingkang kagolong cekap, salajengipun wonten ing *validasi tataran II* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking warni ingkang sampun narik kawigatosan, warni *background* ingkang sampun trep kaliyan paraga, warni paraga ingkang trep kaliyan kahananipun, saha warni seratan ingkang trep kaliyan *background* satemah seratan saged katingal cetha. *Revisi* saking *tataran I* inggih menika pamilihipun warni kangge paraga ingkang *monoton*.

4) Trep Pamilihipun Background

Indikator trep pamilihipun *background*, wonten ing *validasi tataran I* saha *validasi tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae. Pambiji menika saged dipunpirsani saking pamilihipun *background* ingkang boten *monoton*, boten mencolok, saha saged narik kawigatosan.

5) Trep kaliyan Paraganipun

Indikator trep kaliyan paraganipun wonten ing *validasi tataran I* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae, salajengipun wonten ing *validasi tataran II* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking

paraga ingkang narik kawigatosan. *Revisi* saking *tataran* I inggih menika amargi paraga kedahipun ngginakaken ageman gagrag Ngayogyakarta sedaya, boten campur antawisipun gagrag Surakarta saha gagrag Ngayogyakarta.



Gambar 49. Gambar saderengipun dipunrevisi Agemanipun Gagrag Surakarta



Gambar 50. sasampunipun dipunrevisi Agemanipun Ngayogyakarta

6) Keseimbangan

Indikator keseimbangan wonten ing *validasi tataran* I saha *validasi tataran* II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae. Pambiji saged dipunpursani saking gambar ingkang *konsisten*, *keseimbangan* saking seratan, paraga, saha *background* ingkang sampun sae. *Revisi* saking *tataran* I inggih menika gambar ingkang boten wonten gayutanipun kaliyan *materi*.



Gambar 51. Saderengipun dipunrevisi Agemanipun Paraga boten Gayut kaliyan Materi



Gambar 52. Sasampunipun dipunrevisi Agemanipun Paraga sampun Gayut kaliyan Materi

7) *Penekanan*

Indikator penekanan wonten ing *validasi tataran I* saha *validasi tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae. Pambiji menika saged dipunpirsani saking paraga, gambar, *background*, *pop up* ingkang *variasi*, saha seratan ingkang cetha.

8) *Kreatifitas*

Indikator kreatifitas wonten ing *validasi tataran I* saha *validasi tataran II* pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae. Pambiji menika saged dipunpirsani saking gambar utawi *objek*, paraga, saha *background* ingkang *desain* piyambak.

9) *Tampilan Layout Media*

Indikator tampilan layout media wonten ing *validasi tataran I* pikantuk biji 3 ingkang kagolong cekap, salajengipun wonten ing *validasi tataran II* pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking tatanan gambar ingkang sampun sae saha laras. *Revisi* saking *tataran I* inggih menika amargi wonten gambar ingkang kirang rapi saha paraga ingkang tatananipun kirang sae.




Gambar 53. Saderengipun dipunrevisi *Tampilan Profil* Kirang Sae




Gambar 54. Sasampunipun dipunrevisi *Tampilan Profil* sampun Sae

Saking andharan wonten ing nginggil ateges bilih *media* pasinaon menika pikantuk pamrayogi saking *dosen ahli*. Pamrayogi menika saged dipunpirsani saking seratan wonten ing angket peranan pamrayogi wonten ing ngandhap menika.




Gambar 55. Pamrayogi Dosen Ahli Tataran I




Gambar 56. Pamrayogi Dosen Ahli Tataran II

d. Pamanggih dening Guru Basa Jawi

Guru basa Jawi SMA N 1 Banguntapan Ibu Dwi Putri Praptiningsih, S. Sparing pambiji saha pamrayogi kanthi *angket* kangge mangertosi *media* pasinaon menika saged dipunginakaken kangge pasinaon menapa dereng. Asiling pambiji saking guru basa Jawi *tataran* I kanthi cara *persentase tingkat* pambiji $= \frac{38}{45} \times 100\%$ pikantuk biji *rata-rata* 84,4 % ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Salajengipun pambiji saking guru basa Jawi *tataran* II kanthi cara *persentase tingkat* pambiji $= \frac{44}{45} \times 100\%$ pikantuk biji *rata-rata* 98% ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Pamrayogi saking guru basa Jawi saged dipunpirsani wonten gambar ing ngandhap menika.



Gambar 57. Pamrayogi saking Guru Basa Jawi Tataran I



Gambar 58. Pamrayogi saking Guru Basa Jawi Tataran II

Pamrayogi saking guru basa Jawi wonten ing nginggil inggih menika, dipuntambahi katrangan babagan perangan *motif* nyamping, saha dipuntambahi rantamanipun upacara tingkeban sasampunipun adicara nyampingan supados siswa saged jangkep anggenipun sinau. Wondene biji saking guru basa Jawi saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

1) Jumbuhipun Materi Media kaliyan Kompetensi Dasar

Indikator jumbuhipun materi media kaliyan kompetensi dasar, wonten ing *tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking *media* pasinaon ingkang andharan *materinipun* sampun cetha saha gampil dipunmangertosi.

2) Media Jumbuh kaliyan Ancasing Pasinaon

Indikator media jumbuh kaliyan ancasing pasinaon, wonten ing *tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking *media* pasinaon menika sampun jumbuh kaliyan *kompetensi dasar* inggih menika “Memahami Prosesi Upacara Adat”.

3) *Media Saged Nuwuhaken Motivasi ing Salebeting Pasinaon*

Indikator media saged nuwuhaken motivasi ing salebeting pasinaon. Wonten ing *tataran* I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae saha wonten ing *tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking *media* pasinaon ingkang narik kawigatosan, saha damel remen wonten ing *proses* pasinaon.

4) *Cethanipun Andharan Materi*

Indikator cethanipun andharan materi wonten ing tataran I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae saha wonten ing *tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking *materi media* pasinaon ingkang sampun cetha saha runtut. *Revisi* saking *tataran* I inggih menika kirang wonten andharan materi babagan *motif* bathikipun ingkang cetha.



Gambar 59. Gambar saderengipun Pikantuk Pamrayogi saking Guru Basa Jawi boten wonten Andharan *Motif*



Gambar 60. Gambar sasampunipun Pikantuk Pamrayogi saking Guru Basa Jawi sampun wonten Andharan *Motif*

5) Cetha anggenipun Paring Gladhen

Indikator cetha anggenipun paring gladhen wonten ing *tataran* I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae saha wonten ing *tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking ukara prentah wonten ing gladhen soal ingkang sampun dipuncawisaken.

6) Basa ingkang Dipunginakaken Gampil Dipunmangertosi

Indikator basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi, wonten ing *tataran* I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae saha wonten ing *tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking basa wonten ing *media* pasinaon menika *komunikatif* satemah gampil dipunmangertosi dening siswa.

7) Gampil anggenipun Ngginakaken *Media*

Indikator gampil anggenipun ngginakaken *media* wonten ing *tataran* I saha *tataran* II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae. Pambiji menika saged dipunmangertosi saking *media pasinaon* ingkang boten damel repot saha boten

mbetahaken piranti sanesipun menawi badhe dipunginakaken. Ananging kedah ngatos-atos anggenipun mbikak amargi gampil risak.

8) *Tampilan Layout*

Indikator tampilan layout wonten ing *tataran* I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae saha wonten ing *tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking gambar, *objek*, *background*, paraga ingkang narik kawigatosan, saha *kreatif* anggenipun damel.



Gambar 61. Gambar sasampunipun Pikantuk Pamrayogi saking Guru Basa Jawi dipuntambahi Materi

9) *Trep Tataran Warni*

Indikator trep tataran warni wonten ing *tataran* I pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae saha wonten ing *tataran* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Pambiji menika saged dipunpirsani saking pamilihipun warni ingkang boten *monoton* saha boten *mencolok*.

3. Asiling Pambiji saha Tampilan Pungkasan *Media Pasinaon Pop Up Book*

Nyamping wonten ing Upacara Tingkeban mawi *Pendekatan Saintifik*

a. Asiling Pambiji Pungkasan

Media pasinaon pop up book nyamping mawi *pendekatan saintifik* pikantuk pambiji pungkasan kanthi cara *persentase* biji pungkasan:

$$\frac{\text{pambiji materi dening dosen ahli} + \text{pambiji media dening dosen ahli} + \text{pambiji guru}}{300} \times 100\%$$


dados *persentase* biji *pungkasan*: $\frac{84,2+78,9+91,2}{300} \times 100\% = 84,8\%$ ingkang

kagolong *katerogi* sae sanget. Wondene andharan pambijining *media* pasinaon saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 37. Asiling Pambiji Pungkasan *Media* Pasinaon

No.	Asiling Pambiji <i>Media</i> Pasinaon	<i>Persentase Rata-rata</i>	<i>Katerogi</i>
1.	<i>Validasi materi</i> dening <i>dosen ahli</i>	84,2%	Sae Sanget
2.	<i>Validasi media</i> dening <i>dosen ahli</i>	78,9%	Sae
3.	Pambiji guru basa Jawi	91,2%	Sae Sanget
Asiling Pambiji Pungkasan (<i>Rata-rata</i> asiling pambiji <i>media</i> pasinaon)		84,8%	Sae Sanget

Wondene *grafik* saking asiling pambiji pungkasan *media* pasinaon saking *validasi materi* dening *dosen ahli*, *validasi media* dening *dosen ahli*, saha pambiji guru basa Jawi saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.



Gambar 62. Grafik Asiling Pambiji Pungkasan *Media* Pasinaon

Adhedhasar *grafik* wonten ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih biji *validasi kualitas materi* inggih menika 84,2%. Biji dipunpikantuk saking *rata-*

*rata biji validasi tataran I saha validasi tataran II. Validasi tataran I pikantuk 77% saha validasi tataran II pikantuk 91,4%. Aspek ingkang dipunbiji ing validasi materi wonten 7 indikator, inggih menika: 1) Kualitas anggenipun paring panjurung siswa, 2) Materinipun trep kaliyan *Kompetensi Dasar*, 3) Runtutipun andharan materi, 4) Nggampilaken sinau, 5) Trep anggenipun ngginakaken basa, 6) Trep anggenipun ngginakaken *ejaan*, saha 7) Sarana pasinaon kanthi *mandiri*. Saking pambiji menika saged dipunmangertosi bilih *kualitas materi* wonten ing *media* pasinaon ingkang dipundamel kagolong sae sanget. *Media* pasinaon sampun jumbuh kaliyan *kompetensi dasar*, *materinipun* sampun cetha, jangkep, saha saged dipunginakaken wonten piwulangan ing kelas.*

Validasi kualitas media pikantuk biji 78,9%. Biji menika dipunpikantuk saking rata-rata biji validasi tataran I saha validasi tataran II. *Validasi tataran I* pikantuk 67% saha *validasi tataran I* pikantuk 91%. *Aspek* ingkang dipunbiji wonten ing *validasi media* wonten 9 indikator, inggih menika: 1) *Efektivitas teks*, 2) Trep pamilihipun gambar, 3) Trep pamilihipun warni, 4) Trep pamilihipun *background*, 5) Trep pamilihipun paraga, 6) *Keseimbangan*, 7) *Penekanan*, 8) *Kreatifitas*, saha 9) *Tampilan layout media*. Saking pambiji menika saged dipunmangertosi bilih *kualitas media* wonten ing *media* pasinaon menika kagolong *kriteria* sae. *Media* menika sampun jumbuh kaliyan *materi*, *kreatif*, narik kawigatosan, saha gampil dipunginakaken. Ateges *media* pasinaon menika sampun sae menawi dipunginakaken wonten pasinaon ing kelas.

Pambiji dening guru basa Jawi pikantuk 91,2%. Biji menika pikantuk saking pamanggih guru basa Jawi *tataran I* saha pamanggih guru basa Jawi

tataran II. Pamanggih guru basa Jawi *tataran* I pikantuk biji 84,4% saha wonten ing *tataran* II pikantuk biji 98%. Wonten 9 *indikator* ingkang dipunbiji inggih menika: 1) Jumbuhipun *materi media* kaliyan *kompentensi dasar*, 2) *Media* jumbuh kaliyan ancasipun pasinaon, 3) *Media* saged nuwuhaken *motivasi* ing salebeting pasinaon, 4) Cetha andharan *materi*, 5) Cetha anggenipun paring gladhen, 6) Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi, 7) Gampil anggenipun ngginakaken *media*, 8) *Tampilan layout*, saha 9) Trep *tataran* warni. Saking pambiji menika saged dipunmangertosi bilih *kualitas media* pasinaon kagolong *kriteria* ingkang sae sanget. *Media* pasinaon menika saged dipunginakaken kangge pasinaon saha saged kangge gladhen siswa babagan rantaman upacara tingkeban wonten ing kelas.

Adhedhasar andharan menika saged dipunmangertosi bilih pambijining *validasi kualitas materi* pikantuk 84,2%, pambijining *validasi kualitas media* pikantuk 78,9%, saha pambijining saking pamanggih guru basa Jawi pikantuk 91,2%. *Persentase rata-rata* pambiji *kualitas media* pasinaon ingkang pungkasan inggih menika 84,8% ingkang kalebet *kriteria* sae sanget. Asiling pambiji menika nedahaken bilih *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* menika saged kangge pasinaon basa Jawi wonten ing sekolah.

b. Asiling *Tampilan Pungkasan*

Asiling *tampilan pungkasan media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* jumbuh kaliyan pamrayogi saking *dosen pembimbing*, pamrayogi *dosen ahli*, saha pamanggih

guru basa Jawi. Pamrayogi saking *dosen pembimbing, dosen ahli*, saha guru basa Jawi menika dipunginakaken kangge mujudaken *kualitas* saking *media* pasinaon supados langkung sae saha *layak* dipunginakaken kangge pasinaon basa Jawi siswa kelas XII wonten ing sekolah.

Asiling *tampilan* pungkasan saking *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban menika saged dipunpirsani wonten ing *lampiran*. *Media* pasinaon ingkang dipundamel panaliti tamtu gadhah kaluwihan saha kakiranganipun. Kaluwihan saha kakiranganipun badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

Kaluwihan *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII inggih menika:

- 1) *Media* pasinaon menika saged narik kawigatosanipun siswa amargi warni, gambar, saha *background* ingkang laras.
- 2) *Media* pasinaon menika saged dipunginakaken tanpa ngginakaken *listrik*.
- 3) *Media* pasinaon saged dipunginakaken kangge pasinaon ingkang *mandiri*, saged dipunbeta wonten pundi kemawon boten winates papan saha wekdal.
- 4) *Media* pasinaon mawi *pendekatan saintifik* saged ndadosaken siswa langkung *aktif* jumbuh kaliyan *kurikulum* 2013 saha saged nuwuhaken *motivasi* siswa wonten ing salebeting pasinaon.
- 5) *Media* pasinaon gampilaken anggenipun siswa sinau amargi andharan *materi*ipun sampun cetha saha basa ingkang dipunginakaken *komunikatif*.
- 6) *Media* pasinaon sampun trep kaliyan *kompentensi dasar*.

- 7) *Media* pasinaon miturut asil saking pambiji *dosen ahli* tumrap *materi, media*, saha guru basa Jawi pikantuk biji 84,8% ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Pramila *media* pasinaon menika sampun *layak* dipunginakaken kangge pasinaon basa Jawi.

Kakirangan saking *media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* inggih menika:

- 1) *Media* pasinaon menika boten saged dipunginakaken kangge kelas ageng satemah siswa wonten kelas kedah dipundamel kelompok alit.
- 2) *Media* pasinaon menika mbetahaken wekdal ingkang dangu kangge damel amargi sasampunipun ngrantam *desain* salajengipun dipundamel mawi cara *manual* ndadosaken *media* menika kedah dipundamel kanthi tliti.
- 3) *Media* pasinaon menika langkung sae dipundamel kathah supados pasinaon saged langkung *efektif* malih. Saben siswa saged ngginakaken satunggal *media*, ananging mbetahaken wragad ingkang kathah kangge damel.
- 4) *Media* pasinaon menika kedah dipunrumat kanthi permati amargi *media* pasinaon menika awujud dlancang ingkang gampil risak. Satemah anggenipun mbikak ugi kedah ngatos-atos.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Panaliten ingkang dipuntindakaken inggih menika panaliten kanthi *metode Research and Development (R&D)*. Paneliten *Research and Development (R&D)* inggih menika panaliten ingkang ngginakaken *prosedur pengembangan* tartamtu ingkang saged dipuntanggèl-jawabaken. Wondene wonten ing panaliten ingkang dipunadani, *produk* ingkang dipundamel inggih menika *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik* kangge siswa kelas XII SMA N 1 Banguntapan. Adhedhasar saking panaliten saha pirembagan, saged dipunpendhet dudutan kados wonten ing ngandhap menika:

1. Caranipun damel *media* pasinaon ngginakaken *prosedur pengembangan prosedural* ingkang gadhah sekawan *tataran* inggih menika: (1) *Studi awal penelitian*: kantindakaken kanthi *analisis lapangan* saha *analisis kurikulum*. *Analisis lapangan* lapangan katindakaken kanthi cara mangertosi kabetahan guru saha siswa wonten ing sekolah. *Analisis kurikulum* katindakaken kanthi maos *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing sekolah. Asil saking *studi awal penelitian* nedahaken bilih dereng wonten *media* pasinaon nyamping wonten ing upacara tingkeban awujud *pop up book* kanthi *pendekatan saintifik*; (2) *desain*: katindakakaken kanthi ngginakaken *studi literatur* saha wawanpirembagan *ahli* minangka *narasumber*. Ingkang salajengipun dipundamel *flowchart* saha *story board*. Ancasipun kangge damel rantaman wosing *media* pasinaon; (3) *pengembangan*: *media* pasinaon menika dipundamel kanthi *teknik komputer* saha *teknik manual*. *Teknik*

komputer katindakaken nalika badhe damel *desain pop up* ngginakaken *corel draw X7*. Teknik *manual* katindakaken menawi ngrantam *layout media* pasinaon; (4) *validasi*: katindakaken kanthi nyuwun pambiji *materi* dening *dosen ahli*, pambiji *media* dening *dosen ahli*, saha pamanggih saking guru basa Jawi kanthi *revisi* sawetawis. Salajengipun katindakaken *evaluasi* kanthi ngetang asil saking sedaya biji *media* pasinaon. Asiling *rata-rata* biji pungkasan saking *media* pasinaon inggih menika 84,8% ingkang kalebet *kriteria* sae sanget. Ateges *media* pasinaon menika sampun *layak* dipunginakaken kangge pasinaon basa Jawi mliginipun wonten ing pasinaon upacara tingkeban.

2. *Media* pasinaon dipunsuwunaken *validasi* dening *dosen ahli* kangge pikantuk pasarujukan *layak* dipunginakaken. Pambiji saking *dosen ahli* tumrap *materi* wonten ing *media* pasinaon *tahap I* pikantuk biji *presentase* 77% ingkang kagolong sae, saha wonten ing *tahap II* pikantuk biji *presentase* 91,4% ingkang kagolong sae sanget. Salajengipun pambiji saking *dosen ahli* tumrap *kualitas media tahap I* pikantuk biji *presentase* 66,7% ingkang kagolong sae, saha wonten ing *tahap II* pikantuk biji *presentase* 91% ingkang kagolong sae sanget.
3. Pamanggih guru basa Jawi wonten ing *tahap I* pikantuk biji *presentase* 84,4%, ingkang kagolong sae sanget kanthi *revisi* sawetawis, saha wonten ing *tahap II* pikanatuk biji *presentase* 98% ingkang kagolong sae sanget.

B. Pamrayogi

Pamrayogi saking asiling *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel inggih menika:

1. *Media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik*, langkung sae bilih andharan *materi*ipun dipundamel langkung cekak oas, supados siswa boten *bosen* anggenipun maos.
2. *Media* pasinaon *pop up book* nyamping wonten ing upacara tingkeban mawi *pendekatan saintifik*, langkung sae menawi dipuncithak kathah, supados langkung *efektif* nalika dipunginakaken wonten ing piwulangan.
3. *Media* pasinaon menika langkung *efektif* dipunwucalaken kanthi kelompok alit. Satunggal buku dipunginakaken sekawan dumugi gangsal siswa.
4. *Media* pasinaon menika kedah dipunbikak kanthi ngatos-atos amargi dipundamel saking dlancang ingkang gampil rusak menawi kening toya.
5. *Media* pasinaon menika langkung sae menawi dipuntambah *materi* babagan pambada upacara tingkeban wonten ing antawisipun daerah sanes-sanesipun.

KAPUSTAKAN

A. PUSTAKA

- Arsyad, Azhar. 2011. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Condronogoro, Mari 2019. *Nyamping Batik dan Maknanya Dalam Upacara Mitoni*. Hasil wawancara: Selasa, 26 November 2019. Gedong kiwo, Mantrijeron, Yogyakarta.
- Condronogoro, Mari. 2010. *Memahami Busana Adat Kraton Yogyakarta Warisan Penuh Makna*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara.
- Daryanto. 2014. *Pendekatan Pembelajaran Saintifik Kurikulum 2013*. Yogyakarta: Penerbit Gava Media.
- Dinas Kebudayaan Yogyakarta. 2013. *Batik Yogyakarta*. Yogyakarta.
- Djoemena, S, Nian. 2000. *Lurik Garis-garis Bertuah*. Jakarta: Djambatan.
- Endah, Kuswa 2006. *Pranata Sosial Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Kustandi, Cecep & Sutjipto, Bambang. 2013. *Media Pembelajaran; Manual dan Digital Edisi Kedua*. Bogor: Ghalia Indonesia.
- Majid, Abdul. 2013. *Strategi Pembelajaran*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Musfiqon & Nurdyansyah. 2015. *Pendekatan Pembelajaran Saintifik*. Sidoarjo: Nizamia Learning Center.
- Nurhayati, Endang dkk. 2018. *Suplemen Pedoman Tugas Akhir TAS/TAKS/TABS*. Yogyakarta: UNY Pers.
- Prastowo, Andi. 2011. *Memahami Metode-metode Penelitian*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Pringgawidagda, Suwarna. 2003. *Upacara Tingkeban*. Yogyakarta: Adicita Karya Nusa
- Sadiman & Rahardjo & Haryono, Anung & Rahadjito. 2003. *Media Pendidikan: Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Putra, Nusa. 2015. *Research & Development Penelitian dan Pengembangan: Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Safairoh. 2016. *Pendekatan Saitifik dan Model Pembelajaran K-13*. Jurnal Pendidikan Profesional. 5. (120-122)

- Sarwono, Jonathan. 2006. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suryani, Nunuk & Setiawan Achmad & Putria Aditin. 2018. *Media Pembelajaran Inovatif dan Pengembangannya*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Umar, Husein & MBA. 2011. *Metode Penelitian untuk Skripsi dan Tesis Bisnis*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Wiyasa, Thomas. 2000. *Upacara Tradisional Masyarakat Jawa*. Jakarta : Pustaka Sinar Harapan.

B. Internet

- Andrianto, Bachtiar & Pangestuti, Endriana. 2019. *Pengembangan Pop Up Book Sebagai Media Promosi Destinasi Wisata Banyuwangi*. Jurnal Administrasi Bisnis Vol. 72. 2860-11361-1-PB.pdf (diakses pada 6 Februari 2020).
- Astuti, Riani. 2015. *Peningkatan Keterampilan Berbicara Menggunakan Media Pop Up Siswa Kelas Iii Sd Negeri Gembongan Kecamatan Sentolo Kabupaten Kulon Progo*. http://eprints.uny.ac.id/25513/1/Riani%20Astuti_11108244067.pdf (diakses pada 13 November 2019).
- Dzuanda. 2011. *Design Pop up Child Book Puppet Figures Series Gatotkaca*. Jurnal Library ITS Undergraduate. <http://library.its.undergraduate.ac.id> (diakses pada 5 Februari 2020).
- Em'a, Nausyad. 2016. *Keefektifan Media Pop Up Terhadap Pemahaman Konsep Hewan Dalam Pembelajaran IPA Pada Siswa Tunagrahita Kategori Sedang Kelas IV SDLB di SLB N 1 Sleman*. Jurnal Ilmiah Mahasiswa. <http://eprints.uny.ac.id/46821/> (diakses pada 6 Februari 2020)
- Mariana, Neni & Anies Luli. 2018. *Pengaruh Media Pop Up Book Terhadap Hasil Belajar Siswa Pada Mata Pelajaran Matematika Materi Bangun Datar Kelas IV SDN Wonoprintahan II Kecamatan Prambon*. Jurnal PGSD. Vol 06 No 09. <http://jurnal mahasiswa.unesa.ac.id/> (diakses pada 6 Februari 2020)
- Putri, Umi. 2016. *Motif Batik Pada Busana Pengantin Adat Yogyakarta*. https://scholar.google.co.id/scholar?hl=en&as_sdt=0%2C5&q=jurnal+umi+putri+yulyani&btnG=#d=gs_qabs&u=%23p%3D7zXfm5KlpTsJ. (diakses pada 13 November 2019)


- Setyawan, Desta, Usada & Mahfud Hasan. 2013. *Penerapan Media Pop Up Book Untuk Meningkatkan Ketrampilan Berbicara*. <https://jurnal.fkip.uns.ac.id/> (diakses pada 6 Februari 2020)
- Poerwadarminta. 1939. *Bausastra Jawa* #75 (Bagian 05: J). https://www.sastra.org/katalog/judul?ti_id=75 (diakses pada 5 April 2020)

LAMPIRAN

Lampiran 1
Kurikulum 2013 SMA Kelas XII

Kompetensi Inti	Kompetensi Dasar	Indikator
3. memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural berdasarkan rasa ingintahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.	3.3 Memahami prosesi upacara adat Jawa	3.3.1 Siswa dapat menjelaskan pengertian tingkeban dengan tepat. 3.3.2 Siswa dapat menguraikan prosesi dalam upacara tingkeban dengan tepat. 3.3.3 Siswa dapat menyebutkan makna simbolik motif kain batik dalam upacara tingkeban dengan tepat.

Lampiran 2
Flowchart Media Pasinaon Pop Up Book Makna Nyamping Wonten ing Upacara Tingkeban



Lampiran 3
STORY BOARD

Layer / Kaca	Komponen	Naskah
1	<i>Halaman Judul</i>	Makna Nyamping Wonten ing Upacara Tingkeban
2	<i>Kompetensi Dasar saha Indikator</i>	<i>Kompetensi Dasar : 3.3 Memahami prosesi upacara adat.</i> <i>Indikator : 3.3.1 Siswa dapat menjelaskan pengertian tingkeban dengan tepat.</i> <i>3.3.2 Siswa dapat menguraikan prosesi dalam upacara tingkeban dengan tepat.</i> <i>3.3.3 Siswa dapat menyebutkan makna simbolik motif kain batik dalam upacara tingkeban dengan tepat.</i>
3	<i>Mengamati</i>	<i>Disajikan gambar prosesi dari upacara tingkeban siswa diminta untuk membayangkan dan memahami gambar tersebut. Diantara banyaknya gambar prosesi upacara tingkeban, gambar salah satu prosesi pada upacara tingkeban yaitu gambar prosesi nyampingan akan ditampilkan lebih rinci, karena gambar tersebut akan dibahas lebih lanjut.</i>
4	<i>Menanya</i>	<i>Dari hasil pengamatan, disajikan beberapa pertanyaan, dan siswa diminta untuk mencari jawaban sementara.</i> 1. Menapa ingkang dipunwastani upacara tingkeban menika ? 2. Kadospundi tata upacara tingkeban menika ? 3. Menapa makna <i>simbolik</i> nyamping wonten ing upacara tingkeban menika ?

5-12	<i>Mencari Informasi</i>	a. Pangertosan tingkeban. 1) Upacara tingkeban dipuwastani ugi mitoni ingkang kapethik saking tembung pitu. Upacara tingkeban katindakaken rikala calon ibu nggarbini ingkang sepisan nalika yuswa kandhutanipun jangkep 7 wulan. Upacara tingkeban menika salah setunggaling tradisi masarakat Jawi ingkang ateges menawi pendhidikan menika boten namung nalika sampun diwasa kemawon, ananging rikala taksih dados jabang bayi kedah sampun pikantuk pendidikan. Miturut kapitadosan, jabang bayi ingkang jangkep 7 wulan sampun gadhah roh. Wonten ugi kapitadosan bilih angka 7 inggih menika angka sakral, saha sampurna ingkang badhe damel kasampurnan sanalika dipunginakaken (Wiyoso, 2000 : 27). 2) Dumadinipun upacara tingkeban kadadosan nalika jaman Kraton Kediri ingkang dipunprentah dening Raja Jayabaya. Wonten sawijining wanodya ingkang nami Niken Satingkeb, panjenenganipun kagungan garwa namipun Sadiyo sawijining punggawa kraton. Niken Satingkeb saha Sadiyo dipunparingi putra cacahipun 9 ananging boten wonten ingkang umuripun dangu, sasampunipun menika Niken Satingkeb sampun boten saged ngandhut malih. Wasana Niken Satingkeb saha kang garwa sowan dhateng Raja kangge nyuwun pitedah. Raja dhawuh marang Niken Satingkeb supados siram mawi toya suci ingkang siwuripun awujud bathok klapa, katindakaken saben dinten Tumpak (Rabu) saha Budha (Sabtu). Sasampunipun menika katuran ngangge rasukan ingkang resik saha ndhawahaken cengkir gadhing antawisipun padharan saha rasukan. Klapa menika dipungambari Dewa Wisnu saha Dewi Sri utawi Arjuna saha Subadra kanthi maksud putranipun saged miyos kanthi polatan ayu utawi bagus. Salajengipun padharanipun dipuntaleni mawi godhong tebu wulung tumuli dipunpagas mawi keris. Sasampunipun sedaya tata cara kantidakaken, Niken Satingkeb nggarbini saha kagungan putra kanthi slamet. Pramila dhateng putra wayahipun dipunsuwun kangge nindakaken tata upacara menika. Kangge ngemut prastawa menika, pramila dipunwastani tingkeban ingkang dipunpendhet saking nami Niken Satingkeb
------	--------------------------	---

		(Endah, 2003: 25-26). 3) Upacara tingkeban lumrahipun katindakaken dinten Rebu utawi Setu tanggal 14 saha 15 miturut tanggal wulan Jawi. Miturut kapitadosan supados jabang bayi ingkang miyos gadhah cahya ingkang cumlorot, saha dados putra ingkang pinter. 4) Wekdal kangge upacara tingkeban ingkang sae antawisipun tabuh 15.00-16.00. Miturut kapitadosan, wekdal menika para widadari nembe mandhap lajeng siram (Wiyoso, 2000 : 28). b. Lampahing upacara tingkeban Upacara tingkeban tamtu wonten tata upacaranipun, miturut lampahing upacara tingkeban kawiwitan kaliyan; a) Sungkeman – Ingkang nindakaken inggih menika calon ibu saha calon bapak. Ngaturaken sungkem, nyuwun pangapunten saha nyuwun donga pamuji miwah pangestu dhateng tiyang sepuh kekalih. b) Siraman – Kantindakaken dening para sesepuh cacahipun 7, kalebet rama saha ibu kaliyan calon ibu. Langkung prayogi ingkang nyirami inggih menika tiyang sepuh ingkang sampun gadhah wayah. c) Nyampingan – Nyampingan sampun kacawisaken werni 7 ingkang gadhah teges piyambak-piyambak. Saben ngangge nyamping lajeng pitaken dhateng ingkang rawuh “sampun pantes menapa dereng?” Lajeng ingkang rawuh mangsuli dereng. Wangsulan sampun pantes menawi sampun ngangge nyamping ingkang kaping 7. d) Luwaran – Padharanipun calon ibu dipuntangsuli janur kanthi longgar. Calon bapak ngasta keris kyai Brojol, salajengipun calon bapak magas janur kala wau ngginakaken keris. e) Brojolan – Pirantos cengkir gadhing cacah kalih ingkang sampun kagambari paraga wayang. Angemaning calon ibu dipunlonggari lajeng cengkir kalebetaken ing sangajenging jaja, lajeng kadhawahaken. f) Sade dhawet – Sade dhawet dipunbayar mawi kreweng (pecahan gendheng) ingkang samangke dipunlebetaken wonten ing kwali kaliyan lemah lempung,
--	--	---

		salajengipun dipunpecah wonten ing sangajengipun lawang, satemah putra ingkang badhe miyos saged pikantuk kathah rejeki (Wawanpirembagan kaliyan Condronegoro, 2019 saha Astuti, 2019: 43-44 saha Pringgawidagda, 2003: 32-38). c. Lampahing adicara nyamping 1) Saking mapinten-pinten tata upacara adicara tingkeban, ingkang badhe dipunandharaken langkung wiyar inggih menika lampahing adicara nyampingan, wonten ing adicara nyampingan sampun kacawisaken mapinten-pinten nyamping, ananging namung 7 jinis kemawon ingkang saged dipunpilih. Jinising nyamping kala wau gadhah teges piyambak-piyambak. ingkang baken sadaya cakrikipun anggar utawi saged dipunmaknani kanthi sae. 2) Tata cara ngginakaken 7 nyamping kala wau inggih menika kados mekaten (Pringgawidagda, 2003: 4) : a) Calon ibu ngginakaken busana dhasar inggih menika mori, kanthi jumeneng dipunseksi para rawuh (lumrahipun ibu-ibu). Mori dipunginakaken minangka dhasar saderengipun gantos nyamping. Mori ngandhut makna bilih sedaya solah bawa calon ibu tansah dipunlambari mawi tyas ingkang resik. Bilih samangke kulawarga menika mukti wibawa utawi gadhah kalenggahan, pramila tyasipun tetep resik, boten gumedhe saha tansah pepeling marang prentahipun Gusti. Sinaosa gesangipun prasaja kedah tansah taqwa dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Pethak kados warninipun mori ingkang dipunginakaken minangka dhasaring maneka warni nyamping dipunginakaken calon ibu. b) Ibu juru paningkeb ngginakaken nyamping setunggal baka setunggal dumugi 7 warni dhateng calon ibu. c) Saben setunggal warni, ibu juru paningkeb pitaken dhateng para rawuh. “Sampun pantes menapa dereng?” Para rawuh paring wangsulan, “dereng!”. Pitakenan menika dipuntindakaken dumugi nyamping ingkang kaping enem. Kangge nyamping ingkang kaping pitu dipunwangsul
--	--	---

		“sampun”. d) Nyamping ingkang dipunginakaken urut saking ingkang katon mrabawani dumugi ingkang prasaja, ananging saged ugi dipunurutaken saking cakrik sanesipun, ingkang wigati cacahipun 7 saha ingkang pungkasan mawi cakrik ingkang prasaja. Nyamping ingkang dipunpilih saking ingkang katon mrabawani dumugi ingkang prasaja, amargi kajengipun ing samangke saged trep kaliyan piwulang-piwulang Jawi, inggih menika andhap asoring manah. Adhedhasar wawanpirembagan saking Condronegoro 2019, “Sainggil-inggilipun menapa kemawon ingkang dipungayuh, andhap asoring manah saha prasaja menika kedah wonten, amargi menawi boten wonten sikap ingkang prasaja ndadosaken tiyang menika gumedhe saha kementhus”. Urutanipun nyamping kados makaten: Nyamping ing andhap punika ingkang saged kapilih kangge upacara tingkeban, antawisipun : 1. Sidaluhur  <i>Koleksi: Mari Condronegoro</i> Cakrik Sidoluhur : Adhedhasar wawanpirembagan kaliyan Condronegoro (2019) ngandharaken;
--	--	---

		1) Meru : <i>Simbol</i> Gunung Mahameru, inggih menika pralambang sumber gesanging manungsa. 2) Wit Hayat : <i>Simbol</i> saking wit surga inggih menika pralambang saking kaberkahan gesang. 3) Lar : <i>Simbol</i> saking perisai, awujud swiwi peksi gurda ingkang pralambang sipat tabah, kasekten saha kakiyatan. 4) Ronron : minangka pralambang saking <i>kesuburan</i> wonten ing gesang. 5) Bangunan : <i>Simbol</i> saking kalenggahan/ tahta ingkang inggil, pralambang derajat ingkang inggih, mulya, dipunkurmati kathah tiyang. 6) Peksi: minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil saengga paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget. 7) Isen-isèn wonten ing nyamping bathik Sidoluhur inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi <i>ornament</i> saha cakrik utawi ngisi <i>bidang</i> antawisipun cakrik saha <i>ornamen</i>. Isen-isènipun kados mekaten (Disbud Yogyakarta, 2013: 202) : ➤ Sawut inggih menika garis-garis alus ingkang sejajar rapet minangka isen-isèn gegodhongan, buntut peksi lan sapanunggalanipun. ➤ Cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi <i>bidang ornament</i>. Nyamping Sidoluhur katitik saking <i>ornamen</i> gurda ingkang andhapipun rata, kalebet cakrik <i>non geometris</i>. Kaliyan tembung “Sido” wonten ing bathik Sidoluhur menika gadhah teges inggil, wibawa, pangajeng-ajeng, kajengipun tiyang ingkang ginakaken samangke saged dados tiyang berbudi pakerti ingkang luhur saha tiyang ingkang sae (Disbud Yogyakarta, 2013: 202).
--	--	---

2. Sidoasih



Koleksi: Mari Condornegoro

Cakrik Sidoasih :

Adhedasar wawanrembag kaliyan Condornegoro (2019), ngandharaken;

- 1) Lar : *Simbol* saking perisai awujud swiwi peksi gurda pralambang sipat ingkang tabah, kasekten saha kakiyatan.
- 8) Meru : *Simbolik* Gunung Mahameru, inggih menika pralambang sumber gesanging manungsa.
- 2) Ronron : cakrik ronron inggih menika pralambang saking *kesuburan* wonten ing gesang.
- 9) Wit Hayat : *Simbol* saking wit surga utawi pagesangan langgeng ingkang kathah berkah.
- 10) Peksi: minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil saengga

		paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget. 11) Isen-isen wonten ing nyamping bathik Sidoasih inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi <i>ornament</i> saha cakrik utawi ngisi <i>bidang</i> antawisipun cakrik saha <i>ornament</i>. Isen-isenipun kados mekaten (Disbud Yogyakarta, 2013: 203) : ➤ Cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi <i>bidang ornament</i>. ➤ Ukel inggih menika <i>ornament</i> menapa dene <i>bidang</i> awujud 2 garis cendhek ingkang pucukipun mlengkung. Miturut wawanpirembagan kaliyan Condronegoro 2019, nyamping Sidoasih katitik saking cakrik wit hayat wonten ing antawisipun lar gurda. Bathik Sidhoasih kapethik kaliyan tembung “sido” ingkang ateges pangajeng-ajeng, wondene “asih” saged ateges raos tresna. Dados Sidoasih minangka pralambang gesanging manungsa ingkang kathah katresnan, saengga sinten ingkang ginakaken kajengipun dados tiyang ingkang gadhah raos katresnan marang tiyang sanes. 3. Sidamukti  <i>Koleksi: Mari Condronegoro</i> Cakrik Sidomukti :
--	--	---

		Adhedhasar wawanrembag kaliyan Condronegoro (2019), ngandharaken: 1) Gurda : Peksi Gurda inggih menika peksi ingkang ukuranipun ageng, pramila miturut kapitadosanipun tiyang Jawi, peksi menika ateges gahdha kalenggahan ingkang wigati saha inggil. 2) Ronron : cakrik ronron inggih menika pralambang kaliyan <i>kesuburan</i> 3) Peksi : minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil saengga paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget. 4) Kerang : Kerang menika gesangipun wonten ing samudra pralambang saking sipat ikhlasan, tabah saha narima menapa kemawon. 5) Bangunan : Pralambang kaliyan griya, katentreman, saha saged ngayomi kulawarganipun. 6) Peksi : minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil saengga paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget. 7) Isen-isèn wonten ing nyamping bathik Sidomukti inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi <i>ornament</i> saha cakrik utawi ngisi <i>bidang</i> antawisipun cakrik saha <i>ornament</i>. Isen-isènipun kados mekaten (Disbud Yogyakarta, 2013: 201) : ➤ Cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi <i>bidang ornament</i>. ➤ Sawut inggih menika garis-garis alus ingkang sejajar rapet minangka isen-isèn gegodhongan, buntut peksi lan sapanunggalanipun. Miturut wawanpirembagan kaliyan Condronegoro 2019, nyamping Sidomukti katitik saking
--	--	---

cakrik awujud kerang ingkang adep-adepan. “Sido” ateges pangajeng-ajeng. “Mukti” ateges kabagyan, dipunremeni tiyang sanes, saha boten kirang setunggal punapa, mujudaken pralambang panyuwunan dhateng Gusti Allah mugi putra ingkang kakandhut ing tembe saged dados tiyang ingkang mukti wibawa.

4. Semen Rama



Koleksi: Mari Condronegoro

Cakrik Semen Rama :

- 2) Gunung / meru dados *simbol* siti/ lemah papan panggenanipun sedaya manungsa saha sumber gesanging manungsa.
- 3) Candi tegesipun minangka papan kangge *meditasi* ancasipun kangge nggayuh kasampurnan gesang.
- 4) Ronron : cakrik ronron inggih menika pralambang kaliyan *kesuburan*
- 5) Wit Hayat : *Simbol* saking wit surga utawi pagesangan langgeng ingkang kathah berkah.
- 6) Pusaka : Lambang kasekten, kakiyatan saha kemakmuran.
- 7) Kapal : Minangka piranti transportasi ingkang wonten ing samudra, pralambang ikhas, saha narima menapa kemawon.
- 8) Gurda : Peksi Gurda inggih menika peksi ingkang ukuranipun ageng, pramila

		miturut kapitadosanipun tiyang Jawi, peksi menika ateges gadhah kalenggahan ingkang wigati saha inggil. 9) Peksi: minangka sato ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil saengga paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget. 10) Isen-isèn wonten ing nyamping bathik Sidomukti inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi <i>ornament</i> saha cakrik utawi ngisi <i>bidang</i> antawisipun cakrik saha <i>ornament</i>. Isen-isènipun kados mekaten (Disbud Yogyakarta, 2013:204) : ➤ Cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi <i>bidang ornament</i>. ➤ Sawut inggih menika garis-garis alus ingkang sejajar rapet minangka isen-isèn gegodhongan, buntut peksi lan sapanunggalanipun. ➤ Cecek pitu inggih menika gambar awujud cecek cacahipun 7, setunggal cecek wonten ing tengah saha dipunputeri cecek ingkang cacahipun 6. ➤ Tritis inggih menika gambar awujud pinggiran wuwungan/tendon toya. Miturut wawanpirembagan kaliyan Condrongoro 2019 nyamping Semen Rama katitik saking cakrik Lar Gurda ingkang gadhah cucuk. Tembung Semen ateges <i>kemakmuran, kesuburan</i>. Nama Semen Rama piyambak dipunpendhet saking piwulang Prabu Ramawijaya dhateng Raden Gunawan Wibisono nalika badhe nggentosi Raja wonten ing Ngalengka. Piwulangipun inggih menika “Hastha Brata” ingkang kedah dipuntindakaken dening sawijining calon pemimpin. Inggih ginakaken motif menika dipunkajengaken supados gesangipun bagyamulya, kagungan pangkat ingkang inggil, adil, saha berbudi luhur.
--	--	--

5. Parangkusuma



Koleksi: Mari Condronegoro

Cakrik Parangkusuma :

- 1) Cakrik menika kawastanan saking *unsur* parang, kembang saha mlinjon.
- 2) Cakrik kala wau kasusun miturut garis *diagonal*.
- 3) Cakrik parang posisinipun ungu-ungkurun kaliyan cakrik mlinjon ingkang wujudipun segi papat belah ketupat.
- 4) Wonten ing tengahipun parang wonten 2 kembang alit ingkang tajukipun wonten 3 ungu-ungkurun. Kembang minangka pralambang *bunga bangsa*.

Miturut wawanpirembagan kaliyan Condronegoro 2019. nyamping **Parangkusuma** katitik saking kembangan alit cacah 2 ingkang *tajuk*-ipun cacah 3 wonten ing saben parang. Tembung “**kusuma**” ingkang ateges kembang dipungayutaken kaliyan kembanging ratu. Pangertosan kembang sami kaliyan **kusuma** ingkang gadhah teges *generasi* enem dados *bunga harapan bangsa*/ kekajenganipun. Supados tiyang ingkang ngginakaken nyamping **Parangkusuma** menika dados tiyang ingkang lantip kados dene landheping parang saha saged dados kekajenganipun tiyang sepuhipun.

6. Udan Riris



Koleksi: Mari Condronegoro

Cakrik Udan Riris :

- 0) *Lidah api* gadhah teges kasekten saha *ambisi*.
- 1) Separo kawung gadhah teges mana kemawon ingkang tetep gadhah kagunan.
- 2) Banji cikal bakalipun kaliyan wujud swastika (Sansekerta) ingkang ateges kabagyan. kabegjan, kasarasan, saha kasembadan.
- 3) Mlinjon gadha teges salah setunggaling *unsur* pagesangan.
- 4) Tritis gadhah teges manah ingkang tabah
- 5) Ada-ada minangka *simbol* prakarsa saha kabecikan. (ing ngarsa sung tuladha)
- 6) untu walang gadhah teges gagayutan, rinaket, ginandgeng.

Nyamping **Udan Riris** katitik saking cakrikipun ingkang *bidang*-ipun *diagonal* kados udan grimis. Kanthi mekaten **Udan Riris** gadhah teges minangka kekajengan supados sinten kemawon ingkang ngginakaken saged slamet raharja, tabah, saha prihatin sinaoso wonten bebenduning gesang (Condronegoro, 2010: 57-58).

7. Sawat Manak



Koleksi: Mari Condronegoro

Cakrik Sawat Manak :

- 1) Sawat : Inggih menika swiwi ingkang cacahipun 2, pralambang kekiyatan
- 2) Wit Hayat : *Simbol* saking wit surga utawi pagesangan langgeng.
- 3) Meru : *Simbol* Gunung inggih menika pralambang sumber gesanging manungsa.
- 4) Kembang : Minangka *simbol* kaendahan saha gadhah makna ingkang sae.
- 5) Ronron: cakrik woh-wohan inggih menika pralambang saking *kesuburan*
- 6) Peksi : minangka kewan ingkang endah saha saged mabur kanthi inggil saengga paring pralambang kekajengan ingkang inggil sanget.
- 7) Isen-isen wonten ing nyamping bathik Sidomukti inggih menika titik-titik, kadadosan saking titik saha garis, garis-garis menika kangge ngisi *ornament* saha cakrik utawi ngisi *bidang* antawisipun cakrik saha *ornament*. Isen-

		isenipun kados mekaten: ➤ Cecek inggih menika titik-titik alit rapet saha wiyar ingkang ngisi <i>bidang ornament</i>. Miturut wawanpirembagan kaliyan Condronegoro 2019, nyamping Sawat Manak katitik saking cakrik awujud sawat ageng ingkang jejer kaliyan sawat alit. Tembung “sawat” ateges swiwi ingkang cacahipun 1, wondene “manak” menika tegesipun gadhah anak. Dados Sawat ingkang ageng menika ibaratipun ibunipun, wondene sawat ingkang alit menika ibarat putranipun, pralambang Ibu ingkang tresna marang putranipun, saengga tiyang ingkang ginakaken samangke dipunkajengaken gadhah raos tresna marang tiyang sepuhipun. 8. Cakar ayam  <i>Koleksi: Mari Condronegoro</i> Cakrik Cakar Ayam: 1) Kalebet golongan cakrik nitik awujud kothak ingkang kasusun miturut <i>bidang geometris</i>, dipunparingi kaendahan isen-isen ingkang awujud cecek-cecek. 2) Cakrik cakar ayam ingkang kawontenan saking 2 pasang cakar ayam mawi
--	--	--

		ukuran ingkang sami karantam sacara unkur-ungkuran. Pralambang supados rikala pados rejeki ingkang halal saged lancar. 3) Kembang randu, kembang pace, kembang kentang, inggih menika cakrik woh-wohan. tetuwuhan minangka pralambang <i>kesuburan</i> wonten ing gesang Nyamping Cakar Ayam katitik saking wujud cakar ayam ingkang wonten ing saben cakrik. Saengga bathik Cakar Ayam mujudaken pralambang kalancaran ing tembe anggenipun pados rejeki kados dene ayam ingkang pados pakan mawi cakaripun awit raos tanggel jawab tumrap pagesangan tumrap kulawarganipun (Yulyani, 2016: 9). 9. Grompol  <i>Koleksi: Mari Condronegoro</i> Cakrik Grompol 1) Cakrik kembang ingkang gadhah <i>tajuk</i> 4, putik 1 wonten ing tengahipun. Kembang minangka pralambang sipat gesang utawi saged ateges minangka <i>kasuburan</i> wonten ing gesang. 2) Putik ingkang wonten tengah kembang minangka lambang saking pusating gesang.
--	--	---

		• Cakrik wohipun ingkang dipunubengi dening 4 pasang cecek 3, minangka pralambang saking cikal bakal gesang ingkang kedah dipunjagi kawontenanipun. • Cakrik kothak ingkang pucukipun 8. Dipunmaksudaken bilih woh pangajeng ingkang dipunsimbolaken dening tetuwuhan menika gadhah woh pangajeng ingkang dipunubengi saha dipunjagani 8 dewa ingkang njageni <i>mata angin</i>. (Sabatari lumantar Yulyani, 2016: 8). Miturut wawanpirembagan kaliyan Condronegoro 2019, nyaming Grompol katitika saking cakrik ceplok. Tembung grempol gadhah teges dompol-grombol gadhah teges kempal manunggal. Mujudaken pralambang ingkang ginakaken nyamping menika ing tembe saged nyawiji kaliyan kulawarganipun, saha tansah linuberna karukunan, katentreman, saha kabagyan. 10. (Lurik) Tambar Pecah  <i>Gambar dening: Djoemena, 2000: 70</i>
--	--	---

		Cakrik Tambar Pecah : - Nyamping menika, dipunginakaken wonten ing pungkasan. Katitik saking cakrik ingkang arahipun <i>horizontal</i> saha <i>vertikal</i> utawi awujud kothak-kothak kados sarung. Tambar Pecah gadhah teges kajengipun saged miyosaken kanthi lancar, ibu saha putranipun wonten ing kadaan ingkang slamet raharja sarta miyosipun putra ing tembe badhe migunanai saha arum naminipun, dipunibarataken kaliyan gampilipun tiyang ingkang saweg mecah tumbar saha wanginipun tumbar. Miturut kapitadosan 2 pucuk nyamping menika boten pareng dipunjahit saderengipun putranipun saged micara, supados putranipun kalawau kaluwarna saking penyakit paningalan (Djoemena, 2000: 71).  <i>Gambar dening Djoemena, 2000: 70</i> - Selendang utawi Kemben Liwatan mawi pangajeng supados ibu saha putranipun kaluwarna saking piyawon saha penyakit. sasampunipun putranipun miyos selendang menika badhe dipunginakaken kangge nggendhong putranipun, sarta dipunginakaken kangge alas nalika sakit. (Djoemena, 2000: 71)
--	--	--

		 <i>Gambar dening Djoemena, 2000: 70</i> • Stagen Bangun Tulak, dipunginakaken minangka pangiket nyamping wonten ing padaran calon ibu minangka tolak bala (Djoemena, 2000: 71).  <i>Gambar dening Djoemena, 2000: 69</i> • Kemben Dringin, Supados wanita ingkang yuswa kandhutanipun sampun tua, dipunluwarna kaliyan nafsu birahi kangge kaslametanipun kandhutanipun (Djoemena, 2000: 71).
13	<i>Mencoba</i>	Cobi Gambar Nyamping ing andhap menika kajodhokaken kaliyan Namanipun ingkang Leres !  1.

		2.  3. 	
14.		4.  5.  6.  AMPLOP WANGSULAN	


		7.		
15.		8.		
		9.		
		10.		

		11. 
15-16	Mengkomunikasikan	Cobi dipunwangsul pitakenan wonten ing andhap menika ! 1. Menapa ingkang dipunwastani upacara tingkeban menika ? 2. Cobi sebutaken tata upacara adicara tingkeban ! 3. Pinten cacahipun nyamping ingkang saged kapilih lan kaginakaken wonten ing lampahing adicara nyampingan ? Cobi dipunsebutaken ! 4. Menapa maknaipun nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing pungkasan kedah ingkang prasaja ? 5. a) Menapa tegesipun kaliyan “Wit Hayat” wonten ing nyamping sido asih? b) Menapa tegesipun kaliyan kembangan alit wonten ing nyamping bathik parangkusuma ? c) Menapa tegesipun kaliyan kerang wonten ing nyamping bathik sidomukti ? d) Menapa tegesipun Gurda wonten ing nyamping bathik semen rama 6. Cobi panjenengan andharaken gayutipun cakrik saha makna ing kakandhut wonten ing nyamping bathik sawat manak ! 7. Menapa makna kaliyan nyamping Grompol menika ? Wangsulan : 1. Upacara tingkeban dipuwastani ugi tingkeban ingkang kapethik saking tembung pitu. Upacara tingkeban katindakaken rikala calon ibu nggarbini ingkang sepisan nalika yuswa kandhutanipun jangkep 7 wulan. 2. Upacara tingkeban tamtu wonten tata upacaranipun, miturut lampahing upacara tingkeban kawiwitan kaliyan; a) Sungkeman b) Siraman

		c) Nyampingan d) Luwaran e) Brojolan f) Dodolan dhawet 3. Cacahipun Nyamping wonten lampahing upacara nyampingan wonten 7, inggih menika Sidoluhur, Sidoasih, Sidomukti, Grompol, Semen Rama, Cakar Ayam, Tambar Pecah 4. Nyamping ingkang dipunpilih saking ingkang kadon murbawani dumugi ingkang prasaja, amargi kajengipun ing samangke saged trep kaliyan piwulang-piwulang Jawi inggih menika andhap asoring manah. Awit “Sainggilipun menapa kemawon ingkang dipungayuh, andhap asor saha prasaja menika kedah wonten, amargi menawi boten wonten sikap ingkang prasaja ndadosaken tiyang menika gumedhe saha kementhus.” 5. a) Wit Hayat <i>Simbol</i> saking wit surga utawi pagesangan langgeng ingkang kathah berkah. b) kembangan alit minangka pralambang kaliyan kembang <i>harapan</i>, supados dados <i>bunga bangsa</i>. c) Kerang minangka kewan wonten ing samudra ingkang gadhah sipat ikhlasan, tabah, narima. d) Gurda minangka peksi Gurda inggih menika peksi ingkang ukuranipun ageng, pramila miturut kapitadosanipun tiyang Jawi, peksi menika ateges gadhah kalenggahan ingkang wigati saha inggil. 6. Cakrik sawat manak awujud sawat ageng saha sawat alit tanpa buntut ingkang tansah jejeran, sawat ageng wujud saking ibu, sawat alit wujud saking putra, ateges pralambang katresnan ibu marang putranipun. 7. Tembung grompol gadhah teges dhompok-grombol gadhah teges kempalan bareng. Mujudaken pralambang ingkang ginakaken nyamping menika ing tembe saged nyawiji kaliyan kulawarganipun, saha tansah linuberna karukunan, katentreman, saha kabagyan.
--	--	---

18	<i>Profil</i>	<i>Profil</i> <i>Dosen Pembimbing</i> :Nurhidayati, S.Pd., M.Hum. NIP : 19780610 200112 2 002 Mahasiswa : Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa Kelas : PBD C 2016 NIM : 16205244003
19	<i>Kapustakan</i>	<i>Kapustakan</i> Condronegoro, Mari 2019. <i>Nyamping Batik dan Maknanya Dalam Upacara Mitoni</i>. Hasil Wawanpirembagan : Selasa, 26 November 2019. Gedong kiwo, Mantrijeron, Yogyakarta. Condronegoro, Mari. 2010. <i>Memahami Busana Adat Kraton Yogyakarta Warisan Penuh Makna</i>. Yogyakarta: Yayasan Pusataka Nusantara. Diktat Basa Jawa. 2019. <i>Sarita Basa Jawa Kelas XII Semester Gasal</i>. Yogyakarta Dinas Kebudayaan Yogyakarta. 2013. <i>Batik Yogyakarta</i>. Yogyakarta. Djoemena, S, Nian. 2000. <i>Lurik Garis-garis Bertuah</i>. Jakarta: Djambatan. Endah, Kuswa & Nurhidayati. 2003. <i>Diktat Telaah Pranata Sosial Jawa</i>. Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. Pringgawidagda, Suwarna. 2003. <i>Upacara Tingkeban</i>. Yogyakarta : PT Mitra Gama Widya. Putri, Umi. 2016. <i>Motif Batik Pada Busana Pengantin Adat Yogyakarta</i>. https://scholar.google.co.id/scholar?hl=en&as_sdt=0%2C5&q=jurnal+umi+putri+yulyani&btnG=#d=gs_qabs&u=%23p%3D7zXfm5KlpTsJ. (diakses pada 13 November 2019). Wiyasa, Thomas. 2000. <i>Upacara Tradisional Masyarakat Jawa</i>. Jakarta : Pustaka Sinar Harapan.

Lampiran 4
Tampilan Pungkasan Media Pasinaon



Cover Ngajeng



Kaca 1. Standar Kopetensi saha Daftar Isi



Kaca 2. Mengamati



Kaca 3. *Menanya*



Kaca 4. *Mengumpulkan Informasi (Pangertosan Tingkeban)*



Kaca 5. *Mengumpulkan Informasi (Lampahing adicara Tingkeban)*



Kaca 6. Lampahing adicara Nyampingan



Kaca 7. Jinising Bathik



Kaca 8. Jinising Bathik



Kaca 9. Jinising Bathik



Kaca 10. Jinising Bathik




Kaca 11. Jinising Bathik



Kaca 12. Lurik Tumbar Pecah




Kaca 13. Lampahan Adicara Tingkeban ingkang Salajengipun

Kaca 14. *Mencoba*



Kaca 15. Mengkomunikasikan



Kaca 16. Kunci Jawaban



Kaca 17. Profil saha Kapustakan



Cover wingking

Lampiran 5

Lembar *Validasi* dening *Dosen Ahli*

LEMBAR VALIDASI PENGEMBANGAN MEDIA PASINAON POP UP BOOK NYAMPING BATHIK WONTEN ING UPACARA TINGKEBAN DENING AHLI MATERI & MEDIA

Materi Pasinaon : Basa Jawi
 Irah-irahan : Media Pasinaon Pop Up Book Nyamping Bathik wonten ing
 Upacara Tingkeban mawi Pendekatan Saintifik
 Sasaran : Siswa Kelas XII SMA
 Pangripta : Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa
 Ahli Materi & Media : *Prof. Dr. Sunbina Sanjaya, MPA*
 Tanggal : *24 Februari 2020*
 Pitedah

- 1) Lembar *evaluasi* menika dipunisi dening *dosen ahli media* kanthi nyukani tandha centang (✓) wonten ing *papan (kolom)* ingkang sampun cumawis. Wondene *kategorinipun* kados mekuten 1) SS (Sae Sanget), 2) S (Sae), 3) C (Cekap), 4) K (Kirang), 5) KS (Kirang Sanget).
- 2) Menawi badhe badhe paring pamrayogi saged dipunscrat wonten ing *papan* ingkang sampun cumawis.

A. Angket Pambijining Babagan Materi Media

No.	Wedharan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	Kualitas anggenipun paring panjurung siswa		✓			
2.	Materinipun trep kaliyan Kompetensi		✓			
3.	Runtutipun andharan materi			✓		
4.	Nggampilaken sinau		✓			
5.	Trep ungenipun ngginakaken basa		✓			
6.	Trep anggenipun ngginakaken ejaan		✓			
7.	Saranu pasinaon kanthi mandiri		✓			

B. Angket Pambijining Babagan Layout Media

No.	Wedharan	Wangsufan				
		SS	S	C	K	KS
1.	Evektivitas teks		✓			
2.	Trep pamilihhipun gambar				✓	
3.	Trep pamilihhipun warni			✓		
4.	Trep pamilihhipun background			✓		
5.	Trep kaliyan paraganipun			✓		
6.	Keseimbangan		✓			
7.	Penekanan		✓			
8.	Kreatifitas		✓			
9.	Tampilan layout media			✓		

C. Pamrayogi

1. Semaihan gambar dewan acara.
2. Bismar Yogyakarta bukan saja

D. Dudutan

Media menika:

- a) Layak uji coba kanthi boten revisi.
- b) Layak uji coba kanthi revisi ingkang jumbuh kaliyan pamrayogi.
- c) Dereng layak uji.

Yogyakarta, 24-2-2021

Validator



NIP. 19640201198011001

LEMBAR VALIDASI PENGEMBANGAN MEDIA PASINAON POP UP BOOK NYAMPING
BATHIK WONTEN ING UPACARA TINGKEBAN DENING AHLI MATERI & MEDIA

Materi Pasinaon : Basa Jawi
 Irarah-irahan : Media Pasinaon Pop Up Book Nyamping Bathik wonten ing
 Upacara Tingkeban mawi Pendekatan Saintifik
 Sasaran : Siswa Kelas XII SMA
 Pangripta : Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa
 Ahli Materi & Media : Prof. Dr. Sutarna Daryamono, N.P.R.
 Tanggal : 6 Maret 2020

Pitedah

- 1) Lembar evaluasi menika dipunisi dening dosen ahli media kanthi nyukani tandha centang (✓) wonten ing papan (kolom) ingkang sampun cumawis. Wondene kategoripun kados mekaten 1) SS (Sae Sanget), 2) S (Sae), 3) C (Cekap), 4) K (Kirang), 5) KS (Kirang Sanget).
- 2) Menawi badhe badhe paring pamrayogi saged dipuuserat wonten ing papan ingkang sampun cumawis.

A. Angket Pambijining Babagan Materi Media

No.	Wedharan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	Kualitas anggenipun paring panjurung siswa	✓				
2.	Materipun trep kaliyan Kompetensi	✓				
3.	Runtutipun andharan materi	✓				
4.	Nggampilaken sinau		✓			
5.	Trep anggenipun ngginakaken basa		✓			
6.	Trep anggenipun ngginakaken ejaan		✓			
7.	Sarana pasinaon kanthi mandiri	✓				

B. Angket Pambijining Babagan Layout Media

No.	Wedharan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	Evektifitas teks	✓				
2.	Trep pamilihipun gambar	✓				
3.	Trep pamilihipun warni	✓				
4.	Trep pamilihipun background		✓			
5.	Trep kaliyan paraganipun	✓				
6.	Keseimbangan		✓			
7.	Penekanan		✓			
8.	Kreatifitas		✓			
9.	Tampilan layout media	✓				

C. Pamrayogi

gampang melacak - hapus revisi. Lamenika
gampang nyekapi.

D. Dudutan

Media menika:

- a) Layak uji coba kanthi boten revisi.
- b) Layak uji coba kanthi revisi ingkang jumbuh kaliyan pamrayogi.
- c) Dereng layak uji.

Yogyakarta, 6-3-2020

Validator

Prof. Dr. Sutrisno, DN, MPA

NIP. 19690201 19812 1001

Lampiran 6

Lampiran Pambiji dening Guru Basa Jawi

LEMBAR EVALUASI PENGEMBANGAN MEDIA PASINAON POP UP BOOK DENING GURU BASA JAWI

Materi Pasinaon : Basa Jawi
 Irah-irahan : *Media Pasinaon Pop Up Book Nyamping Bathik wonten ing Upacara Tingkeban mawi Pendekatan Saintifik*
 Sasaran : Siswa Kelas XII SMA
 Pangripta : Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa
 Ahli Media : *Dwi Rati Rospangsih, S.S*
 Tanggal : 10 Maret 2020

Pitedah

- 1) *Lembar evaluasi* menika dipunisi dening *dosen ahli media* kanthi nyukani tandha centang (✓) wonten ing *papan (kolom)* ingkang sampun cumawis. Wondene *kategorinipun* kados mekaten 1) SS (Sae Sanget), 2) S (Sae), 3) C (Cekap), 4) K (Kirang), 5) KS (Kirang Sanget).
- 2) Menawi badhe badhe paring pamrayogi saged dipunserat wonten ing *papan* ingkang sampun cumawis.

A. Validasi Kualitas Media Pasinaon dening Guru Basa Jawi

No.	Wedharan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	<i>Jumbuhipun materi media kaliyan kompetensi dasar</i>	✓				
2.	<i>Media jumbuh kaliyan ancasing pasinaon</i>	✓				
3.	<i>Media saged nuwuhaken motivasi ing salebeting pasinaon</i>		✓			
4.	<i>Cethanipun andharan materi</i>		✓			
5.	<i>Cetha anggenipun maringi gladhen</i>		✓			
6.	<i>Basa ingkang dipunginakaken gampil</i>		✓			

	dipunmangertosi					
7.	Gampil anggenipun ngginakaken media		✓			
8.	Tampilan layout		✓			
9.	Trepipun tataran warni		✓			

B. Pamrayogi

- ✓ Dipuntambahi katrangan babagan perangan mabf botik.
- ✓ Dipuntambahi urutan up. tingkeban sasampunipun nyampungan supados bisaa saged lempit anggenipun sinaw

C. Dudutan

Media menika:

- a) Media menika saged dipunginakaken kangge piwulangan mata pelajaran basa jawi kanthi materi upacara adat tingkeban.
- b) Media menika boten saged dipunginakaken kangge piwulangan mata pelajaran basa jawi kanthi materi upacara adat tingkeban.

Bantul, 10 Maret 2020

(Signature)

Dari Puhi Praptiningih, S.S

NIP. 198502202010012010

LEMBAR EVALUASI PENGEMBANGAN MEDIA PASINAON POP UP BOOK

DENING GURU BASA JAWI

Materi Pasinaon : Basa Jawi
 Irah-irahan : Media Pasinaon Pop Up Book Nyamping Bathik wonten ing
 Upacuru Tingkeban mawi Pendekatan Saintifik
 Sasaran : Siswa Kelas XII SMA
 Pangripta : Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa
 Guru Basa Jawi : Dwi Putri Proptiningsih, S. S
 Tanggal : 16 Maret 2020

Pitedah

- 1) Lembar evaluasi menika dipunisi dening dosen ahli media kanthi nyukani tandha centang (✓) wonten ing papan (kolom) ingkang sampun cumawis. Wondene kategorinipun kados mekaten 1) SS (Sae Sanget), 2) S (Sae), 3) C (Cekap), 4) K (Kirang), 5) KS (Kirang Sanget).
- 2) Menawi badhe badhe paring pamrayogi saged dipunserat wonten ing papan ingkang sampun cumawis.

A. Validasi Kualitas Media Pasinaon dening Guru Basa Jawi

No.	Wedharan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	Jumbuhipun materi media kaliyan kompetensi dasar	✓				
2.	Media jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	✓				
3.	Media saged nuwuhaken motivasi ing salabeting pasinaon	✓				
4.	Cethanipun andharan materi	✓				
5.	Cetha anggenipun maringi gladhen	✓				
6.	Basa ingkang dipunginakaken gampil	✓				

	dipunmangertosi					
7.	Gampil anggenipun ngginakaken media		✓			
8.	Tampilan layout	✓				
9.	Trepipun tataran warni	✓				

B. Pamrayogi

Media saged dipunakaken kangge pambejaran, lan
saged kangge nglatih gladihen karsasasan botagow
rantaman upacara tingkeban.

C. Dudutan

Media menika:

- Media menika saged dipunginakaken kangge piwulangan mata pelajaran basa jawi kanthi materi upacara adat tingkeban.
- Media menika boten saged dipunginakaken kangge piwulangan mata pelajaran basa jawi kanthi materi upacara adat tingkeban.

Bantul, 16 Maret 2010

Desi Putri

Desi Putri Praptaningih, S.S

NIP. 19850220 20001 2010

Lampiran 7

Serat Izin Panaliten

	KEMENTERIAN RISET, TEKNOLOGI, DAN PENDIDIKAN TINGGI UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA FAKULTAS BAHASA DAN SENI Alamat : Jalan Colombo Nomor 1 Yogyakarta 55281 Telepon (0274) 550843, (0274) 546719, Fax (0274) 548207 Laman: fbs.uny.ac.id E-mail: fbs@uny.ac.id, humas_fbs@uny.ac.id	
	Nomor : 1301/UN34.12/PP/Pcn/2019 Lamp. : 1 Bendel Proposal Hal : Izin Penelitian	28 November 2019
	Yth. : Ibu Mari Condronegoro Gedung Kiwo, Mantrijeron, Yogyakarta	

Kami sampaikan dengan hormat, bahwa mahasiswa tersebut di bawah ini:

Nama	: Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa
NIM	: 16205244003
Program Studi	: Pend. Bahasa Daerah (Jawa) - S1
Tujuan	: Memohon izin mencari data untuk penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)
Judul Tugas Akhir	: Media Pusnion Pop Up Book Nyamping Bathik wonten ing Upacara Mitoni
Waktu Penelitian	: 26 November - 7 Desember 2019

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon dengan hormat Bapak/Ibu berkenan memberi izin dan bantuan seperlunya.

Demikian atas perhatian dan kerjasamanya kami sampaikan terima kasih.



Tembusan : 1. Sub. Bagian Pendidikan dan Kemahasiswaan ; 2. Mahasiswa yang bersangkutan.	Dr. Drs. Maman Suryaman, M.Pd. NIP 19670204 199203 1 002
--	---



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI

Alamat : Jalan Colombo Nomor 1 Yogyakarta 55281
Telepon +62274-596168; Psw. 214; Fax. +62274-548267
Laman: fos.uny.ac.id

Nomor : 1471/UN34.12/PP/PPen/2020
Lampiran : 1 bendel proposal
Hal : Izin Penelitian

25 Februari 2020

Yth. Kepala SMA N 1 Banguntapan

Kami sampaikan dengan hormat, bahwa mahasiswa tersebut di bawah ini:

Nama : Maria Yosephine Alam Pagi Yuliansa
NIM : 16205244003
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni
Program Studi : Pend. Bahasa Jawa - SI
Keperluan : Memohon izin mencari data untuk penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)
Judul Tugas Akhir : Dandel Media Pasinaon Pop Up Book Nyamping Bathi wonten ing
Upacara Tingkeban mawi Pendekatan Saintifik Kangge Siswa Kelas XII
SMA
Lokasi : SMA N 1 Banguntapan
Waktu Penelitian : 27 Februari - 27 Maret 2020

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon dengan hormat Bapak/Ibu berkenan memberi izin dan bantuan seperlunya.
Atas izin dan bantuannya diucapkan terima kasih.



Dekan Bidang Akademik
Fakultas Bahasa dan Seni

Dr. Drs. Murni Suryaman, M.Pd.
NIP. 19670204 199203 1 002

Tembusan:

1. Mahasiswa yang bersangkutan

Lampiran 8
Pandom Wawanpirembagan

ASILING WAWANPIREMBAGAN

Narasumber : Mari Condronegoro

Tanggal : 26 November 2019

Wanci Tabuh : 10.00 – 11.30 WIB

Alamat : Gedong kiwo, Mantrijeron, Yogyakarta.

- 1. Menapa kemawon jinis nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing upacara tingkeban menika ?**

Wangsulan: Jenis nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing adicara tingkeban menika batik angsar. Bathik angsar inggih menika bathik ingkang gadhah makna ingkang sae, kados dene batik ingkang namanipun ngangge sido. Sidoluhur, sidoasih, sidomukti, sidomulya, grompol, wahyu tumurun, sinasa wahyu tumurun menika saking Solo, nalika Ibu Tien ingkang saking Solo lajeng Pak Harto saking Jogja lajeng wahyu tumurun dipunbabar Jogja.

- 2. Kados pundi tata urut lampahipun adicara tingkeban ingkang leres menika ?**

Wangsulan: Uratanipun tingkeban menika *simpel kok*, menawi pakemipun saking Kraton Ngayogyakarta namung wonten sungkeman, siraman, pagas janur, nyampingan, brojolan, lajeng minangka tambahan wonten dodol dawet, menika ingkang wajibipun, menawi wonten sanesipun menik namung tambahan mawon.

3. Menapa kemawon nyamping ingkang dipunginakaken wonten ing adicara nyampingan ?

Wangsulan: Wonten enem bathik lajeng ingkang kaping pitu menika lurik. Bathik ingkang saged dipunangge menika sido-sido, semen rama, parang kusuma, udan liris, cakar ayam, grompol, ingkang pungkasan menika saged ngangge lurik pecah tumber kaliyan dringin. Wonten malih namanipun sawat manak, nyampingipun katitik saking *motif* ingkang awujud sawat ageng, jejer kaliyan sawat alit. Tembung “sawat” ateges swiwi ingkang cacahipun 1, wondene “manak” menika tegesipun gadhah anak. Dados Sawat ingkang ageng menika ibaratipun ibunipun, wondene sawat ingkang alit menika ibarat putranipun, pralambang Ibu ingkang tresna marang putranipun, saengga tiyang ingkang ginakaken samangke dipunkajengaken gadhah raos tresna marang tiyang sepuhipun. Menawi siraman adat Jogja ngangge mori, menawi Solo ngangge jumputan. Nyampingipun wonten 7 amargi menawi tiyang jawi menika pitu ateges pitulungan, supados pikantuk pitulang saking Inggil Maha Kuwaos, supados nalika lairan saged lancar, nggih namung mekaten.

4. Menapa leres anggenipun ngangge nyamping menika saking ingkang mewah dumugi ingkang prasaja ?

Wangsulan: Inggih *mewahipun* menika saking bathik-bathikipun lajeng prasajanipun menika saking lurik ingkang pungkasan. Nyamping ingkang dipunpilih saking ingkang *katon mrabawani* dumugi ingkang prasaja, amargi kajengipun ing samangke saged trep kaliyan piwulang-piwulang Jawi, inggih menika andhap asoring manah. Awit sainggil-inggilipun menapa kemawon

ingkang dipungayuh, andhap asoring manah saha prasaja menika kedah wonten, amargi menawi boten wonten sikap ingkang prasaja ndadosaken tiyang menika gumedhe saha kementhus.

5. Menapa makna *simbolik* ingkang wonten ing saben jinising nyamping menika ?

Wangsulan: Menawi sida-sida menika langkung dhateng pangajeng-ajeng, kados dene sida mukti, supados putranipun menika saged mukti, menawi Jogja bathik ingkang sida-sida menika kalebet semen, menawi Solo menika mangkih dawahipun kothak-kothak. Menawi badhe dipunpadosi saben *ormanenipun* mangkih mlebetipun wonten bathik semen mawon. Gunung / meru dados *simbol* siti/ lemah papan panggenanipun sedaya manungsa saha sumber gesanging manungsa. Candi tegesipun kangge nggayuh kasampurnan gesang papan kangge mertapa, ronron pralambang kaliyan *kesuburan*, Wit Hayat menika dipunarani wit surga utawi pagesangan langgeng ingkang kathah berkah, kapal *simbol* makhluk ingkang gesangipun wonten ing samudra, pralambang ikhas, saha narima menapa kemawon, gurda peksi gurda inggih menika peksi ingkang ukuranipun ageng, pramila miturut kapitadosanipun tiyang Jawi, peksi menika ateges gahdha kalenggahan ingkang wigati saha inggil, lar awujud swiwi peksi gurda pralambang sipat ingkang tabah, kasekten saha kakiyatan.

6. Kenging menapa dipunarani bathik semen rama ?

Wangsulan: Nyamping Semen Rama menika katitik saking lar gurdha ingkang gadhah cucuk. Tembung Semen ateges *kemakmuran, kesuburan*. Nama Semen Rama piyambak dipunpendhet saking piwulang Prabu Ramawijaya dhateng Raden Gunawan Wibisono nalika badhe nggentosi Raja wonten ing Ngalengka. Piwulangipun inggih menika “Hastha Brata” ingkang kedah dipuntindakaken dening sawijining calon pemimpin. Ingkang ginakaken motif menika dipunkajengaken supados gesangipun bagyamulya, kagungan pangkat ingkang inggil, adil, saha berbudi luhur.

7. Menapa makna ingkang kakadut wonten ing bathik grompol ?

Wangsulan: Nyaming Grompol katitik saking *motif* ceplok. Tembung grompol gadhah teges dhompol-nggrombol, ingkang gadhah teges kempal manunggal. Mujudaken pralambang ingkang ginakaken nyamping menika ing tembe saged nyawiji kaliyan kulawarganipun, saha tansah linuberna karukunan, katentreman, saha kabagyan.

8. Menapa makna *simbolik* saking bathik cakar ayam ?

Wangsulan: Cakar ayam menika bathikipun wonten wujud cakar ayam. Saengga bathik cakar ayam mujudaken pralambang kalancaran ing tembe anggenipun pados rejeki kados dene ayam ingkang pados pakan mawi *motif* pun awit raos tanggel jawab tumrap pagesangan tumrap kulawarganipun

9. Menapa saged dipunarani bathik parangkusuma ? Menapa cirinipun ?

Wangsulan: Tembung “kusuma” ingkang ateges kembang dipungayutaken kaliyan kembang ratu. Dadosipun pangertosan kembang sami kaliyan kusuma ingkang gadhah teges *generasi* enem dados *bunga harapan bangsa/*

kekajenganipun. Wonten ing bathik parangkusuma menika menawi dipuntingali wonten kembanganipun alit-alit.

10. Menapa ingkang dados pambeda saking bathik sidoluhur, sidomukti, saha sidoasih ?

Wangsulan: Nyamping sidomukti katitik saking *motif* awujud kerang ingkang adhep-adhepan, nyamping sidoasih katitik saking *motif* wit hayat wonten ing antawisipun lar gurda, menawi nyamping sidoluhur katitik saking *ornamen* gurda ingkang andhapipun rata, kalebet *motif non geometri*

SURAT KETERANGAN

Yang bertanda tangan di bawah ini :

Nama : M. Cendekawati
 Umur : 66 tahun
 Alamat : Grogol, Madijara, Yogyakarta
 Pekerjaan/ Profesi : Pustakawan

menerangkan bahwa mahasiswa berikut ini :


Nama : Maria Yosephine Alam Pagi Yuliarsa
 NIM : 16205244003
 Jurusan/Prodi : Pend. Bahasa Daerah/ Pend. Bahasa Jawa
 Fakultas : Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Benar-benar melakukan kegiatan wawancara secara langsung guna penyusunan skripsi yang berjudul "Damel Media Pasiaon Pop Up Book Nyamping Bathik wonten ing Upacara Mitoni mawi Pendekatan Saintifik Kangge Siswa SMA Kelas XII"

Demikian surat keterangan ini dibuat agar bisa digunakan sebagaimana mestinya.

Yogyakarta, 26 November 2019


 (..... M. Cendekawati)
 (.....)

Lampiran 9
Dokumentasi

